12+

5

2017





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Зам. гл. редактора, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2017

# МАХ ДУГ

**5**

**2017**

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Сæйраг редакторы хæдивæг, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2017

## НОМЫРЫ ИС:

### БИЦЪОТЫ ГРИШ: 85 АЗЫ

*БИЦЪОТЫ ГРИШ.* **Уæ рынтæ бахæрон.** Радзырд 6

### ГАДЖИТЫ ГЕОРГИ: 85 АЗЫ

*ГАДЖИТЫ ГЕОРГИ.* **Рæстæг – хосгæнæг.** Æмдзæвгæтæ 15

*АГЪНАТЫ Гæстæн.* **Æмфæндаггонтæ.** Роман. Кæрон 21

*КЪИБИРТИ Амурхан.* **Кæнæн тох, кæнæн догъ...** Æмдзæвгитæ 94

### НОГ ТÆЛМАЦТÆ

*Астрид КОЛЬМАЙЕР.* **Æмдзæвгæтæ** 105

### АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

**Уæйыджы лымæн ус.** Аргъау 110

### «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 122

### ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

**Ирыстоны историйы уавæры æмæ йæ ныффыссыны хæсты тыххæй** 133

*АНВАРАТЫ В.* **Сыгъдæгзæрдæйæ фæлæггад кодта Ирон театрæн.** Уац 140

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы*

# БИЦЪОТЫ ГРИШ: 85 АЗЫ



*БИЦЪОТЫ Гриш*

# УÆ РЫНТÆ БАХÆРОН

*Радзырд*

Сомы уын нæ кæнын, ард уын нæ хæрын, фæлæ æз хъæуыхицауæй куы уаин, уæд дондзон къуранттæм сылгоймæгты æмгæрон нал бауадзин. Нæ чызджытæй нæ сæртæ бæрзонд хæссæм. Кæцыйæ сæ цы загъдæуа – хуртæ 'мæ сæ мæйтæ кæсынц, сæ мидбылты худт – сæуæхсидæй рæсугъддæр. Сæ курджытæ – бæркадкъух æфсины уазджытæй арæхдæр. Нæ чызджытæ кæуылты ауайой, уым дидинджытæ зайы.

Афтæ, афтæ æнæмæнг!

О, сылгоймæгты кой уын кодтон. Иу ран бадзыгуыр сты, зæгъгæ, уæд уый зон, æмæ Чызнал сæ тæккæ бæрæгастæу кæй фегуырд. Мыдыбындзытæ дидинæгмæ куыд æмхиц сты, зæгъин, æмæ мын уый тæригъæд ныхас уаид. Чызнал йæ нудæсæм уалдзæджы куы бацыд, уæддæр, дам, нæ уыд дидинæгдзаст. Цæвиттон, иуæй-иуæн алы бон йæ къамтæ кулдуæрттыл куы фæныхасай, уæддæр ыл цæст нæ сахуыр уыдзæн. Чызналыл иунæг хатт амбæл, уыййеддæмæ дæ хъуыдыты рæбинаг бауыдзæн. Цымæ азтæй та цал батыдта, зæгъгæ йыл иуырдæм-иннæрдæм дæ цæст куы ахæссай, уæд дæм афтæ фæкæсдзæн, цыма йын бæлвырд кар нæй. Дæ уæлхъус куыд алæудзæн, уый нæ бамбардзынæ.

Цалынмæ фемдзаст уат, уæдмæ дæ нæ

ныууадздзæн. Йæ цæстæнгас дæ топпынæмыгау иннæрдæм ахиздзæн. Мæстджын уай, искæмæ хæрзæггурæггаг тындзай, – умæн хъауджыдæр нæу – æфсон ын фæуæд æрмæстдæр. Февналдзæн йæ «хотыхмæ», дзырд дзырдыл æппардзæн, дзырд дзырдыл æфтаудзæн, бæндæнтæ сæ бийдзæн, тухдзæн æмæ дыл сæ тухдзæн. Уæд дæ царды бонтæй иу ахахх кæн. Улæфт дæм нал уыдзæн, æмæ дæм райгуырдзæн, амæй стырдæр нæй, зæгъгæ, ахæм бæллиц: тæхуды, уыцы бæндæнæн йæ кæроныл фæхæст у æмæ йæ куырмæлхынцъ акæн!

Куырой баривæд вæййы, дон йæ цæуынæй банцайы, уæддæр Чызналы дзуринæгты гуырæн нæ сысы. Йæ уд, йæ дзæцц – искæдæмыты ауайын. Абон йæ балцæй фездæхт, зæгъгæ, – райсом æм æндæр кой нал вæййы.

Хабæрттæ мыл уыцы тæвдæй, уыцы итувæрдæй сæмбæлынц. Не ‘фсины руаджы. Нæ хæдзарæй зæрдæрухсæй ацæуы, фæстæмæ уыцы ифтыгъдæй фæзыны. Ацы ран Сем уæвыны сæр ницæмæн хъæуы, ме ‘уæны кæсæгау æй бамбарын: Чызналы хызы та бахаудта, кæмдæр та кæйдæр чындз йе ‘фсины, тасы зæрондау, цармæ сæппæрста. Уæд ма дын æм æз ме ‘ргом здахын, нынныгъуылын, мæнæй æнæвдæлондæр нал вæййы. Уый мыл куы иуырдæм ахафы йæхи, куы иннæрдæм. Умæй уæлдай йæм хъусдарæг нæй – йæхи нал бауромы, йе ‘взаг сæрдасæн фесты. Ахæм рæстæг æм смæсты дæ – арт дыл суадздзæн. Уый бæсты бавдæл æмæ йын йæ дæрзæг, уазал дзырдтæ нæрвы æрнæм...

Нæ лæппуйæн хъуыддаг кæндзыстæм, æмæ нæ зæронд чысыл ницы дæр йæ зæрдæмæ хæссы. Чындзæхсæвмæ æнхъæлмæ кæсын амондмæ æнхъæлмæгæсæгау у. Амæй карздæр нæй, зæгъгæ, ахæм нуæзтытæ баныгæнынц, амæй нарддæр нæй, зæгъгæ, ахæм кусæрттæгтæ банывонд кæнынц æмæ сулæфынц, ома кастаг ницæмæуал у. Цæуылнæ, уый дæр, чи ‘мбæлы, ахæм хабар у. Фæлæ чындзæхсæвæн сæйрагдæр ныфс хъæуы. Ныккæс дæ зæрдæмæ – цин дзы хъуамæ цæджджинагау фыца. Уыцы бон дзыхы ныхас хъуамæ зæрдæйы бынæй цæуа. Кæд æгас дзыллæтæн иу лæджы хуызæн дæ цæстæнгасы рухсæй «еблуагъæ» зæгъын бафæраздзынæ, уæд фæстæмæ кæсгæ нал у.

Бахатыр кæнут, афтæтæ-иу бæргæ нæ уыдтæн... Фæзæронд дæн... Мæ зæрдæ æрбауынгæг. Уæ фарн бирæ, фæлæ... Æртæ фырты нын рацыд. Æртæ амонды, æртæ хуры. Хистæр мын денджызы хъæбысы, кæсагау, хъазыд – наутæрæг уыди. Астæуккаг

мын уæйгуытимæ лæгæй-лæгмæ хæцыд, йе уæнгты не стыр фыдæлты хъару æнкъардта – танкыл сбадти... Уæртæ хъæугæрон уæлмæрды – сæ афтид ингæнтæ. Куыд сыл æрæппарон мæ цæссыджы хай, уыцы æбуалгъ хъуыдыйæн мæ зæрдæйы ахстон куыд сагъуындон? Уыдон мæ дыууæ цæсты куы уыдысты, уæд мæ цæстырухс нæ ахуыссыдаид?.. Афтæ цыбыр куыд уыдаид сæ цæрæнбон? Нæ уæлахизы кой куы рауайы, уæд мæ цуры куы ‘рбалæууыынц. Фыдæй-фыртмæ рæстдзинадыл тох кæм цæуа, уым уыдзысты мæ дыууæ хуры дæр.

Нæ кæстæр дæр уыцы фæндаг равзæрста. Æрлæууыди мæ разы. Йæ дзыхæй уддзæф не схауд, уæвгæ та йæм цыдæр ахсджиаг зæгъинаг уыди. Хъæбулы цæстæнгасыл цы фыст ис, уый чи бамбардзæн ныййарæгау. Æмæ абон йе ‘фсымæрты ном бæрзонд хæссы. Цæргæстæ ма цы сты йæ разы!

Гъе, æмæ нæ кæстæрæн ахæм чындзæхсæв кæнæм, æртæ чындзæхсæвы бæркад чи атæра. Уыцы бон дыууæ хистæры дæр уым уыдзысты, æмæ хъуамæ сæ зæрдæ мацæуыл фæхуда.

Æргом ныхас сæууон рог уддзæфау хъуамæ æмбæла зæрдæйыл. Не ‘фсины кой мæм кæм рауад, уым ницы бамбæхсинаг дæн. Хабар ыл дыууадæс æлхынцъимæ сæмбæлæд æмæ йыл йæхи хардзæй иу æлхынцъ нал афтыдта, зæгъгæ, уын дзы ард бахæрин. Кæмæй сын лæвæрд у, нæ зонын, фæлæ цыма сылгоймæгтæ иууылдæр ацы курдиатæй æнæ хай не сты. Бахъуаджы сахат не ‘фсинмæ разындзæн сæрдасæнау дзæнгæлгæнаг дзырдтæ. Уæдæ дзы мæ цæстæй дæр куыд нæ ракæсын – æргомдзырд у; хæрамдзинадæй сусæг хотых нæ аразы. Йæ къухæй конд хойрагæй уын цы ‘ппæлон! Табуафси! Мидæмæ нæм рацæут.

Чындзæхсæвмæ йæхи куыд цæттæ кæны, уый уын афтæ аивæй зæгъон. Бавдæлд, æмæ, кæддæр ын мæ мад цы нывтæ скарста, уыдон кæцæйдæр раласта æмæ сыл рагацау йæ чындзы куы иуырдæм абары, куы иннæрдæм. Куырмытæ, зæгъгæ, ахæмтæй фæзæгъынц. Æмæ уæдæ куыд нæ! Цæмæн дæхицæн зæрдæниз кæныс? Нæ фæсивæд сагсур куы сты, дунейы рухс чиныгæй куы цæуы æмæ дзы уыдон стыр хайджын куы фесты. Уæлæ стъалыты сæ барцæй куы æрцахстой, уæд сæ уынгæг агъуды цæмæн æвæрæм?

Диссаг нæу! Дæ цæсгомы æнцъылдты дон куы раивыла, уæд æд уидаг бæлæстæ фæласдзæн, дæ астæу танчы уæзæй дæр нал сраст уыдзæн æмæ ма ноджыдæр де ‘рфгуытæ рагацау мигъбонæнгæс скæн.

Бæсты фарн нын, зæгъын, ахæм амонд раттæд, æмæ дунемæ нæ сабиты цæстæй кæсынхъом куыд уæм! Мах цæстæй йæм æдзух кæс, уæд цæргæс бæндæнбæрзæндæн нал тæхид. Йæ цæхæртæ дыл чи ныккала – сабийы зæрдæ йæм бадар, йæ маст рагуалдзæджы митау атайдзæн.

Не 'фсин карз у. Уыцы æлхынцъæрфыгæй лæудзæн. Уый æрмæст бакастæй афтæ зыны. Уæвгæ та йæ зæрдæйы стыр уарзондзинад ис, æрмæст æй æддæмæ æвдисын нæ зоны. Иуæй-иу йæ ноздытæн æнтуан йæ масты дзæкъулæй сисы, не 'фсин та сæ йæ уарзондзинадæй бантауы. Гъе, ацы ран, зæгъын, дæ карздзинад иттæг æхсызгон хъæуы. Æмæ йæм уымæй дæр фæкæсы, ма тæрсут. Анызтай дзы – сфæлмæн дæ кæндзæн, нæ фыдæлты æхсарæйдзаг зарджытæ æрымысдзынæ, дæ уæззаудæр азты æмбис де рагъæй асхъиудзæн æмæ дæ къахфындзтæ æрсадзыныл нæ фæфæстиат уыдзынæ.

Нæ лæппуйы чындзæхсæвы дæр уыцы ноздæй уагъта нæ хъæуы хистæр йæ гаджидæуттæ.

Хатыр бакæнут, фæлæ, йæ гуыбын йе 'ккой чи æрбахæссы, уымæн чындзæхсæв – цалынмæ фынджы уæлхъус бада, уæдмæ фаг. Цин кæнынмæ чи 'рцæуы, уыдонырдæм дзурын. Уыцы бон мын цины гуырæн басгуыхти, мæхи ме 'взонджы кары банкъарддтон. Зæд йæ сызгъæрин базыртæ систа, æрхызти нæ кæртмæ, нæ хæдзармæ нын фарн æрбахаста.

*Æ*з не 'фсæстæн йæ хъуызгæ къахдзæфтæм хъусынæй, – мæ буармæ мын цыма фæлмæн уырзтæй ныхылдæуыд. Йæ ныхас – удхосау, мæн æм æвзонгдзинады зарæгмæ хъусæгау байхъусын фæндыд... *Æ*мæ йæ æз рахатадтон – ме уæнджы йæ туг змæлы!

Мæлæты тас нæ зыдтон, зæгъин, æмæ кæй бауырндзæн! Зæронды дæр ма цæрын фæфæнды. *Æ*мбисæндтæ дæр ма йыл куы 'рымысыдысты.

А зымæджы рынчындонмæ бахаудтæн. Дыууæты 'хсæн, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, уыцы арæныл æрлæууыдтæн... Урс халатджынтæ мæ лыгтæ кæнын систой, гъе! Зæгъын, алцæуыл дæр разы дæн, æрмæст ма нæ лæппуйæн... Мæ хъуыдытæ фескъуыдысты, цыма æнуд уæрмы аирвæзтæн – уыди мылазон æхсæвау талынг, уазал. Дарддæр ницыуал базыдтон. Куы 'рчъиццыдтон, уæд мын загътой: туг, дам, дæ бауагътам, æрыгон чызджы туг...

Не 'фсины мæ куыст скодтон. *Æ*ргомæй иу сыбыртт дæр нæ, –

цæстæнгасæй йын амыдтон: дæ хорзæхæй, мацы срæди. Цы нæ вæййы, йæ хуыссæны æфснайд дæ фæндиаг куы нæ уа – аивæй-иу ын сæ адзæбæхтæ кæн. Йæ марзтыл ын-иу азил, тихалæг ма дзы аззайдзæн – фелвас-иу æй. Дæхæдæг-иу февнал – дæ кусинаг дын дæ къухæй скъæфдзæн, фæцæй-иу уай – дæ разæй фæуыдзæн. Уадз æмæ йæ уадулты сырх цырендæр кæна. Дæ зæрдæйы дуар ын байтындз – уæд æм ныхæстæн сæ фæлмæндæртæ, сæ дзаджджындæртæ сæхæдæг тæхдзысты. Цымæ дæм йæ цæстытæй дунейы рухс нæ кæлид, бæмбæгвæндаг дын нæ саразид.

Æвзонг адæймагæн йæ сæууон фынтæ ма айс æмæ та уымæй дæр дæхицæн удыбæстæ сарæзтай.

Не 'фсин сæударæй фестаг у: æхсæв æрбацыбыртæ кæны æмæ йæ боныл афтауы. Исты куы нæ 'рымысон, зæгъгæ, чындзæхсæвы фæстæ мæхимæ мæ цæст æрныкъуылдтон. Æхсæвы йын, сæ иуæй иннæ ахсджиагдæр, ахæм ныхæстæ кæныныл балæууыдтæн. Кæцырандæриддæр мæ фæндыд, уым та йын-иу йæ хуыссæг æрбаскъуыдтон. Бонмæ бирæ нал баззад, афтæ сæ дуарæй, фæрсагæй къуырма æхгæд скодтон. Уыцы райсом кæрчыты ратахт нæ базыдта не 'фсин. Горæтæй фыццаг автобус æрхæццæ, – йæ сæумæйы зылдтытæ уæдмæ конд вæййынц, – уæд мæ фæрсы, нæ лæг, куыд æргæмæ, дам, бон кæны? Мæнырдыгæй дзуапп нæй. Иуафон, цас рæстæг ма рацыд, хæйрæг йæ зонæг, – сахатмæ кæсыныл дын куы нæ уыдтæн, – фестади... Фæхудинаг, дам, дæн, чындзмæ, дам, ма цы цæсгом равдисдзынæн!

Æмæ та мæ цæст æрныкъуылдтон, зæгъын, чындз æфсины раз нæ, фæлæ æфсин чындзы раз къæмдзæстыг куы вæййы, уæд уый сабырдзинады хос у.

... Бонтæ тагъд доны уылæнтæ басгуыхтысты. Зæрдæйы райгуырди мигъдзаст хъуыды: уыдон ацæудзысты, мах та, дыууæ зæронды, баззайдзыстæм. Не 'фсин бæллиццагдæр раны нæ уыди. Мæнæ чиныджы куыд кæсай, афтæ кæсын базыдтон не 'фсины цæстæнгас. Æрфгуытæ уыцы æлхынцъ кæнынæввонг уыдысты. Цæстытæ – сусæг æвæрæнтæ. Сусæг – кæмæндæр: æз сæ кастæн; ехх, æвæдза, фырт фæхъомыл кæн æмæ алы бон йæ уындмæ дæ былыцъæрттæ хæр. Ацæудзысты æмæ сæ зæрдæйыдзæбæхæн сæ цард араздзысты, искуы ма зæрæдтæ ис, уый, чи зоны, сæ фæсонæрхæджы дæр мауал æрцæуа. Нæ лæппу нывронг дæр сæ писмофысджытæй нæ уыд, ныр сæ хъуамæ уый дæр мауал

рантыса. А чындз нырма бæргæ дзæбæх у, фæлæ, чи зоны, куыд рауайдзæн. Дæ-дæ-дæй! Нæ иунæджы нын йæхицæн куы бакъаддæртæ кæна, ихыл бадгæйæ куы аззайæм!..

Æлвисы нæ зæронд уынгæг хъуыдытæ, тухы сæ къуыбылæйттæ. Æз ын мæ зæрдæйы уаг нæ равдисдзынæн. Æфсон ын уа, цæуыл фæхæст уа, уый ссара – нал æмæ йæ нал суадздзæн.

Гъе, кæй æрцæудзысты, уый бæрæг уыди, фæлæ ма мæнæн мæ зæрдæ æндæр цæмæдæрты æхсайдта.

Цæвиттон, нæ ног бинойнаг ахæм адæймаг разынд, æмæ дыууæрдыгæй кæсын кæмæ хъæуы. Иу уый, æмæ чындз кæй у. Æмæ йæм уыцы хуызы æгæр цæстдард дæр ма цыди. Дыккагæй та уый, æмæ инженеры номимæ æрбахызти нæ къæсæрæй. Гъе уыцырдыгæй йæм фаг цæстдард нæ цыди, æмæ мæ сагъæстæ дывæр кодтой. Инженер! Æз æй æппæты уæлдæр тæрхæгыл æвæрдтон, уый бавдæлди æмæ мæ фарсмæ æрлæууыди, нæ мыл бабылысчъил кодта.

Нæ чындзæн нæ зæронды карст нывтæм гæсгæ цæргæ рауади æмæ йын цыма æгæр къуындæг уыдысты, афтæ йæ хатыдтон. Æмæ, зæгъын, нывтæм иучысыл мæхи къух дæр куы фæхæццæ уаид.

Уыцы сæрбæттæн! Чындзытæ æмæ æфсинтæн – нæ, æз æфсинтæн æмæ чындзытæн зæгъин – сæ ныхасы сæр. Тихалæгæй рогдæр у, йæ фæдыл цы тымыгътæ расайы, уыдон та – уæлæ хæхтæй уæззаудæр, арвы нæрдæй – тыхджындæр.

Цыдæр æнахуыр баст-иу акодта нæ чындз йæ сæрбæттæн, кæс æмæ йын-иу иуварс фæбырыд, æмæ-иу æм фæлæбурдта. Æгæр хорз дæр ма йæ уыдтон: йæ уд дзы æрдуйæ нарæгдæр сси. Мæн фæндыди исты зæгъын. Фæлæ мын уыцы ныхас ракъахын ивылд доны цæуæгау куы рауайа, уымæй æдас нæ уыдтæн. Æмæ уæддæр иуахæмы, нæ зæронд дæр мæ куыд фехъуыстаид, афтæмæй чындзы цур мæ хъуыды сфæлгъуыдтон: зæгъын, куыддæр автобусы бабадай, афтæ-иу дæ сæр рудзынгæй æддæмæ адар, цыма дæ де ‘фсины ауынын фæнды, уыйау. Дымгæ тыхджын вæййы æмæ уыцы сæрбæттæн йæ бынатыл сæмбæлдзæн.

Гъе стæй ма сæм иу стыр аипп хастон не ‘фсины карст нывтæм.

Нæ зæронд йæ зæрдæйы дзæбæхæн чындзы уарзондзинады ленчытæ кодта, йæ хурмæ йын йæхи тавта, мæнæйуый та хъуамæ хуыснæг фестадаид. Æдæрсгæ ма рахиз, æдæрсгæ ма бахиз къæсæрæй. Иуырдæм ныгъуылд, иннæрдæм æмбæхст. Гъе,

чындз цы вæййы, уый! Оу-уа, гормон, мæнæн дæр, зæгъын, мæ риуы бутъро куы нæ ис, гъе мæнæ, сусæны мæй фыдызгъæл кæм февæрынц, ахæм уазалгæнæн куы нæ дæн, зæгъын, ме уæнгты æрыгон туг змæлы æмæ йæм хæстæгдæр лæуд дæн.

Æмæ стæрхон кодтон: чындзæхсæвы бон нæм не 'фсины æфсымæр не 'рбафтыд – рынчын æй хуыдтой. Зæгъын, уый номæй ныл тел сæмбæлдзæн: фæзын, кæд мæ де 'фсымæрыл нымадтай, уæд! Постхæссæг мæ лымæн у, уæдæ ма мын нæ лæппу дæр æххуысгæнæг фæци. Æртæ хъæуы сæрты дын куы ахизиккам æмæ – мæнæ каистæ. Цинтæ, æндæртæ. Хабар арф æвæрд куы нæ уыд, мыййаг, – дисгæнæг систы. Уыцы æнæнтыст ми, дам, кæй сæр æрцахстаид? Мæхирдæм кой дæр не суагътон. Зæронд уым баззад, æз мæ изæр фæстæмæ æрбахастон. Сусæгæй. Сыхæгтыл акодтон мæ фæндаг. Иучысыл цаудгомау чи уыд, ахæм дарæс мæ уæлæ æрæппæрстон, нымæтхуд цæстытыл æрхауд. Цы гуыбыр уыдтæн, уымæй нoджы фæгуыбырдæр дæн. Лæппуимæ ныхасгонд уыдыстæм. Мæ бацыдмæ йæхи фæтылиф ласта. Раст зæгъын хъæуы, чындз мæ уæлхъус куы алæууыд, уæд фæкъуызыдтæн.

– Мне хазен дома нужын, – мæ хъæлæс ацъæл ластон, афтæмæй срæцыгътон æз. Кæсгæ дæр æм скодтон: ауионварс лæууыдтæн. Стæй йын ныххæц-схæц ныхæстæй ралæхурдтон: зæгъын, кæсгон дæн, хæдзары хицауимæ лымæнтæ стæм æмæ йын æнæ фенгæ нæй. Чындз мыл мисхалы бæрц дæр нæ фæгуырысхо, афтæ æмæ, дам, афтæ – балцы ацыдысты. Фæлæ, дам, мидæмæ саккаг кæн. Æз цæуыны къахыл ныллæууыдтæн, фæлæ мæ чи уадзы! Къæлидоры сбадтæн, ауионы. «Мæ лымæн» – кæмдæр, цæй дзурыны æфсарм мæ уыди! Фынг мын ацарæзта чындз. Мæ уæлхъус цырагъау слæууыд. Æртыкаг нуазæн мæ къухмæ куыд систон, афтæ дын уынгæй мæ хъустыл куы æрцæуид не 'фсины дзурын. Цыма мæ рæхойгæ фæчынди, – мæ фыдбылызы дзыхæй сирвæзти:

– Æллæх, сæфдзыстæм!..

Гъе, афтæ, мæ хуртæ, гъе, уæ рынтæ бахæрон!

Нæ дыууæ æдзард зынгхуыстыл дыууæ цæссыджы никуы æрæппæрстон, фæлæ мыл уыцы бон мæ зæрдæ комдзог рацыди. Фæци сæ улæфты рæстæг нæ чындз æмæ нæ лæппуйæн. Цыдысты арвы кæронмæ.

Машинæ куы араст, араст зæгъон – йæ бынатæй астъæлфы-

ди, фесхуыста. Сæ къухтæ ма нæм тылдтой, фæлæ уый уысмы бæрц дæр нал ахаста, – фæауон ис машинæ, йемæ нын ахаста нæ ныфсы мæсыг, не 'нцойдзинад... Комдзогцæуæг цæссыгтæ фемæхстысты. Мæ уадултæ мын асыгътой. Нæ зæронд мæ куы фена, зæгъгæ, бæлццæтты фæдыл атындзыдтон æмæ ма адæргæй сдзырдтон:

– Уастырджи уæ фæндараст фæкæнæд!

...Изæрæй, бæстæ куы ныссабыр вæййы æмæ алчи æхсæвы фарнæй йæ хай исын куы райдайы, уæд æз не 'фсины фарсмæ мæхи æруадзын æмæ йын, æнусты æвзонгдзинад таурæгъгæнæгау, дзурын райдайын:

– ...æмæ нæм сыздæхдзысты æртæ фырыхъулы хуызæн фыртимæ, æмæ нын уыдзæн æртæ амонды, æртæ хуры... Хистæрыл сæвæрдзыстæм нæ хистæры ном, астæуккагыл астæуккаджы ном... Кæстæрыл та...

Мæ зæронд рыст уæнгты ацæуы царды тых æмæ та, хоры 'взарау, сног вæййын.

# ГАДЖИТЫ ГЕОРГИ: 85 АЗЫ



*ГАДЖИТЫ Георги*

# РÆСТÆГ – ХОСГÆНÆГ

## ÆХСÆРДЗÆН

Адæймаг куы равзæрди зæххыл,
Уæд фырцинæй бæстæ худти, ради:
Уайтагъд фемæхст цъитийы цæссыг,
Быдырмæ хæрзæггурæггаг уади.

Фæлæ хох йæ хæд размæ фæци, –
Коммæ йын куы нал уыди фæцæуæн,
Уæд йæ сæрты аппæрста йæхи
Æмæ фестад цъитидон æхсæрдзæн.

...Афтæ у нæ фæлтæры хъысмæт,
Афтæ у нæ тохы фæндаг, афтæ, –
Мах ныхмæ куы ‘рлæууы исчи, уæд
Не стыр тыхыл авд авд тыхы бафты.

## БÆРЗ БÆЛАС

Терк Дайраны комæй
Быдырмæ кæм уайы,
Уым бæрзонд къæдзæхыл
Иу бæрз бæлас зайы.

Йе ‘мбæлттæ æмвæндæй
Ацыдысты «хæстмæ»,
Тох кæнынц салдатау
Дард ызмисджын фæзты.

Хус дымгæты ныхмæ
Слæууыдысты хохау, –
Хурсыгъд тыгъд быдыртæн
Ныр уыдзысты дондзау.

Бæрз та ‘хсæвæй-бонæй
Йе ‘намонд хъысмæтыл
Иунæгæй дзыназы
Сау айнæг къæдзæхыл.

Уалдзæджы уддзæфæй
Йе ‘взонг зæрдæ риссы,
Зымæджы бæгънæгæй
Уазалы нырризы.

Сæрды йæм нæ хъарынц
Уадымсы хъæбыстæ.
Фæззæг ын ныууигъы
Хъал Теркмæ йæ сыфтæр...

* * *

Тарæрфыг бон... Арвы нæрын...
Къæвдайы сæх-сæх...
Комулæфт... «Сосланы æрдын»...
Æрвгæрæттæ – цъæх...

Ногæвзæрд хуым... Сойджын астым...
Ивылд дæтты хъæр...
‘Хсæрдзæнты хъазт... Мæргъты зарын...
Хуры ирд цæхæр...

* * *

Зымæгон дæ федтон фæстаг хатт,
Нæ зонын, цæмæн кодтай джихтæ.
Дæ дзыхæй нывыл ныхас нал хауд,
Дзырдтон дæм: «Мыййаг дын у ихæн?..

Дæхи мын ысуазалæй хъахъхъæн, –
Дæ хорзæхæй, батав дæ къухтæ, –
Мæ зæрдæ дыууæ дихы акæн,
Дæхицæн дзы сараз æрмкъухтæ».

* * *

Дæу фарстон: «Нæ амынд бынатмæ
Фæзындзынæ астыл?»
Дæ сау дыууæ цæстмæ фыццаг хатт
Æз комкоммæ кастæн.

Фæсырх дæ, ды зæхмæ нымдзаст дæ.
«О, фендзыстæм», – загътай.
Нæ ныхас кæронмæ нæ фæци,
Мæн уынджы фæуагътай.

Фæззыгон къæвда бон куыд даргъ уыд!
Куыд сындæг цыд рæстæг!
Цæмæн кодта афтæ сæлфынæг
Дæ ацыды фæстæ?

Цæуылнæ ‘нцад къæвда æхсæзыл?
Цæуылнæ ‘нцад авдыл?
Цæуылнæ ныппырх кодта дымгæ
Хъуынтъыз мигъты арвыл?

Нæ амынд бынатмæ æрцæуын
Æнхъæл дын кæм уыдтæн!
Фæлæ мæм дæ мидбылты худгæ
Уæ тигъмæ фæзындтæ.

Æмæ цыма мигъты æхсæнты
Зæрин хур ыстылди,
Раст афтæ фырцинæй мæ зæрдæ
Мæ риуы ыссыгъди.

* * *

Мæ хорз æмгар, дæуæн дзурын мæ фæндтæ,
Дæуимæ абон дард балцы цæуын.
Куыд хорз у, уæдæ, а зæххыл цæрын,
Сывæллонау сыгъдæг куы уа дæ зæрдæ!

Æз никуы 'взæрстон над фæндæгтæ царды,
Æдзух дæ фарсмæ хъуызонау цыдтæн,
Æрмæст æрхæндæг хаттæй-хатт уыдтæн,
Æмæ мын уый ныххатыр кæн мæ зарды.

Æз уарзын цин, æз рухс фидæныл зарын,
Фæлæ цы лæг нæ бавзара æнкъард,
Уый у мæгуыр, уый никуы уарздзæн цард
Æмæ уæд махæн не сбæздзæн æмбалæн.

Мæ хорз æмгар, фæцудынæй мын ма тæрс –
Поэзийы зынтæй фылдæр цы ис!
Куы 'рхауон æз, мæ зарæг-иу мын сис
Æмæ йæ дарддæр рухс фидæнмæ ахæсс.

## МÆ ФÆЛТÆР

*Фыдыбæсты Стыр хæсты рæстæджы 10-15 азы кæуыл цыд, уыцы æмгæрттæн.*

Æз цардæй æнцойад нæ домын,
Æгас цæуæд тох æмæ зын!
Цыбырдыс, чырынтæ хæдоны
Æз дымгæты ныхмæ бырсын.

Мæ фæлтæр, дæ сагъæс, дæ рыстæй
Æз никуы ыздæхтæн фæсвæд.
Мах полчъы хъæбултæ уыдыстæм,
Мах тынг раджы бацыди мæт.

Мах фаг рæвдыд цардæй нæ зыдтам,
Нæ хæлæрттæ – маст æмæ хъыг.
Мах не 'дзард фыдæлтыл куы куыдтам,
Фæлæ нæ кæмæй хауд цæссыг?

Мах не скодтой къулбадæг ахуыр,
Æдзухдæр æмбæрстам нæ хæс,
Æрæнцади царды уæз махыл,
Гъе уый тыххæй не схастам рæз...

Фæлæ ныр цы дзурæм нæ рыстыл,
Кæмæ кæнæм царды хæлæг? –
Æрмæстдæр зæронд коммунисттæм,
Уæззау тохты чи уыди лæг!

Сæрибарыл Ирæй Берлинмæ
Йæ туг чи нæ кодта æвгъау,
Гъе уыдонмæ бæллæм мах иумæ,
Гъе уыдонæй исæм æгъдау.

Гъе уыдонæн кувæм нæ сæрæй,
Бæрзонд сын хæсдзыстæм сæ ном,
Цæмæй нын нæ хæстдомд фæлтæрæй
Сыгъзæрин ныхæстæ зæгъой:

«У разы сымахæй нæ бæстæ,
Уæ уæнгты æхсиды нæ туг,
Уæ хуызæттæ аразынц рæстæг,
Уæ хуызæттæй фидауы дуг!»

* * *

Фæндараст. Хорз амонд ыссар.
Мæ зæрдæ мын цырагъау ахæсс.
Кæд дын ис мард æмæ дзуар,
Уæд мæм æлхынцъæрфыгæй ма кæс.

Æмбарын æз, дæуæн у зын,
Æз дæр мæ фырхъалæй нæ дзурын...
Нæ уарзт дæм касти кæд фыдфын,
Уæддæр мæн ма райхъал кæн, курын.

Кæд дын ыскодтон искуы маст,
Уæддæр мæм абон азым ма хæсс.
Кæнæ нæу махæй чидæр раст,
Кæнæ нæ дыууæйы у аххос...

* * *

Æмбарын м’ аххостæ, мæ азым,
Цынæ зын бавзæрста мæ сæр?
Æрмæст ма йыл куырой нæ разылд,
Æндæр...

Ныр дæр мæ цард цæуы ызмæстæй,
Мæ зæрдæниз кæны фылдæр,
Фæлæ мæ хосгæнæг у рæстæг
Уæддæр...

Уый у мæнæн мæ ныфс, мæ фæрдыг,
Æмæ мæ сонт митыл – æргом –
Нæ кæнын иу уысм дæр дызæрдыг,
Фæсмон...

*АГЪНАТЫ Гæстæн*

# ÆМФÆНДАГГОНТÆ*

Роман

## БАДДЖЕРИ

Бадджерийы бæлццæттæн ныр æртыккаг бон Варшавæйы стадионы мидæг базар у сæ дыккаг хæдзар. Цавæр хæдзар, фæлæ уæддæр… Цыдæр лыстæг хъуыддæгтæ ма, æмæ райсом Ирыстонмæ сæ фæндаг сараздзысты. Боныгон кæрæдзи арæх нæ уынынц, иу сахат аулæф, абад, уымæн сын рæстæг нæй. Иуырдæм дугъ, иннæрдæм гæпп. Базар æхсæвыгон кусы, уæд æхсæвыгон дæр æлхæнджытæн сæ дзаумæттæ хъариккой. Изæры сын автобусмæ æнæрбацæугæ нæ вæййы, цыма сæ фæсте исчи суры, афтæ тагъд-тагъд цыдæр хус къæбæртæ ахæрынц, сæ фæллад сыл æртæфсы, æмæ сæ уайтагъд хуыссæг йæ быны ануæрды. Кæрæдзиимæ аныхæстæ кæной, кæрæдзи афæрстытæ кæной, уымæ дæр сæ нæ февдæлы. Æмæ сæ Бадджери хорз æмбары: уыдон рацыдысты-иу капекк бакусынмæ, æмæ сын алы минут дæр зынаргъ у, алы минут дæр сын æхца у.

Бадджерийæн йæ фæллад ссыд, цыма æрыгон лæппу у, йæхи афтæ æнкъары. Куыд нæ бафæллайы, фæлæ дыккаг бон ноггуырды хуызæн вæййы, йæ кар нал фенкъары. Йæхæдæг дæр æй зоны – йæ азтæй кæстæр хуыз у. Йе 'ртæ æмæ дыууиссæдз

* Кæрон. Райдайæн кæс журналы ацы азы 2-аг, 3-аг æмæ 4-æм номырты.

азæй ахызт æмæ йæ сæры иу урс хил нæма ис. Æдзухдæр – æлвæст, хæрздаст. Уæгъд хæрд чи кæны, уыдон æм бæрзонд æвæрд не сты. Дæ гуыбын дæ ронбасты сæрты æрлæбырдтæ, æрзæбултæ. Худинаг! Йе 'мбæлттæ, йæ зонгæтæй, уæлдайдæр сылгоймæгтæй, иу æмæ дыууæ хатты нæ фехъуыста: цал азы йыл цæуы, уый бæрц ын ничи ратдзæн. Æмæ йын уый æхсызгон у. Адæймаг цы хуызон у, уый йæхицæй бирæ аразгæ у.

Бадджери цыфæнды фæллад бакæнæд, йæ цæнгтæ сисын мауал фæразæд, хуыссæгхъуагæй йæ цæстыты уæл æмæ дæлтъыфæлттæ кæрæдзиуыл ныхæсæнт, уæддæр уазал донæй йæхи ма æрæхса, фадат ын куы фæуа, уæд та сæрæй къæхтæм йæхиуыл уазал дон ма рауадза, уымæн гæнæн нæй. Дæ уæнгмард, дæ фæллад, дæ низ дæхæдæг куы нæ сурай, уæд чи? Иуæй-иутæ цалдæргай бонтæ сæхи нæ адасынц, æмæ маймулимæ дæр бакæс æмæ уымæ дæр. Бадджери алы райсом дæр дасы йæхи. Иуæй-иу шофыртæн – иуæй-иу цæмæн: бирæтæн сæ дарæс æнцъылдтæ, æнæхсад, скъуыдтæ, æнæцæппузыр. Сæ бакаст, уынгты цы æнæхæдзæрттæ рахау-бахау кæнынц, быруты дæлфад кæуыл сбон вæййы, уыдоны хуызæн. Уæд цы хабар у? Дæхимæ æркæс. Лæг нæ дæ? Дæхицæн цæуыннæ аргъ кæныс?

Бадджери йæ цæстытæ йæхиуыл æрхаста. Уымæн йæ дарæс æдзухдæр – сыгъдæг, итувæрд. Балхæны ахæм дзаумæттæ, фæсæхсад дæр йæ итувæрд кæмæн нæ хæлы. Йæ дзаумæттæ хъуамæ æрмæст йæхи зæрдæмæ ма цæуой, фæлæ бæлццæтты зæрдæмæ дæр. Уыдон æй хъуамæ уыной рæсугъд, аив дарæсы, хъуамæ сын йæ уындæй хæсса æхсызгондзинад. Йæ автобус куы фæцалцæг кæны, куы йæм фæзилы, уæд æндæр хъуыддаг.

Шофыр йæ мидбылты бахудт. Æдзухдæр сылгоймаг бæлццæттæй кæйдæрты зæрдæмæ кæй фæцæуы, уый зоны. Сæ мидзæрдæйы уаг фембæхсынц, фæлæ Бадджери æстдæсаздзыд хомбыл лæппу нæу, мыййаг. Йæ цæстытæ æмæ йын йæ зæрдæйæ ницы басусæг кæндзынæ. Кæй зæрдæ йæм фехсайы, йæ зæрдæ кæимæ фæдзуры, уыимæ се 'хсæн иу ныхас дæр нæма 'рцæуы, афтæмæй цæстæнгасæй кæрæдзи бамбарынц. Бадджери йæхиуыл фæхæцы, уадз, кæй зæрдæ йæм дзуры, уый тынгдæр сцымыдис уа, йæхæдæг æм фæндæгтæ агурæд. Æмæ уый, кæнæ уыдон, – сылгоймæгтæ хатгай иу нæ, фæлæ дыууæ-æртæ дæр бавæййынц, – цасдæр рæстæг сæхи фæуромынц, стæй сæ зæрдæты дуæрттæ æгæр дæр ма байгом кæнынц. Нæ! Байтындзынц. Бадджерийæн йæ кабинæйы

фæйнæфарс фæйнæ айдæны. Æдде цы цæуы, уый хъуамæ уына. Мидæгæй дæр æм айдæн, йæхæдæг æй сæвæрдта, автобусы алы стъæлф дæр æм зыны, йæ бæлццæттæ йæ цуры. Фæнды дæ – акæс сæм. Фæнды дæ, айдæны дæ бæлццæттæй, кæй зæгъын æй хъæуы, сылгоймæгтæй искæимæ фæкомкоммæ уай, уый? Табуафси. Фæкомкоммæ уыдзыстут. Уый дæм бахуддзæн, æфсæрмхуызæй йæ сæр бынмæ æруадздзæн æмæ та дæм йæ цæсты хауты бынæй æрбакæсдзæн. Æмæ дæ зæрдæ æнкъары: демæ фембæлынмæ цæттæ у. Бадджери, йæ бæлццæттæ цас æнхъæл сты, уымæй фæуыны бирæ хуыздæр. Фыццаг хатт куы сæмбæлынц, уæд се 'хсæн цас даргъ ныхас æрцæуы? Фæлæ уыцы цыбыр рæстæг дæр бирæ цыдæртæ рабæрæг вæййы, зæрдæйы дуæрттæ уæд фегом вæййынц. Бадджери уый хорз бамбары æмæ фæархайы, цæмæй æнæзонгæ сылгоймагимæ ноджы фæхæстæгдæр уой, йæ хæссинаг ын сис, хуыздæр ран ын æй æрæвæр, райдзастдæр, фæлмæндæр бынат ын бацамон. Цыдæр ныхæстæ. Кæрæдзимæ сæ цæстыты каст. Æмæ сæ иу дæр æмæ иннæ дæр фенкъары: уыдон адджын, æхсызгон фембæлдмæ сты фыццаг къахдзæфтæ, фыццаг фæндæгтæ.

Бадджерийæ никæд ферох уыдзæн, æппæты фыццаг хатт сылгоймагимæ куыд фембæлд, уый...

Дæсæм кълас. Уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæй сæм Уæрæсейæ æрæрвыстой, институт каст чи фæци, ахæм дыууæ æрыгон чызджы. Сæ иу – Аннæ Иваны чызг, бурхил, цъæхдзаст, рæхснæг, дымгæйы хуызæн рæвдз, цырд, йæ фезмæлдыл цæст нæ хæцыд. Фыццаг бонæй фæстæмæ Бадджерийы нæ бауарзта. Кæс æмæ та йын «дыууæ» сæвæрдта, «æртæ» искуы иу хатт, загъд-замана йæм кæны. Йарæби, Бадджери æвзæр нæ ахуыр кæны, «æртæ» нæ, фæлæ «цыппар» дæр никæд райста, йæ бæрæггæнæнтæ сыгъдæг «фондзтæ», уæд уый куыд у? Цы дзы йæ ныхтæ ныссагъта?

Ахуыргæнæг тыхсы, фæстагмæ скарста: лæппумæ хъæуы фæкæсын, уæлæмхасæн ын амондзæн урокты фæстæ. Æмæ йын амыдта. Куы бахъæуа, уæд ын йæ рæстæг йæ хæдзары дæр нæ бавгъау кæндзæн, изæры йæм уал æмæ уал сахатыл, йе 'мбалимæ сын рæстæгмæ цы хæдзар раттой, уым æнхъæлмæ кæсдзæн.

Бадджери цыд æнæбары, зынтæй, йæ ахуыргæнæджы уынын æй нæ фæндыд. Дуар бахоста. Хъуыды кодта: Аннæ Иваны чызг сæхимæ куынæ разынид, хур ыл ракæсид.

Ахуыргæнæг разынд хæдзары. Худгæ йæм ракаст:

– Мидæмæ.

Лæппу бахызт сыгъдæг, аив æфснайд уатмæ. Бадджери æнхъæлдта: стъолыл баййафдзæн чингуытæ, тетрæдтæ, ручкæтæ, кърандæстæ... Уый стъолыл баййæфта хæрзвых гогызы йас карк, джитъриты æмæ пъæмидорты карст, цыдæр дыргъытæ, дзул аив лыгтæй. Аннæ Иваны чызг æй йæ фарсмæ сбадын кодта æмæ загъта:

– Фæйнæ комдзаджы уал скæнæм.

Бадджери цы кæна, йæхи куыд дара, уымæ нæ арæхст. Афтæмæй æппæты æфсæрмыгæнагдæр, æппæты æнæфенддæр нæ уыд.

Ахуыргæнæг рæсугъд дæргъæццон авгæй сырх-сырхид сæн рауагъта:

– Фæйнæ дæр баназæм.

Лæппу цыдæр уысм аджих: уæдмæ карз нозт иу хуыпп дæр никæд скодта, кæд-иу кувæггагæй йæ былтæ ацахуысты. Æмæ ныр... Ноджы йæ ахуыргæнæгимæ? Цы кæна? Йæ ахуыргæнæг ын йæхæдæг æркодта æмæ йæм йæхæдæг хаты.

– Аназ, ма æфсæрмы кæн, – йæ мидбылты йæм худы чызг.

Уæдæ афтæ у. Йæ ахуыргæнæг зæгъдзæн, Бадджери цыдæр ницæйаг у. Йæ бон иу цайцымæн сæн баназын кæмæн нæу, уый цæй ирон лæппу у? Бадджери та йæхи ирон хоны, æмæ ирон у. Лæппу цайцымæн йæ былыл сдардта, сæн уыцы иу нозт бакодта. Нозтуарзаг лæг фыццаг агуывзæйы фæстæ йæ былтæ куыд асæрфы, афтæ сæ асæрфта. Ахуыргæнæг æм худт, йæ цæстытæй рухс тынтæ хаудысты, афтæмæй дзырдта:

– Куыд хъуыды кодтон, афтæ рауад. Ды дæ æцæг хохаг джигит, – æмæ йæ цонг хион хуызы лæппуйы уæхскыл æрæнцад. – Ахæр, ма æфсæрмы кæн, – загъта чызг.

Хæстæг æм бадт, фæлæ йæм ноджы хæстæгдæр бабадт. Æрбахъæбыс æй кодта. Æваст йæ зынг былтæ лæппуйы рустыл, хъуырыл, былтыл ссыгъдысты, чызджы риуты æнахуыр æхсызгон хъарм æнæхъæн буарыл дæр апырх. Бадджерийæн уæдмæ никуы ничи аба кодта, уæдмæ йæм сылгоймаджы буар афтæ хæстæг никæд уыд æмæ йæхи æнкъардта æнахуыр уавæры, цыма кæмдæр уæлдæфы тæхы. Цы кодтаид, уымæн ницы зыдта.

Аннæ та йæхицæн дæр æмæ Бадджерийæн дæр сæн рауагъта. Дыккаг агуывзæйæн лæппуйæн аназ дзурын нал бахъуыд.

– Мацæмæй æфсæрмы кæн, мацæмæй тæрс, дæхи сæрибарæй

ænkъar, – загъта ахуыргæнæг. Лæппу æртыккаг агуывзæ баныз-та æнцонæй, æхсызгонæй. Фыццаг минутты йæхи æнкъардта куыддæр, цыма æндзыг уыд, æргъæвст, цыма баст уыд. Фæлæ ныр... Æвæццæгæн, сæн – зæдты нозт, йæ хъуыддаг кодта, йæ уæлныхты йæ систа, йе 'взонг тугыл ын арт бандзæрста. Фæстæдæр уый уыд æндæр лæппу: сæрибар, ныфсхаст, суанг ракæнон. Уымæн уыд æнцон, тынг æнцон. Уымæн уыд æхсызгон, тынг æхсызгон. Уый йæхи надта æхсызгон, хъарм уылæн ден-джызы. Йæ буары райхъал нæлгоймаджы æнæрцæф туг, æмæ йæ уыцы уылæнтæ, уыцы уæлмонц æнкъарæнтæ сæ уæлныхты систой. Ныр уый йæхæдæг батæ æмæ хъæбыстæ кодта чызгæн, йæ ахуыргæнæг у, уыцы хъуыды йæм дард уыд. Аннæ йын йæ хæдон куыд ласта, уый йæм каст æнахуыр хорз. Ноджы хуыз-дæр та йæм каст, йæхæдæг йæ ахуыргæнæджы кофтæйы цæппу-зыртæ куыд уæгъд кодта, уый. Æмæ худт. Худт Аннæ дæр. Уыдон ацы дунейы цæрджытæ нал уыдысты.

Бадджери уый фæстæ алы къуыри дæр дыууæ-æртæ хатты цыд йæ цъæхдзаст ахуыргæнæджы хæдзармæ, цæмæй йын Аннæ Иваны чызг уырыссаг æвзаг æмæ литературæ хуыздæр бацамыд-таид, уый тыххæй. Йæ «дыууæтæ» æмæ «æртæты» бæрæггæ-нæнтæ фесæфтысты, «фондзтæ», журналæй дæр æмæ йæ тет-рæдтæй дæр сæрыстырæй кастысты.

Аннæ Бадджерийы зæрдæйы рухс фæдæй баззад. Суанг æй ныр куы æрымысы, уæддæр ыл цыдæр æхсызгон хъарм уылæн æрбакæлы. Цымæ, цы фæци? Куыд ацыд йæ цард? Бадджери скъола каст куы фæци, уæд æм æфсады рæнхъытæм фæдзырд-той æмæ фæхицæн сты. Лæппу сыздæхт, фæлæ йæ цъæхдзаст ахуыргæнæджы скъолайы нал сæййæфта...

Бадджерийы автобус райсоммæ цæттæ у. Æлхæнын æй ницы хъæуы. Хатт ын йæ бинойнаг исты бафæдзæхсы, æмæ базары кæм цы ис, уыдæттæ кæд уый нæ зоны, уæд ма чи? Æмæ сахат-дыууæ сахатмæ алцыдæр балхæны. Ныр ын йæ бинойнаг ницы бафæдзæхста. Ныр йæ сæйраг хæс уыд хорз баулæфын, йæ ав-тобус фæндагмæ хорз бацæттæ кæнын, æмæ йæ бацæттæ кодта. Хъуамæ йæ хæдтулгæ куса сахаты хуызæн. Разæй сæм æнхъæлмæ кæсы даргъ, æгъуыссæг фæндаг. Бадджери йæ йæ фондз æнгуыл-дзы хуызæн зоны. Хатгай сæ фæндаг афтæ амондджын вæййы, æмæ сыл бындз дæр нæ абады, хатгай та иу цæлхдур, аннæ, иу фыдбылыз, иннæ. Раирвæзтæ, уæд дæхиуыл дзуæрттæ бафтау.

Уый æнхъæл чи уыд, æмæ сыл фæндагыл ахæм бæллæх æрцæудзæн. Викæ нæхи зæххыл амард, Польшæйы арæнмæ нæма бахæццæ сты, зæгъгæ, уæд ын истытæ кодтаиккой. Йæ цард ахицæн кæйдæр æцæгæлон бæстæйы æмæ цъысимы бахаудысты. Цыма сæм Викæ цæуылдæр мæстджын уыд æмæ сын фыдæнæн кодта. Табу Хуыцауæн, Бадджери æмæ Геор баныхас кодтой арæнхъахъхъæнджытæ æмæ таможняйы кусджытимæ. Уæвгæ, уыдон нæ – семæ баныхас кодта æхца.

Зарæйы цæстытæ... Бадджерийы агурынц, кæсынц æм. Æмæ сæм разылд, бахудт æм. Фыццаг хатт æй куы федта, уæддæр йæ зæрдæ цыдæр банкъардта, цыдæр бамбæрста. Хуымæтæг, фæлæ уыцы рæстæг кæлæнгæнæг цæстæнгас. Се 'хсæн иу ныхас нæма æрцыд, афтæмæй цалдæр хатты фемдзаст сты. Æнæнхъæлæджы, æви барæй, уымæн Бадджери ныр дæр ницы зоны. Уæвгæ, æнæнхъæлæджы ацы зæххыл ницы цæуы. Уæд, сæ фыццаг фембæлды, Зарæ Бадджериимæ Польшæмæ фыццаг хатт цыд. Цæстæнгасæй сæ иу дæр æмæ иннæ дæр банкъардта кæрæдзийæн æцæгæлаттæ не сты, кæрæдзийæн хæстæг сты, сæ иу дæр æмæ иннæ дæр æмбæрста: цыдæр рæстæг ма æмæ кæрæдзи зæрдæтæм дуæрттæ байгом кæндзысты. Уæд нæ сæмбæлдысты, фадат нæ фæци. Уæд Бадджери сæмбæлд Зæирæимæ. Йæ ныхас куыд асайдтаид: Зæирæ зæххон зæдтæй иу, æмæ ууыл гадзрахатæй рацу – худинаг.

Зарæ... Бадджери йын йæ телефоны номыртæ райста, кæй сæмбæлдзысты, уый йæ уырныдта. Æмæ, Ирыстонмæ куы сыздæхтысты, уæд сæмбæлдысты. Горæты. Зарæ – кæсаджы хуызæн сылгоймаг, марды дæр райгас кæндзæн. Бирæ сылгоймæгтæн се 'ддаг бакаст, сæ цæстытæ бирæ цæуылдæрты фæдзурынц, фæлæ дзы разыны ахæмтæ, йæ мидæнкъарæнтæ кæмдæр арф чи бамбæхсы. Фæлæ иу базыл æрæнцадысты, уæд зæрдæйы дуæрттæ фегом вæййынц, уæлмонц æнкъарæнтæ рагуылф кæнынц. Диссаг! Алы рейсы дæр иу, хатгай та – дыууæ-æртæ сылгоймаджы разыны ахæмтæ, æмæ Бадджериимæ сæмбæлынмæ цæттæ вæййынц. Æмæ æрмæст уыимæ? Уыцы сылгоймæгтæ Ирыстоны сæхи фæдарынц афтæ, цыма сыл бындз дæр никæд анывдзæвыд, æмæ сыл Бадджери йæхинымæр кæл-кæлæй фæхуды. Хынцфарст сæ никæд фæкæны. Лæг ын ис? Нæй? Цы цот ын ис? Куыд? Цы? Уыдæттæ йæ ницæмæн хъæуынц. Сæ фембæлд сæ иуæн дæр, æмæ иннæмæн дæр æхсызгон у? Бæрæгбон сын у? Уæдæ ахæм

фембæлдтæ Хуыцау фылдæр раттæд. Сæ иу дæр æмæ иннæ дæр фæзоны – сæ фембæлдтæ сты рæстæгмæ, чи зоны, мауал сæмбæлой, чи зоны, сæмбæлой цалдæр хатты, чи зоны, æмбæлой цалдæр азы, æмæ уый дæр у рæстæгмæ. Сылгоймæгты æхсæн ахæмтæ дæр разыны, хъыгагæн, æмæ дын æмбарын кæндзæн, йе та дын æргом дæр зæгъдзæн: Бадджери йæ бинонтæ куы ныууадзид æмæ уыимæ йæ цард куы баиу кæнид, уæд уый, Бадджери, уаид дунейы тæккæ амондджындæр адæймаг.

Бадджери иу сылгоймаджы дæр никæд асайдта æмæ нæ асайдзæн, хъазæн хуызы дæр дзы никæд схауд æмæ не схаудзæн, мæ цард демæ баиу кæнон, зæгъгæ, иу сылгоймагæн дæр ныфс никæд радта. Бадджерийæн ис хорз бинонтæ, хорз кæстæртæ, уый у амондджын, æмæ сæ никæуыл баивдзæн. Хъуамæ йæ амонд йæ къахыфындзæй стъæпп кæна? Нæ-æ!

Бадджери хъуыддаг бакæныны размæ, стæй уый фæстæ дæр, искæд сылгоймагимæ сæмбæлд æви нæ, уый кой йæ цардæмбалæн никæд ракодта, стæй нæ ракæндзæн. Амондджын сты? Сты. Уæдæ цы? Ис ахæм лæппутæ, ахæм лæгтæ æмæ сылгоймагмæ зулмæ кæд æмæ кæм бакаст, уый дæр йæ усæн радзуры. Цы у уый? Кæй хъæуы уый? Æхсæвæй-бонæй даргъ фæндæгтыл рацу-бацу кæны, æмæ сылгоймæгтимæ ма сæмбæла, уымæн гæнæн и? Æмæ, айгъай дæр, Бадджерийы цардæмбал уый æнкъары æмæ хъазæн хуызы фæзæгъы: «Дзæбæх мын у, мацы низ мæм æрбахæсс, æндæр дæ цыдæриддæр фæнды, уый кæн». Æмбаргæ, зондджын адæймаджы ныхас. Цард хъахъхъæны. Бадджери йæ бинойнаджы мин сылгоймагыл дæр нæ баивдзæн. Æндæр сылгоймæгтимæ йæ фембæлдтытæ – рæстæгмæйы фембæлдтытæ сты æмæ сæ Бадджери хоны рæстæгмæйы бæрæгбæттæ. Æмæ уыдон дæр хъæуынц, адæймаг адæймаг у, фæлæ дæ бинойнаг, дæ сывæллæтты мад, уый зæд у, хæдзары артдзæст у, ууыл гадзрахатæй цæуæн нæй. Бадджерийæн ахсæв дæр уыдзæн рæстæгмæйы бæрæгбон. Йæ цардæмбал та йын æнусон бæрæгбон у. Ахсæв сæмбæлдзысты Зарæимæ, бирæ кæстæр дзы у, фæлæ Бадджери уый нæ фенкъары.

Алы сылгоймаг сылгоймаг нæу, Зарæ сылгоймаджы миниуджытæй хайджын у, йæ алы узæлд дæр зæрдæйы баззайы, йæ алы баныдзæвд дæр зæрдæйы ахъары.

Шофыры куыст, шофыры цард æнæнхъæлæджы цаутæй – йе 'дзаг. Ахæм уавæрты бахауы, æмæ сæ ницы хуызы æрхъуыды кæндзынæ. Уæвгæ, цард æнахуыр диссаг у.

Уæд... Уæд Бадджери шофыр нæма уыд, йе ‘фсæддон службæ фæци æмæ цыд сæхимæ. Хъуамæ Мæскуыйæ Дзæуджыхъæумæ поездмæ райса билет. Кассæмæ бахæццæ. Билеттæ уæйгæнæг – йæхи карæн æрыгон чызг йæ хъоппæг цæстытæй йæм худы. Нæ сабыр цард хъахъхъæнæджы кæдæм хъæуы билет? Ирыстонмæ? Ссардзысты йын. Æрмæст поезд цæудзæн райсом. Æмæ уæд хурæнгæс æфсæддон кæм уыдзæн ахсæв? Вагзалы йæхицæн хъарм бынат ссардзæн. Ирон джигит вагзалы баззайа, уый æнæхъæн Мæскуыйæн дæр худинаг у. Æмæ йæм чызг билетимæ чысыл гæххæтты гæбаз ралæвæрдта, уым йæ адрис æмæ-иу ахсæв уырдæм рацæуæд. Салдатыл хур ракаст. Æнæмæнг ацæудзæн, æнæмæнг фембæлдзысты. Иннæмæй та дызæрдыджы бахауд, чи у уыцы чызг – Таня? Дыууæ-æртæ минуты дæр нæ сæмбæлдысты æмæ йæ сæхимæ хоны. Чи у уыцы хъоппæгдзæст? Цавæр адæймаг у? Æмæ æндæр æлхынцъ хъуыдытæ сæры гуырыдысты. Фæлæ уæддæр фæуæлахиз лæппуйы æнæрцæф, арттуг æмæ ацыд: цы уа, уый уæд.

Бадджери амынд фатеры дуар бахоста. Ничи йæм ракаст, фæлæ йæм чызджы фæлмæн хъæлæс райхъуыст:

– Мидæмæ рахиз.

Лæппу бахызт иууатон секцимæ. Таня сынтæджы бады, æрдæгæй дæлæмæ хъæццулæй æмбæрзт. Æмæ цы кодта? Æвæццæгæн, суазал. Худы йæм. Худынц кæрæдзимæ. Чызг æм дзуры:

– Дуар дæгъæлæй сæхгæн.

Бадджери разылд, дæгъæл æрзылдта. Аивæй йæ цæстытæ йæ алыварс сгаргæ кæй ахаста, Таня уый бафиппайдта æмæ загъта:

– Нæхæдæг стæм, ничи нæм и. Сбад. Мæ цуры сбад.

Уый сынтæджы тигъыл сбадт.

– Хæстæгдæр æрбабад. Ма æфсæрмы кæн.

Бадджери Танямæ хæстæгдæр бабадт. Чызг ын йæ фæлмæн хъарм къухтæ йæ уæхсчытыл æруагъта, йæ фæлмæн хъарм армытъæпæнтæ йын йæ рустæ æмæ йæ дæллагхъуырыл ахаста. Æрбахъæбыс æй кодта æмæ та загъта:

– Мацæмæй æфсæрмы кæн.

Æмæ лæппу нал æфсæрмы кодта, ницæмæйуал тарст. Чызгмæ ноджы хæстæгдæр бабадт, æмæ цыма кæрæдзи рагæй зыдтой, цыма цасдæр рæстæг нал сæмбæлдысты, æмæ та ныр ногæй сæмбæлдысты, уыйау сæ сæ уæлмонц æнкъарæнтæ сæ уæлныхты систой. Стæй... Бадджери цыма ихдоны ныххауд. Уый... Таня... Æрдæг адæймаг... Æрыгон чызг...

Бадджери ацыд, алыгъд уæд... Чызджы цæхæр былтæ йæ рустыл, йæ хъуырыл, йæ буарыл сыгъдысты. Йæ цæнгтæ йыл тыхстысты. Дыууæ æрыгон буары кæрæдзи агуырдтой, кæрæдзимæ тырныдтой æмæ чысыл раздæр Бадджери цы ихдоны ныххауд, уымæн йæ кой нал уыд, уыцы ихдон арт фестад. Уый уыд расыджы хуызæн, йæхи дардта афтæ, цыма æппындæр ницы бафиппайдта.

Таня худт. Уый зæххон цардæй нал цард. Йæ буары алы стъæлф дæр дзырдта: уый у дунейы тæккæ амондджындæр сылгоймаг. Уый цард дзæнæты.

Уæдæй нырмæ цас рæстæг рацыд? Уæдæй нырмæ Бадджери цæйбæрц фæндæгтыл фæцыд? Æмæ уыдонæй иу уыд Таняимæ фæндаг æмæ йыл фæсмон нæ кæны. Уæд Таняйæн... Æмæ æрмæст уымæн уыди бæрæгбон? Бадджерийæн дæр. Æнæферохгæнгæ æхсызгон фембæлд.

Таняйæн зæнгтæ нæ уыд.

Бадджери йæ сæр банкъуыста. Таняйы куы æрымысы, уæд ын иуæй æхсызгон вæййы, иннæмæй та зын. Уалдзыгон дидинæджы хуызæн чызг æмæ... Нæй! Хъысмæтæй лидзæн нæй! Викæйæн дæр йæ хъысмæт... Æмæ кæй бон цы у?

Шофыр ныуулæфыд. Цардæй лидзæн нæй, йæ нучы нæ уадзы.

## АФИНÆ

Афинæйæн ацы хатт йæ балц йæ зæрдæйы фæндиаг нæу. Æмæ куыд уа? Мæрдджын сты. Мард дын æхсæвæй-бонæй демæ ралас-балас кæнæнт, уый хорз кæмæ фæкæсдзæн? Æвæццæгæн, уый йæ фыдфыны дæр никуы ничи федта. Викæйыл кæйдæр карз æлгъыст æрцыд: йæ мард дард бæстæй ласинаг фæци. Æмæ уый чидæр карзæй ралгъыста, фæлæ йе 'мфæндаггонтæ та цы кодтой? Афинæ цы фæаххосджын? Тагъддæр куы ацæуиккой. Райсом Варшавæйы стыр базарæн хæрзбон зæгъдзысты. Нæ арæнæй куы ахизой, уæд Викæйыл йæ хæстæджытæ уым сæмбæлдзысты æмæ йæ аласдзысты.

Афинæйы ма цыдæртæ балхæнын хъæуы æмæ сæ абон балхæндзæн – алцыдæр ын бæлвырд у. Геор æм, Викæ уæй кæнынмæ цы дзаумæттæ раласта, уыдонæй сæдæ зынаргъ арахънуазæн агуывзæйы ауæй кæнынмæ ратта. Фыццаг хъавыд, йæхи

фæиуварс кæндзæн, базарæй сфæлмæцыд, йæ зæрдæ дзы цъæх у. Фæлæ... Уæвгæ, сæ цæуын афон куы æрхæццæ уа, уæд исты ауæй кодта, нæ ауæй кодта – рацæудзæн. Ацы агуывзæтæ фæрсæг æмæ æвзарæг ис. Чи зоны, суанг ахæм æлхæнæг дæр фæуа, æмæ се 'ппæт дæр айса, æмæ сын уæд сæ аргъæй иучысыл аппардзæн. Уæдæ уыдоны тыххæй ауыгъдæй лæудзæн? Æнæуи дæр адæймаг куыдзы фæллад бакæны. Цымæ, цал хатты ма йæ бахъæудзæн Польшæмæ цæуын? Æртæ хатты? Фондз? Цас хъæуа, уый бæрц цæудзæн. Стæй бæзджын стъæлф сæвæрдзæн. Уæдæ хъуамæ цæрæнбонты ацы фæндæгтыл рахау-бахау кæна? Йæ мад Тамарæйы фатеры хъуыддаг бакæндзæн, æмæ цы дыууæ стыр хæсы бацыд, уыдонæй уал иуæй фервæздзæн. Иннæ хæс та – иумæйаг кæрты йын цы хæдзар и, – йæ уæздан, парахатзæрдæ лæг, Мурат ын цы хæдзар ныууагъта, уый ауæй кæндзæн, æмæ адæм бирæ кæм змæлынц, ахæм ран балхæндзæн æмæ дзы сараздзæн афтек. Йæ бæллиц сæххæст уыдзæн. Йæхæдæг йæхицæн уыдзæн хицау, йæ къæхтыл лæудзæн фидар. Кæмæй цауддæр у? Йæ фыццаг хæс уал у сæ фатер райсын, æмæ йæ райсдзæн. Уыцы фатер... Афинæ хъуамæ цыдæр цæстфæлдахджытæн фатертæ балæвар кæна? Йæ мад Тамарæ æнæниз уæд, æндæр алцыдæр хорз уыдзæн. Фæстаг азты бынтондæр фæцудыдта, æрхауд. Уыцы æнамонд стæгниз æй бадомдта, йæ бон фезмæлын нал у, йæ къæхтæ йæ нал хæссынц. Йæ цард фылдæр æрвиты бадгæйæ. Афинæ йын цал æмæ цал хатты дзырдта: «Искæдæм ацу, æппынфæстаг, уæд та Тæмискъмæ». Путевкæйы аргъ цас у, уый дæр ма базыдта. Уыцы æхца не ссардзысты? Фæлæ ныууоцани, йæ къæхтæ ныссагъта. Кæд ын исты хостæгæнæн и, уæд ам, хæдзары, ардыгæй никæдæм ацæудзæн. Адæймаг йæхæдæг йæхиуыл куы нæ тыхса, йæхæдæг йæхиуыл йæ къух куы ауигъа, уæд ын Хуыцау дæр нæ баххуыс кæндзæн.

Афинæ йæхи æнæ капекк никæд ныууагъта, йе 'фснайæн чиныджы иу чысыл æхца ма уа, уый никæд уыд. Сæ фатер, йæ мады фатер бирæ азты цалцæг нæ уыд, ныдзæллаг, цар чъырæйцагъд æмæ кæмдæрты æркалд, къултыл гæххæтт ныхæст, фыдæлтыккон, цæстытæ сæ афтæ сфæлмæцыдысты, æмæ сæм Афинæйы зæрдæ бакæсын нæ комы. Сæ фатер æвзæр фатер нæу – дыууæуатон, залмæ хицæн дуар, ваннæ æмæ уазæгдон хицæнтæ. Æртыккаг уæладзыг. Сæ ран – сабыр, дзæнæты бынат. Цы ма дæ хъæуы. Афинæ уыцы фатеры схъомыл, уым арвыста йе 'взонджы

бонтæ æмæ йын зынаргъ у, тынг зынаргъ, фæлæ æнæцалцæг, æдзæллаг æмæ йæ йæ къæхтæ уырдæм нал хæссынц. Мад къæрттæй цъула не 'ппары, йæ фатер афтæмæй дæр хорз у, цалцæг кæнинаг нæу. Афинæ йын цал æмæ цал хатты загъта:

– Мамæ, ахæм фатермæ бацæуын худинаг у. – Нæй! Йæ ныхас æм нæ хъары.

– Мамæ, мæнмæ дæр цыдæр капеччытæ и, дæхæдæг дæр ма сæм истытæ бафтау, дæ цæстытæ фæцъынд кæн æмæ йæ сцалцæг кæнæм. Бахиздзынæ-иу райдзаст, сыгъдæг, æфснайд фатермæ, дæ цард фендæрхуызон уыдзæн, – дзырдта йын Афинæ, лæгъстæ йын кодта. Фæлæ дзæгъæлы, йæ ныхæстæ – уæлдæф. Уый йæ къухтæм æфтауæнтæ кæны, хостæ цæмæй балхæна, уый дæр æм нæй, уæд цæй цалцæджы кой кæны йæ чызг? Æмæ уæд Афинæ скарста: йæхæдæг истытæ бамбырд кæндзæн. Мад æй ской дæр нæ бауагъта, куы амæла, уæд æй цы фæнды, уый-иу ын кæнæд, згъæр æмæ-иу æй пылыстæгæй дæр саразæд.

Уыцы ныхæсты фæстæ Афинæйæн йæ уæнгтæ æркалдысты, цасдæр рæстæг Тамарæмæ нал бацыд, телефонæй дæр æм нал бадзырдта. Фæлæ та мад мад у. Йæ масты сæрты ахызт æмæ кæйдæр, æцæгæлон фатеры къæсæрæй хизæгау сæ къæсæрæй бахызт. Бæргæ, дæ мадмæ бауай, куыд гæнæн и, афтæ йæ арæхдæр бæрæг кæн, фæлæ куыст, куыст... Басты хуызæн у, йæхи ныхсынмæ дæр æй нæ февдæлы.

Уæд сæ фатеры баййæфта сæ сыхаг Ладæйы. Хæринаг кодта, æфснайдта. Æмæ Афинæйæн уый иуæй æхсызгон уыд, уæдæ ма сыхаг цæмæн хъæуы? Фæрынчын дæ, фæкæсинаг дæ, уæд дæ цуры хуыздæр чи æрбалæудзæн? Иннæмæй та йын хъыг уыд: Тамарæйæн йæхицæн чызг, удæгас, рынчын нæу, адзур æм æмæ дын хосæй дæр æмæ хæринагæй дæр цы хъæуы, уый æрбахæсдзæн, дæ дзаумæттæ дын ныхсдзæн, фатер бафснайдзæн.

Чызг иннæ бон дæр йæ мадмæ бацыд. Тамарæ йæ фæндимæ сразы уыдзæн æви нæ, уый нæ зыдта. Æмæ цæуыннæ хъуамæ сразы уа? Йæхицæн дзы исты агуры? Уæдæ ма йын хуыздæр цы кæна? Æппын фæстаг Афинæйæн йæ мады цур йæ цæсгом сыгъдæг уыдзæн æмæ йын йæ хъуыды загъта:

– Мамæ, иуцасдæр уал мæнмæ ацæр, ницæмæй батыхсдзæн. – Æмæ йæ тыхсын ницæмæй бауагътаид, чысыл сывæллонмæ куыд зилай, афтæ йæм зылдаид, афтæ йæ сыгъдæг дардтаид. Уæдæ, ныййарæг мадæй хуыздæр кæй барæвдаудзынæ? Мады

хæс никуыма ничи бафыста, æмæ йæ Афинæ дæр нæ бафиддзæн, фæлæ уæддæр...

– Нæ-æ, – цæхгæр загъта мад, – æз ацы хæдзарæй никуыдæм цæуын.

– Ма-мæ.

Мад фыдæлтыккон къæлæтджынæй тыххæй сыстад æмæ хъæрзгæ цæлгæнæнмæ ацыд. Афинæ йæхи зонынхъом куы фæци, уæдæй фæстæмæ зыдта æмæ ныр дæр хорз зоны: йæ мад у хивæнд, зындзырд, йæхи ныхас йеддæмæ йæм никæй ныхас хъуысы, фæлæ раздæры Тамарæ нал у æмæ кæд йемæ сразы уаид. Цæлгæнæнæй мады ныхас райхъуыст æмæ йæ хъуыдытæ фескъуыдысты.

– Ма тыхс. Абæрæг-иу мæ кæн, æндæр мæ ницы хъæуы, – мад къæзыд, æрхæцыд. Æмæ Афинæ бамбæрста: дзæгъæлы у йæ ныхас, йæ тых дзæгъæлы хардз кæны. Йæ мады æлхъывдад бæрзонд вæййы, йæ зæрдæ дæр смæнгæфсон, æмæ йæ ныхас истæмæ куы расайа мад... Хуыцау ма зæгъæд, фæлæ мад исты куы кæна, уæд... уæд æй... сызгъæрин фатер дæр нæ хъæуы...

Мад тыхст, йæ цæсгом асырххъулæттæ.

– Мамæ, де 'лхъывдад дын абарон, укол дын скæнон?

– Ницы мæ хъæуы, уадз мæ.

Афинæ йæ зæрдæйæн адджын хæдзарæй рацыд сæркъул æмæ уæнтæхъилæй. Йæ мады ныхас æм афтæ фæкаст, цыма йын йæ чызг æцæгæлон у, цыма Афинæ æцæгæлон фатеры къæсæрæй бахызт. Афтæ зын ын уыд, æмæ цалдæр боны йæ зæрдæйы рыст нæ банцад, иу хос иннæйы фæстæ нызта. Æмæ йæ мадæй йæхицæн цы агуырдта? Уый ууыл тыхст æмæ тыхсы абон дæр. Куыд уыдзæн? Цы фæуыдзæн? Уыцы æдзæллаг фатер... Хуыцау хорз æмæ сæм уазджытæ арæх нæ цæуы, растдæр зæгъгæйæ та – чи сæм цæуы? Æндæр нæ фæхудинаг уаиккой? Æмæ кæуыл худиккой. Тамарæ ас адæймаг, рынчын, йæ къæхтыл тыххæй цæуы, фæлæ йæ чызг та кæдæм кæсы? Æмæ цы кæна? Уымæн йæ бон цы у? Уымæн йæ къухтæ баст сты, дзырды бар æм нæ хауы.

Афинæ йæ алыварс акаст. Аджих, Мурат йæ зæрдыл æрбалæууыд. Цымæ, Муратæн хæдзар нæ уыд, зæгъгæ, уæд æм смой кодтаид? Галуаны къæсæрæй нæ бахызт, фæлæ, уæддæр... Æмæ та ногæй йæхæдæг йæхи фæрсы – Муратæн хæдзар нæ уыд, уæд æм, цымæ, смой кодтаид? Æмæ йæхæдæг йæхицæн дзуапп ратта: «Æвæццæгæн, нæ». Асфальты къæйыл, кæнæ мусонджы æрвыстаиккой сæ бонтæ? Муратмæ дæр кæдæй-уæдæй иу лæгдзинад

разынд, йæ раздæры бинойнагæн йæ хæдзар ныууагъта. Афинæ дзы уый æнхъæл никæд уыд. Цымæ Мураты бынаты æндæр исчи афтæ бакодтаид? Зæгъæм, мæнæ Афинæ йæхæдæг? Æмæ уый сылгоймаг у, уыцы фарста уый размæ никæд сæвзæрд æмæ нæ сæвзæрдзæн. Афинæ йæ сæр банкъуыста, йæ цæстытæ нодж ы уæрæхдæр байгом сты. Уый... Уый йæ хæдзар искæмæн ныууадзид? Афинæ йæ уæхсчытыл схæцыд, æрбалхъывта сæ. Нæ зоны. Ницы зоны. Нæ, уый йæ хæдзар никæмæн ныууадзид. Милуантæ куы нæ исы, цалдæр фатеры хицау куынæ у, мыййаг.

Сылгоймаг йæхинымæр бахудт. Нæ! Мурат æвзæр адæймаг нæ уыд. Хорз лæвар ын ракодта. Æмæ Мурат куы ацыд, ацыд цæмæн – куы йæ ныууагъта, уæд Афинæ куыдта, афтæ зæрдиагæй куыдта, æмæ йæхи бауромын нæ фæрæзта. Иу рæстæг, цыма искæмæн зæгъы, афтæ загъта:

– Афинæ, æгъгъæд у!

Афинæ йæм нæ байхъуыста, йæ ныхас æм нæ фехъуыст æмæ йыл йæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кодта:

– Æгъгъæд у, нæ загътон!

Æмæ нал куыдта, фæлæ йæ хæкъуырцц цасдæр рæстæг нæ банцад, йæ уæхсчытæ фесхъиу-фесхъиу кодтой. Рæстæг алцы дæр дзæбæх кæны. Афинæ æнхъæлдта: уый у царды йæ тæккæ стырдæр цæф, фæлæ, охх, рæдыд, цард æгъатыр у. Кæд цæфæй нæ мæлыс, уæд дын уый та рæхуыст.

Афинæйы йæ мады цурмæ йæ къах нал хаста, куыддæр ын сцæгæлон. Уæлдайдæр фæстаг рæстæг. Фæлæ зæрдæйы коммæ кæс, уый дæр цас хорз у. Æмæ та ацыд. Фыццагдæр-иу асгæрста почтæйы асыкк, Тамарæ йæм мæйгæйттæ дæр нæ ныккæсы. Фыццаг ма-иу газет «Рæстдзинад» рафыста, ныр фæстаг азты уый дæр нал исы. Исты гæххæтт сæм ис? Куыд? Цы?

Почтæйы коммуналон хæрдзты квитанцитæ. Ма та йын сбирæ уæнт. Цалдæргай мæйтæ сæ нæ бафиды. Афинæ сæм фатеры æркæсдзæн.

Дуар бахоста, бахæцыд ыл. Тамарæ кæд фынæй аци. Кæд искуыдæм ацыд, æмæ ахæм зæнгтимæ кæдæм ацæуdзæн? Æмæ та ногæй бахоста. Æрæджиау цыдæр уынæр райхъуыст, дуар зына-нæ зына базыхъхъыр:

– Чи дæ?

– Афинæ.

Чызг къæсæрæй бахызт, хатгай сæ фатер цыдæр уæззау, æнуд

тæф фæкæны, уæд ахæмæй ницы банкъардта, æнцонæй улæфыд.

– Мамæ, цасдæр рæстæг дæ нал абæрæг кодтон æмæ...

– Æмæ-иу æрбауай, æрбауай, мæ къона, æз дæ мад дæн.

– Охх, мамæ, дæ рæхуыст ныхæстæ ма ныууадз! Фыдрæстæджытæ скодта, æмæ адæймаг никæдæмуал æххæссы, дæхи куы иуырдæм аппар,куы иннæрдæм.

– Зонын æй, зонын, мæ чызг, фæлæ уæддæр...

– Мацæмæй тыхс, афснайдзынæн, хæринаг акæндзынæн, дзаумæттæ ахсдзынæн.

– Йæ цæрæнбон бирæ Ладæйæн, бафснайы, хæринаг скæны, ницы хъуаг мæ уадзы.

– Кæд дуканийы исты алхæнын хъæуы, уæд ауайдзынæн. Æхца ма дæм ис?

– Ис, ис, мæ къона. Ладæ мæ бон дыууæ хатты дæр абæрæг кæны. Уый дын сыхаг. Хуыцауы хорзæх æй уæд!

Афинæ дæр æй зоны, хорз сыхæгтæ сын и. Ладæимæ сæ фатерты дуæрттæ кæрæдзи комкоммæ. Гъæйтт-мардзæ бинонтæ – Ладæ, йæ лæг Бимболат, сæ фырт Арсен, Афинæйæ дыууæ азы кæстæр, йæ ус, дыууæ лæппуйы сын. Сæ фатер æртæуатон, фæлæ сын уæддæр къуындæг у. Сæ чызг смой кодта. Хорз цæрынц, уымæн та лæппу æмæ чызг. Цæй, цы сыл тыхсы, уый Ладæ æмæ Бимболаты, сæ бинонты мæт-сагъæс у.

Афинæ почтæйы асыккæй цы гæххæттытæ æрбахаста, уыдон систа æмæ сæм кæсы. Æртæ дæр алы хæрдзты тыххæй. Фæлæ ницы 'мбары. Фатер сæ фатер, фæлæ дзы æндæр кæйдæр мыггаг. Кæй? Чи у уый? Ладæ?.. Æмæ сын уый сæ хæдзармæ цы бар дары? Йæ мыггаг дзы, йæ фыды ном. Йæ мыггаг ын зоны, фæлæ йæ фыды ном... Æртæ гæххæтты дæр Ладæйы номыл. Æмæ цæмæн? Æвæццæгæн... æвæццæгæн, фæрæдыдисты, æндæр... Афинæ гæххæттытæм æркæсы, фæлдахы сæ, иуырдæм, аннæрдæм. Йæ сæр ницы ахсы.

– Мамæ, адон цы сты, уымæн исты зоныс?

– Æмæ сын æз цы зонын, ды сæм куы кæсыс? – йæхи бакъултæ кодта мад.

– Фатер нæ фатер у, фæлæ дзы Ладæйы мыггаг, æртæ квитанцийы æмæ æртæ дæр йæ номыл.

– Æвæццæгæн, фæрæдыдисты, хæлиукомтæ иу æмæ дыууæ и, – мады хъæлæс, мады цæстæнгас, йæ бакаст æппæтæй дæр

дзуры: ницы зоны, ницы ‘мбары. Афинæ дæр ницы зоны, йæ сæр ницы ахсы. Æмæ уæд куыд? Афинæ Ладæйы цæуыннæ афæрсы? Цæмæй дзы ‘фсæрмы кæны?

Чызг сыстад.

– Мамæ, сыхæгты абæрæг кæнон, ныртæккæ æрбауайдзынæн.

Афинæ Ладæты дуары дзæнгæрæгыл бахæцыд. Ничи зыны. Уыйбæрц бинонтæй хæдзары ничи и? Ногæй та дзæнгæрæджы бицъийыл бахæцыд, ацы хатт дæргъвæтиндæр, барджындæрæй. Æмæ кæм сты йæ сыхæгтæ? Дымгæ сæ фæхаста?

Чызг разылд. Фыдæлтыккон диваныл йæ мады фарсмæ сбадт. Цыдæр кæнын æй хъæуы, фæлæ – цы? Цæмæн бады? Хæдзæртты управленийы алцыдæр бæрæг уыдзæн. Æмæ фестад.

Афинæ хæдзæртты управленимæ бахæццæ. Тыхулæфт кæны. Згъордта, цыма йæ фæсте исчи сырдта. Сæ фатеры тыххæй йæм цыдæриддæр гæххæттытæ уыд, уыдон æрыгон сылгоймаджы цур æрæвæрдта. Уый сæм цалдæр хатты æркаст, йæхимæ дæр цыдæр журналтæ, цыдæр документтæ, æркаст сæм æмæ загъта:

– Уыцы фатер дæ мады нал у.

Афинæ æрцæйхауд, цасдæр рæстæг йæ бон дзурын нал уыд. Сылгоймаджы ныхас æй нæ уырныдта. Æмæ йæ куыд бауырныдтаид? Йæ мады фатер йæ мады нал у?! Афинæ кæм райгуырд, кæм схъомыл, уый сæ фатер нал у?! Йæ мад Тамарæйæн фатер нал и?! Æмæ цы фæци? Кæй у? Тегъаты Бичеры чызг Ладæйы. Цы? Цы хъусы уый Афинæ? Уый сæ сыхаг – Ладæ, æмæ ууыл кæд рæдыдæй фыст æрцыд?

Иу рæдыд дæр дзы нæй. Тамарæ йæ фатер Ладæйæн балæвар кодта. Табуафси, мæнæ Тамарæйæн йæхи къухæй фыст гæххæтт, йæ къухæвæрд дзы, нотариусы мыхуыр ыл, алцыдæр, закъон куыд амоны, афтæ.

Афинæ рацыд, фæлæ йæ бон цæуын нæ уыд, йæ сæр зылд. Сæхимæ тыххæйты бахæццæ æмæ диваныл ныххауд. Уый бахызт кæйдæр фатермæ. Уый ныххауд кæйдæр диваныл. Куыд? Цæмæн? Йæ мад æнæ фатер кæй у, цæрæн бынат ын кæй нал и, уый зоны? Æвæццæгæн, йæ зонд фæцыд, æндæр... Фатер куыд балæвар кодта? Кæмæндæр! Æцæгæлонæн! Суанг хорз сыхагæн дæр. Нæ, уый Афинæйы сæр нæ ахсы. Уæдæ сæ фатер ныр Ладæйы у? Ладæ... Афинæ аджих. Кæс ма уыцы цъаммармæ! Йæхи Тамарæйыл уымæн баныхæста! Схион ын. Æвæццæгæн-иу сæм алы бон дæр цалдæр хатты уый тыххæй бауад. Тамарæйæн

Ладæйæ раппæлын йеддæмæ мацы ратт. Хосхъуаг æй нæ уадзы, æфснайы, хæринаг кæны, дзаумæттæ æхсы. Ног чындзæй цы кæныс! Æмæ-иу Афинæмæ афтæ каст, цыма Тамарæйы уый цур йæ чызг дæр нал хъæуы, цыма йын йæ сыхаг хиондæр у. Йæ мадыл йæ зæрдæ нæ худт æмæ ныр дæр нæ худы. Адæймагыл азтæ куы рацæуы, уæд чысыл сывæллонæй уæлдай нæу.

Чызг сыстад æмæ мадмæ разылд. Чысыл ма, уæд Тамарæйы уæхсчытыл йæ къухтæ æрхаудтаиккой æмæ йæ ныуууыгътаид, фæлæ афоныл йæхи баурæдта.

– Мамæ, мыййаг, нæ фатер Ладæйы номыл скодтай? Балæвар ын æй кодтай?

Мад йæ уæхсчытæ æрбалхъывта, йæ цæстытæ цалдæр хатты Афинæйыл ахаста: цытæ дзуры йæ чызг, афтæ æнхъæлы, æмæ уымæн йæ зонд фæцыд? Йæ фатер хъуамæ искæмæн куыд балæвар кæна? Чызг æм ноджы хæстæгдæр бабадт.

Тамарæ ма тагъд кæнæд, сабыргай ахъуыды кæнæд, кæд фатер балæвар кодта æмæ йæ зæрдыл нал лæууы. Нæ. Тамарæйæн йæ зонд нæма фæцыд. Искæмæн фатер лæвæрттæ кæна, йæхæдæг та ихы сæр аззайа? Уæдæ... Афинæ цыдæр фыдфын уыдта æмæ фехъал? Фестъæлфыд. Æмæ уымæн уæвæн и? Ладæ къæсæрæй-къæсæрмæ афтæ бакæндзæн? Ахæм цъаммар адæймаг разындзæн?.. Æмæ ма уæд æууæнк искæуыл ис?

– Мамæ, Ладæ дын æрæджы исты гæххæттыл дæ къух æрфыссын кодта?

Тамарæ йæхимидæг йæ хъуыдыты ацыд, йæ уæхсчытыл-иу схæцыд æмæ та-иу сæ æруагъта, йæ цæстытæ фатеры къуымты зылдысты, цыма Ладæйы уым агуырдта. Нæ. Ницы хъуыды кæны.

– Ма-мæ! – Йæхи нал баурæдта Афинæ æмæ цъæхахстгæнæгау ныхъхъæр кодта. Уыцы цъæхахстмæ мад æххæст райхъал. О. О! Ладæ йæм цыдæр æнæзонгæ сылгоймагимæ æрбацыд æмæ йын цыдæр гæххæттыл йæ къух æрфыссын кодтой. Æмæ йæ нæ бафарста, куыд? Цы? Æмæ йæ цы фарстаид, кæрæдзиуыл кæд уыйбæрц не 'ууæндынц, уæд ма цæй сыхæгтæ сты? Стæй Ладæ зæды хуызæн адæймаг у, уый цыдæр фæлитой, чъизи ми нæ бакæндзæн!

Афинæйы цæстытæ байгом сты, ныр ын алцыдæр бæлвырд у. Уый... Уый цы бакуыста йæ мад? Чызг ахъуыды кодта: дуар дæ фæстæ ныггуыпп кæн æмæ фесæф, мацыуал зон, ацы фатерæй искуыдæм алидз. Тамарæмæ бакаст, уæддæр та мад мад у. Цы кæна? Куыд? Мад йæ къух куыд бафыста? Бынтон ахæм къуы-

мых куы нæ у. Чызгæн йæ цæстытæ доны куыд разылдысты, йæ цæссыгтæ куыд æрызгъæлдысты, уый нæ бамбæрста. Йæ мад... Уæд дæ чызджы бафæрс. Уымæй дæм хæстæгдæр исчи ис? Уый зæрдæ дын æвзæр зæгъдзæн? Афинæйы фæндыд йæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кæнын. Фæлæ... чызг ныккуыдта, йæ хæкъуырцц кæуын нал урæдта, цыма сыл судзаггаг мард æрцыд. Æмæ сыл не 'рцыд судзаггаг мард? Ноджы фыддæр. Куыдта мад дæр, уымæн æмæ дыууæйæ дæр уыдысты кæуинаг. Ручкæйы иу хахх, æмæ æнæ фатерæй аззадысты.

Цыдæр уысм Афинæ йæ кæуын дзыхъурæд фæкодта. Нæ! Æмæ ма иу хатт дæр – нæ! Æнæ фатер нæ баззадысты æмæ нæ баззайдзысты! Афинæ Ладæйæн фатер нæ ратдзæн! Чи у Ладæ? Йæ сæрыл хъен дæр слæууæд, уæддæр уый фатер нæ фендзæн. Кæс-ма уымæ! Дунейы тæккæ хуыздæр юристы куы æрбакæна, уæддæр ын дзы ницы рауайдзæн.

Чызг ваннæмæ бацыд æмæ йæхи ныхсадта. Йе 'муд куы 'рцæуид. Æмæ æрцæудзæн. Ладæйы æнæфенгæ иу къахдзæф нæ акæндзæн. Æмæ та сын сæ дуар ногæй бахоста. Цæмæндæр нæ тыхст, ницæмæй тарст. Ладæ, цыма уымæ æнхъæлмæ каст, къæсæрæй йæм рахызт æмæ загъта:

– Ды дæр ам дæ?

Цыма йæ нæ уыдта. Мидæмæ дæр ын нæ загъта. Афинæ йын документтæ йæ фындзыбынмæ бахаста:

– Ладæ, ацы гæххæттытæ цы сты? Цы амонынц?

Уый сæм æркаст, бахудт сæрыстырæй, æнæрвæссонæй. Æмæ йæм суанг уый дæр фаг нæ фæкаст, йæ цæстæнгас дзырдта: æмæ Афинæ кæсын нæ зоны? Уыцы гæххæттытæ уый амонынц, æмæ ацы фатер у Ладæйы, Тамарæ йæм ницыуал бар дары. Ладæйæн æй балæвар кодта. Алцыдæр, уагæвæрдтæ, закъонтæ куыд амонынц, афтæ. Тамарæйæн дзы йæхи къухæвæрд. Тамарæ ныр цас рæстæг у рынчын, æнæфæразгæ? Æмæ йæм чи зылд? Чи йæм каст? Йе 'мбыд, чъизи дзаумæттæ йын чи 'хсадта? Хæринаг ын хъармæй-хъарммæ чи кодта? Алы бон ын хуры уа, къæвдайы уа, хостæ чи хаста? Йæ æнæфснайд хæлуарæджы тынтæй йе 'дзаг фатер ын чи æфснайдта? Уæвгæ, цæй фатер у, фæлæ уæддæр... Афинæ... Дзæгъæлы стъæлфы, дзæгъæлы гæппытæ кæны. Мад ын кæй и, уый ныр базыдта? Фæндаг ын чи бацамыдта? Уæдæ Ладæ та афтæ зæгъы, ма йæ дзурын кæнæд, ма йæ къахæд. Кæд йæ мадæн исты хорз фæуынмæ хъавы, уæд æй йæ

хæдзармæ аласæд, уым æй æрфыссæд æмæ йæм кæсæд. Ам та фатер суæгъд хъæуы.

Ладæ цыдæртæ дыгъал-дыгъулгæнгæ, хъуыр-хъуыргæнгæ дуар рахгæдта. Ома нæ ныхас ууыл фæци! Афинæ, мæнæ ныр куыд æрвонг у, уæддæр уыд афтæ æрвонг. Дзæгъæл хъыллистытæ, схъиудтытæ æмæ гæппытæй аразæн кæй ницы и, уый хорз æмбæрста. Ладæ, æвæццæгæн, æнхъæлдта, æмæ фатер ныр уый у. Фæлæ йæм бæрæг уыдзæн. Афинæ йæ мадæн чызгæн ма райгуырæд, Ладæйæн цы хъæуы, уый куы нæ бакæна. Кæс-ма уыцы цæстфæлдахæгмæ! Фучъи нæ федта, фучъи? Фатер æй хъæуы. Æмæ кæй нæ хъæуы? Ахæм дзæнæты бынаты. Фатер нæ, фæлæ мысты хуынкъ дæр нæ фендзæн.

Сæхицæй рацыд мæстджынæй, пихылæйттæ калгæ, фæлæ йæ мидуавæр æддæмæ не 'вдыста. Тамарæйæн карзæй бафæдзæхста: дуар Афинæйæн йеддæмæ макæмæн гом кæнæд, макæуыл æууæндæд. Федта, сæ «хорз» сыхаг сын цы къæппæг саразта, уый? Цы рæстæг цæрæм, уымæ нæ кæсы? Адæм бирæгътæ фестадысты, кæрæдзи хурхытæм лæбурынц.

Сæ фатер... Иууылдæр йæ мад Тамарæйы аххостæ уыдысты. Иу чызг йеддæмæ дын исты ис? Ацы зæххыл дæм уымæй хæстæгдæр исчи ис? Æмæ уыимæ дæ цард араз. Бафæрсын кæдæй нырмæ у худинаг? Мады... мады аххостæ сты иууылдæр, æмæ цъыфы ныссагъдысты, зонгæ-зонын йæхи дæр æмæ йæ чызджы дæр цъысимы баппæрста. Рагæй фæстæмæ дæр зындзырд уыд, хивæнд. Æмæ дзы цы смарзта хорзæй? Афинæ йын цал æмæ цал хатты загъта, нæ фатермæ базилæм, бакæсæн æм нал и. Ницы хъæуы, хорз у. Уый бынаты... Раст нæу. Уый бынаты æндæр исчи афонмæ фатер йæ чызджы номыл скодтаид. Æмæ ныр нæ – æртæ, фондз азы размæ, дæс азы размæ. Уый та... Ныр æй Афинæ нал бафæрсдзæн, фатер йæхи номыл скæндзæн. Уый размæ та уал уыдзæн тох. Чысыл æви стыр? Цыфæнды дæр уæд, Афинæ йæ рамбулдзæн, уымæн æмæ уый у раст. Ладæ цыфæнды гæххæттытæ дæр саразæд, фатер йæ цæсты кæронæй дæр нæ фендзæн. Ладæ, æвæццæгæн, æнхъæлы, Тамарæ æмæ йæ чызг цыдæр фынæйтæ сты. Рæдийы. Тынг рæдийы. Афинæ фатеры хабар куы базыдта, уæд æнæрахъуыды–бахъуыды дыккаг бон йæ зонгæ юристмæ бацыд. Уымæн йæ ныхас уыд фидар: æппындæр мацæмæй тæрсæд, сæ фатер уыдзæн сæхи, иу чысыл сæ 'хца авæрын хъæудзæн, æмæ уым диссагæй ницы ис. Афинæйы зæрдæ

‘хсайдта: кæд ын йæ зонгæ æвдакат айдагъ ныфсæвæрæн ныхæстæ кæны æмæ бацыд æндæр юристмæ дæр. Афинæ алы лыстæг фæзилæнтæ дæр хъуамæ хорз зона. Æмæ алцыдæр базыдта. Ладæ ныр уæлахиздзау у, тырысахæссæг, фæлæ йын æнæнхъæлæджы ахæм цæф ныккæндзæн, æмæ цæрæнбонты дæр йæ ас нал ссардзæн, йæ рæсугъд бæллицтæ цæссыгмæ раивдзæн.

Афинæ йæ сæр банкъуыста, иу æлхынцъ, аннæ... Æмæ сæ аирвæзæн и? Æвæццæгæнæ, нæй. Æвæццæгæн, цард афтæ арæзт у. Викæйæн та, мæгуыр, цы фарстатæ, цы хъуыдытæ æууылдтой йæ зæрдæ? Ныр сæ ничиуал базондзæн.

Афинæ йе ‘мфæндаггонтыл йæ цæстытæ радыгай ахаста. Æппындæр никæмæй æмæ ницæмæй тæрсы. Алчидæр уый хуызæн фидар лæууæд йæ къæхтыл.

## ГЕОР

Геор цал азы рахау-бахау кæны ацы фæндæгтыл? Æмæ нæ бафæллад? Не сфæлмæцыд? Æмæ йын хуыздæр, пайдайагдæр куыст искæм ис? Æппынфæстаг, ацы куыст аразгæ у йæхицæй, баст нæу, сæрибар у. Паддзахадон куыст дæр кæны, хыгъды и, фæлæ дзы кæд вæййы? Цыдæр капеччытæ йын фидынц, баныхас кодтой æмæ сæ хицау йæхæдæг исы. Æмæ цы сты? Ницы. Стæй цалдæргай мæйтæ мызд нæ уынынц. Цæмæн æй бахъуыд уыцы куыст? Цы нæ вæййы, паддзахад та искуы йæ къæхтыл куы слæууа, уæд æй иу капекк пенси бакусын нæ хъæуы? Уæвгæ, пенсимæ ма бирæ адæмтæ цæрынц? Кæс, æмæ тулдз бæласы хуызæн лæг æмæ ныггуыпп ласта. Викæ искуы уый æнхъæл уыд, æмæ афтæ цæугæ-цæуын амæлдзæн? Мæгуыр, цымæ йæм цы фæндтæ уыд? Ацы фæндагæн алчи нæ фæразы. Нæ цард – æрвылбоны тох. Георæн æнцон уыд æмæ у? Цы уайæнтыл рауад? Туркмæ фыццаг хатт куыд ацыд, уый дзы никæд ферох уыдзæн. Уæд ма æрыгондæр уыд, æнæбадт байраг, йе ‘рра туг ивылд. Балхæдта майкæ. Фæндзай азæй фылдæр кæуыл цыд, ахæм лæгæй. Кæсы, æмæ чысыл уæлдæр ахæм майкæ – дзæвгар асламдæр. Дарддæр ацыд, уым та ноджы асламдæр. Æмæ уый куыд у? Цыдæр туркаг хъуамæ Георы асайа? Цæмæн? Уый уымæй æдылы дæр у? Æмæ цæхгæр фæзылд. Майкæ йæ къухты тилгæ лæджы цур æрлæууыд æмæ йæм иронау дзуры:

– Ды хъуамæ мæн асайай?! Æмæ ды чи дæ? – Æмæ йын майкæ йæ цурмæ баппæрста. – Æри мын ме ‘хца.

Туркаг цыдæртæ амоны, цыдæртæ дзуры. Геор æхца систа æмæ æхцамæ амоны. Йе ‘хца йын æнæ мастæй раттæд. Туркаг лæг ын йæ майкæ йæ къæхты цурмæ раппæрста, йæ къух ыл ауыгъта, æмæ йæ цыма нæ уыны, афтæ йæ хъæдын цæстытæй Георы иувæрсты кæдæмдæр кæсы. Геор гуырд у, гуыринаг у – хъуыды дæр æй нæ кæны, цыма йæ цуры ничи и. Кæс-ма, уыцы куыдзы хъыбылмæ.

– Ноджы ма мæ хынджылæг дæр кæныс? – дзуры йæм уырыссагау. Уый йыл йæ къухтæ сцагъта: иуварс ацæуæд, ницы йын æмбары. Туркаг æм туркаг æвзагыл цыдæртæ дзуры, ацы хатт мæстджынæй, йæ тæнæг былтæ тæпп-тæпп кæнынц, йæ къухтæ йыл тилы.

– Ме ‘хца мын æри, зæгъын! Апирдзынæн дæ!

Сæ хъæр ныхасмæ чидæртæ сæ цуры æрлæууыд, цыдæртæ дзурынц, Геормæ бакæсынц, сæрæй къæхтæм ыл сæ цæстытæ æрхæссынц. Чидæртæ бахудынц. Нæй, Геор сын ницы ‘мбары, фæлæ иу хъуыддаг хорз зоны. Йæхи цыдæр туркаг сæмпæрчъийæн сайын нæ бауадздзæн. Æмæ... Йæ къух дард фæхаста, ныртæккæ йæ тымбыл къух туркаджы роцъойыл сæмбæлдзæн. Чидæр... Чидæр ын йæ къух ацахста. Йæ уæхсчы сæрмæ йæ хæдон афарин. Геор фæстæмæ сонт зылд фæкодта æмæ йын йæ цонг чи ацахста, уымæ фæлæбурдта, иронау æй сæлгъыста.

– Ир... Ирон... дæн. Ма... Ма ныццæв.

Геор æм кæсгæйæ баззад, йæ цæнгтæ уæлдæфы ауыгъдæй аззадысты.

– Туркаг ирон дæ?

– Тур... Туркаг... ир... ирон, – кæсы йæм, уымæй цалдæр азы хистæр чи уыдзæн, ахæм лæппу. – Ма... Ма ныццæв. Фе-е... Фесæфдзынæ, – иуварс æй ивазы. Хионхуызæй. Барджынæй. Адæмы дзолгъо хъуысы.

– Ц-цом... Ам... Ам лæууæн нæй, – туркаг ирон, Геор цыма гыццыл сывæллон у, афтæ йын йæ къухыл ныххæцыд æмæ йæ йæ фæстæ ласы, адæмæй куыд тагъддæр фæхицæн уой, ууыл архайы. Адæм къаддæр нæ кæнынц, фæлæ фылдæр.

Фæхицæн, фæиуварс сты. Туркаг ирон æм йæ къух æрбадардта:

– Мæ-æ н-о-ом Бурхан.

– Мæнæн та мæ ном Геор.

Цыма рагон зонгæтæ сты, афтæ зæрдиагæй кæрæдзи къухтæ райстой. Георæн æхсызгон куыд нæ у: дард æцæгæлон бæстæйы ироныл сæмбæл. Уый фæстæ, æмæ ныр дæр арæх фæхъуыды кæны: Бурхан уыд йæ зæххон Уастырджи. Цы туркаг æй асайдта, уый ныццавта, хуыл бацайдагъ, зæгъгæ, уæд цæмæ расайдтаид? Геор раст уыд, фæлæ йæ рæстдзинад кæй хъуыд? Стæй фæстæдæр бамбæрста: куыд раст уыд? Туркаг лæг ын майкæ йæ къухты тыххæй ныссагъта? Тыххæй йын æй балхæнын кодта? Уæд базарады закъонтæ нæма зыдта æмæ...

Бурхан ныллæууыд: дард нæ цæрынц æмæ сæм саккаг кæнæд, йæ бинонтимæ йæ базонгæ кæндзæн. Йæ хæдон ын аскъуыдта æмæ дзы хатыр куры, сæхимæ куы бацæуой, уæд æй уым раивдзæн.

Геор не сразы, йе 'мбæлттæ йæм æнхъæлмæ кæсынц, агурдзысты йæ. Бурхан цинхуызæй загъта:

– Ракæн уыдон дæр, – лæппу афтæ зæрдиагæй дзырдта, афтæ зæрдиагæй сæ хуыдта æмæ йæ цæстытæ доны зылдысты.

– Ир-рон хо-орз у, Иры-стон нæ-æ бæ-с-тæ, – Бурхан Георы уæхскыл йæ сæр æруагъта æмæ Геормæ афтæ фæкаст, цыма Бурхан скæуынмæ хъавы. Лæппу æваст Георы уæхскæй йæ сæр атыдта, цæхгæр фæзылд æмæ тагъд-тагъд ацыд. Геор æнцад лæууыд æмæ йæ ног зонгæ, туркаг ирон лæппу Бурханы цалынмæ уыдта, уæдмæ йæ фæстæ каст æмæ йæ цæмæндæр тынг, тынг бафæндыд Ирыстоны февзæрын. Цæмæн, уæд уый не 'мбæрста, фæлæ рацыд бонтæ, мæйтæ, азтæ æмæ йæм уыцы æнкъарæнтæ цæмæ æрбагуылф кодтой, уый базыдта. Искæй зæххыл дыл сой æмæ мыд тæдзæд, уæддæр фыдæлты зæххæй адджындæр æмæ зынаргъдæр ницы и. Мадæн ивæн и? Уæдæ райгуырæн бæстæ дæр афтæ у. Кæд æмæ кæд фæхаудысты ирон адæм Туркмæ! Æцæгæлон зæххыл цал фæлтæры фæзынд? Фæлæ сæ уидæгтæ, сæ дадзинты цы туг зилдух кæны, сæ риуты цы зæрдæтæ цæлхъ-цæлхъ кæнынц, уыдон нæ аивтой, уыдон иронæй баззадысты. Уæд Бурханы цæстытæ доны уымæн зылдысты. Уæд Бурхан Георы уæхскыл не 'руагъта йæ сæр, фæлæ йæ рагфыдæлты зæхх Ирыстоныл. Георы риуæй йæм хъуыст, кæддæр йæ фыдæлтæ цы цæугæдæттæ ныууагътой, уыдоны сыгъдæг хæл-хæл, Георы цæстыты уыдта Ирыстоны æнусон цъититы æрттывд, Георы зæрдæйы тæлфтимæ йæм хъуыст æлвæст, сызгъæринхуыз бæхты

мыр-мыр, Георы хуызы федта йæ чысыл, фæлæ хъæбатыр, сæрыстыр, цæргæсæнгæс адæмы. Æмæ куыдта Бурхан. Бурханимæ Геор дæр ноджы фæхæстæгдæр йæ къонамæ.

Бурхан æмæ Геор фæхицæн сты. Уæд сæ иу дæр æмæ иннæ дæр хъуыды кодта: никæдуал сæмбæлдзысты. Фæлæ уый уыд сæ фембæлдты райдайæн. Бурхан йæхи æмбарынхъом куы фæци, уæдæй фæстæмæ йæ риуы цы стыр бæллиц, фæлæ раздæр азты æнхъæл кæмæн нæ уыд, уый сæххæст. Æрбацыд Ирыстонмæ æмæ Георимæ сæмбæлдысты. Уый фæстæ дæр ма бирæ хæттыты сæмбæлдысты. Геор дæр ма цалдæр хатты уыд Турчы, æмæ-иу йæ хæларимæ ма сæмбæла, уымæн гæнæн нæ уыд. Бурхан Ирыстонмæ æрбацыд цалдæр хатты. Геор-иу ныууагъта йæ алы ахсджиаг куыст дæр æмæ йæ хæларæн уынын кодта йæ рагфыдæлты бæстæ. Кæддæр скъолайы ахуыр кодтой Мамсыраты Темырболаты æмдзæвгæ æмæ йæм уæд йæ хъус не 'рдардта. Ныр æм уыцы уацмыс хъуысы æндæр хуызы. Цыма Темырболат Бурханы зæрдæйæ дзуры, цыма уыцы æмдзæвгæ йæ туркаг хæлары зæрдæйы цъæхахст у, афтæ йæм кæсы. Цалдæр хатты йæ бакаст, бахъуыды йæ кодта.

*Дысон бонмæ бафынæй*
*Ме 'уæнгтæ нæ куымдтой,*
*Мæ цæстытæ дзагъыræй*
*Æрцъынд кæнын нæ куымдтой.*

*Уæ, нæ хæхтæ, нæ бæстæ –*
*Куыд ма цæрæм уæ фæстæ!..*

Бурхан фыццаг хатт Ирыстонмæ куы 'рбацыд, уæд ыл йæ хæстæджытимæ Мин-Воды аэропорты чи сæмбæлд, уыдонæй иу уыд Геор. Рогбазыр хæдтулгæ сæ скъæфта Дзæуджыхъæумæ. Туркаг уазæг йæ фынты нæ, фæлæ йæхи цæстытæй уыдта Кавказ æмæ йæ алыварсмæ кæсынæй не 'фсæст, æвæццæгæн, иууылдæр цæстытæ куы фестадаид, уый дæр æй фæндыд. Иры зæхх... Уый цы у? Уый цавæр зæхх у? Цæмæй хицæн кæны дунейы иннæ зæххытæй? Æмæ куырдта: Ирыстоны арæнмæ куы бахæццæ уой, уæд ма-иу Геор йæ хæдтулгæ бауромæд. Æмæ Геор, Кæсæджы арæнæй куы рахызтысты, уæд цъæхпæлæхсар бæлæсты бынмæ базылд. Бæлццæттæ хæдтулгæйæ рахызтысты. Бурхан æдзæмæй лæууыд, йæ алыварсмæ дзагъыр цæстытæй

каст, иу сым дзы нæ хауд, цыма улæфгæ дæр нал кодта. Уазæгæн уыд ахæм æнахуыр цæстытæ, цыма йæ алыварс цы дуне уыны, уый фырцымыдисæй, фырцинæй йæ цæстытæй аныхъуырынмæ хъавы. Бурхан ницы дзырдта, фæлæ дзырдтой йæ дондзаст цæстытæ. Æрæджиау йæхи нал баурæдта:

– Мæ-æ-нæ... И-иры–ы зæхх... – йæ сæр иуварс азылдта, йæ фысымтæ, йæ хæстæджытæ йын, йæ цæссыгтæ куыд згъæлынц, уый феной, уый йæ нæ фæндыд. Фæлæ йæ цæссыгтæ нæ фарстой, йæ рустыл къуыбар æртæхтæй уадысты.

Бурхан æрзоныгыл, йæ цæнгтæ фæйнæрдæм аппæрста æмæ зæххыл ныддæлгом, йæхи йæм нылвæста: мæнæ... мæнæ йæ фыдæлты зæхх... мингай туркаг ирæттæ йæ фенынмæ кæмæ бæллынц, уыцы зæхх... мæнæ уыцы зæхх. Æмæ уыцы бæллиц мæрдтæм, кæугæйæ, йемæ чи ахаста, уыдон цал сты?.. Бурханы бæллиц сæххæст: йæ фыдæлты зæхх ис йæ хъæбысы.

Геор, йемæ ма чи уыд, уыдонæн ницы зоны, фæлæ уый... Йæ сæр иуварс азылдта æмæ уымæн дæр йæ цæстытæ доны зылдысты æмæ хъуыды кодта: цы у Райгуырæн бæстæ? Райгуырæн зæхх? Райгуырæн къæс?

– Мæ-æ-нæ... цы-ы хо-о-рз зæ-æхх у-у... Бурхан йе 'нгуылдзтæ зæххы ныссагъта, цыма йын алидзынæй тарст, йæхимæ йыл æрбахæцыд, йæхи йæм нылхъывта.

Æндæр уавæрты, æндæр исчи зæххыл афтæ ныддæлгом, йе 'нгуылдзтæ дзы афтæ ныссагъта, уæд ахъуыдыгæнæн уыд: кæд исты кодта, кæд... Фысымтæй ахæм хъуыды иумæ дæр æмгæрон не 'рцыд. Георы дæр фæндыд: Бурханы хуызæн æрзоныгыл у, зæххыл ныддæлгом у, фæлæ йæхиуыл хæцыд.

– Зæ-ххæ-æ-æй...а-а-хæ-æ-ссон Стамбулмæ, – сау хæмпус зæххæй йæ армыдзаг систа Бурхан æмæ йæм кæсы. Геор æм бацыд, æргуыбыр æм æмæ загъта:

– Уæлладжыры комæй, дæ фыдæлты зæххæй ахæсдзынæ.

– О.о, – Бурханы æнгуылдзты æхсæнæй зæхх ссады хуызæн калд. Æмæ Геор ахъуыды кодта, чи зоны, зæхх ссадæй дæр зынаргъдæр у. Æвæццæгæн, æвæццæгæн...

Дыууæйæ дæр слæууыдысты, æмæ Геор йæхицæн дзурæгау загъта:

– Æвæццæгæн, æцæгæй дæр мах дзæнæты бæстæйы цæрæм, фæлæ йын аргъ кæнын нæ зонæм. – Фысымтæй чидæртæ сæ сæр банкъуыстой: О, Геор раст зæгъы. Георимæ афтæ кæсы, цыма

Бурханимæ фембæлдты фæстæ Ирыстон ноджы фылдæр уарзын райдыдта, цыма йæ зæрдæмæ ноджы фæхæстæгдæр, ноджы йын фæадджындæр, фæзынаргъдæр. Африкæйы æнæ дон, судзгæ змис зæххыл чи цæры, уымæн дæр йæ зæхх афтæ зынаргъ у? Æмæ цæмæн? Адæймагæй зæххы ‘хсæн, зæххæй адæймаджы ‘хсæн цы тæгтæ цæуы, цы бастдзинæдтæ и се ‘хсæн, уыдон цы сты?.. Геор æндæр бæстæм куы ахауы, æндæр бæстæты та арæх вæййы, уæд цалдæр боны фæстæ Ирыстон цæмæн фæмысы?.. Ирыстоны куы февзæрид, уый йæ цæмæн фæфæнды? Мæнæ ныр дæр. Ирыстоныл та кæд сæмбæлдзæн? Иу бон ма, райсом æмæ сæ автобус фезмæлдзæн æмæ та йыл хур ракæсдзæн. Мæнæ ныр дæр сæхимæ куы февзæрид, уый йæ бæргæ фæнды, фæлæ... Кæсæджы арæнæй куы схизы, уæд ын фенцондæр вæййы, цыма йæ риуы дуæрттæ байгом сты, афтæ ‘хсызгонæй сулæфы. Ирыстоны уæлдæф æндæр уæлдæф у, сойы хуызæн буары хъары, Георæн ног дыгъд æхсыры ад кæны.

Геор сулæфыд, æнцонæй, æхсызгонæй, цыма Ирыстоны уæлдæфæй сулæфыд, афтæ йæм кæсы. Æмæ ахъуыды кодта: дард Польшæйы дæр Ирыстоны уæлдæфæй цæры. Уый дзы, бæргæ, цæры, фæлæ Викæ... Йæ бон ницы у, мæлæты ныхмæ никæй бон ницы у. Викæ рухсаг уæд.

## КЛАРÆ

Кларæйæн йæ зæрдæ ницæмæуал æхсайы. Йæ дыууæ хызыны нæхимæ, Ирыстоны, хуыздæр цы ауæй уыдзæн, ахæм дзаумæттæй цъупп дзаг. Райсом ма ацæуыны агъоммæ базарыл æрзилдзæн. Цы нæ вæййы? Мыййаг ма ардæм куы сфæнд кæна, уæд кæм цы ис, уый хъуамæ бæлвырд зона, йæ рæстæг дзæгъæлы ма сафа. Йæ фæндаг æвзæр нæ рауад. Нæхицæй цы дзаумæттæ раласта, уыдон хорз аргъыл ауæй кодта. Æрмæст, ацы Викæ... Æмæ йæ уый дæр цы бахъыгдардта. Чидæртæ, цыма йыл тынг тыхсынц, сæхи афтæ скодтой. Сæ рустæ куыд нæ ныттыдтой, сæ уæрджытæ куыд нæ фæхостой. Кларæ уыцы цæстмæмитæ куыд нæ уарзы, уый диссаг у. Бинонтæ кæрæдзийæн куы сцæгæлон сты, хæстæг хæстæг куы нæ уал у, уæд... Викæ Кларæйæн æмæ се ‘ннæ æмфæндаггонтæн чи у? Куы амард, уæд сæ искæй дзыхæй схауд: разилæм, йæ хæдзармæ йæ аласæм æмæ фæстæмæ рацæу-

дзыстæм, зæгъгæ? Иу дæр дзы афтæ нæ загъта. Æмæ уæд ныр чидæртæ саударæг цы систы? Викæ куы амард, уæд Кларæмæ тынг хорз фæнд сæвзæрд: Польшæйы сæ арæнмæ хæстæг кæд рынчындон и, уæд æй уырдæм моргмæ раттæм, Викæйы хионтæм фæхабар кæнæм, æмæ йæ уырдыгæй аласæнт. Уæвгæ та, мард æмæ мард, дзæгъæлы йыл цы хæрдзтæ æмæ тухæнтæ кæныс. Махмæ, ирон адæммæ, æнахуыр æгъдæуттæ и. Марды кæндтæ кæмæн не скæной, уый зындонмæ бахаудзæн? Æмæ-иу ралидзæд.

Кларæ Викæйы тыххæй йæ фæнд уæлæмæ не суагъта: нæ йæ бамбардзысты, стæй, кæй цы фæнды, уый кæнæд, Викæ æгас у, мард у, Кларæйы æппындæр нæ хъыгдары, тæф ма кæнæд, æндæр... Æмæ нæ тæф кæны, йæ фындз ницы хаты. Æппынфæстаг, уый цыфæнды дæр кæнæд, мæнæ йæхæдæг... Цард æнахуыр диссаг у, суйтæ, куырм æлхынцъытæ, дæ райсом – æбæрæг.

Кларæ цы уавæры бахауд, искуы ахæм уавæры бахаудзæн, уый æнхъæл никæд уыд. Хатгай йæм афтæ фæкæсы, цыма фынтæ уыны. Æмæ ууыл цытæ æрцыд, уыдон де знаг йæ фыны дæр ма фенæд. Æппындæр аххосджын нæу, йæ зæрдæмæ ницы хæссы, йæ цæсгом йæхи цур дæр æмæ адæмы цур дæр сыгъдæг у. Æмæ уæдæ уый хынджылæггаг у? Сослан ыл йæ цъыф къæхтæй бацæуа, æмæ йæм уый та йæ дæндæгтæ зыхъхъырæй дара?.. Нæ! Кларæ уыдонæй нæу. Сослан æмæ Сосланæн йæ ног усы цæмæй ма уына, ууыл фæархайы. Æмæ кæд фембæлынц? Искуы иу хатт. Æнæнхъæлæджы. Фæлæ уымæ афтæ фæкæсы, цыма арæх æмбæлынц. Куы сæ ауыны, уæд йæхи фæиуварс кæны, йæхи амбæхсы. Хатгай йæм ахæм хъуыды дæр æрцæуы, цыма йемæ барæй сæмбæлынц: уадз, мæстæй тъæппытæ хауæд, судзæд. Ноджы йæм сæ дыууæ дæр бахудынц, кæсыс, мах куыд амондджын стæм, ды та æнамонд сау халон. Сослан ын йæ сæры банкъуыстæй салам ратты, зæгъгæ та ницы фæкæны, ома йемæ истæуыл дзура, уый аккаг нæу. Цыма Кларæ уыимæ адзурыныл йæ былыцъæрттæ фæхæры. Авд дæлдзæх фæуæд. Æмæ фæуыдзæн. Фыццаг къахдзæфтæ йæм кæны, фæцæуы йæм, тагъд йæ къæсæрыл æрлæудзæн. Кларæйæ фæхынджылæг кодта, йæ амонддджын цард ын фехæлдта, йæ цард цард нал у. Æмæ хъуамæ уый зæрватыччы хуызæн цъыбар-цъыбур кæна, йæ къæхты бын фысы бага ма сætта, йæ æрыгон усимæ æхсæвæй-бонæй бæгъдулæг кæна, Кларæ та йæ цæссыгтæй йæхи æхса? Нæ! Æмæ ма иу хатт дæр – нæ!

Сослан æй куы ныууагъта, уæдæй фæстæмæ цал æгъуыссæг æхсæвы арвыста? Цармæ дзагъырдзæстæй кæс, сыст æмæ хъæбæр цай, хъæбæр къофе тагъд-тагъд бацым, дæхицæн бынат нал арыс æмæ фатеры дæ къахфындзтыл куы иуырдæм ацæуыс, куы – иннæрдæм, адæргæй рудзынгæй æддæмæ акæс, базыл ныддæлгоммæ у æмæ, дæ кæуын куыд нæ хъуыса, афтæмæй хорз фæку. Æмæ цæмæн? Цæй тыххæй? Кларæ йæ бонтæ æмæ йе 'хсæвтæ цæссыгæй æхсгæйæ цæмæн æрвиты?.. Уымæн ныббарæн и? Уый тыххæй хъуамæ Сослан дзуапп ма радта? Ахæм адæймаг зæххыл цæрыны аккаг у? Æмæ уый адæймаг у? Нæу! Æмæ йæ бынат ссардзæн. Кларæ йын цы хъæуы, уый бакæндзæн. Уæвгæ, Кларæ цæмæн? Кларæ йын цы тæрхон рахаста, уый Сослан йæхæдæг йæхицæн рахаста, æмæ абон æмæ знон нæ. Йæ бинойнагыл фыццаг хатт гадзрахатæй куы рацыд, йæ бинойнаджы кæугæ æмæ ниугæйæ куы ныууагъта, уæд. Цъыфы йæ куы сызмæста, цæрæнбонтæм ын йæ цард куы фехæлдта, уæд. Сослан йæхицæн дæр уæд рахаста карз тæрхон. Ахæм адæймагæн ацы зæххыл цæрыны бар нæй, ахæм адæймаг адæмы æхсæн куы цæра, уæд уый у тæригъæд, цардхалæгæн хъуамæ йæ цард аскъуына.

Кларæйæн æппæты зындæр цы уыд – ацы æвирхъау бæллæх ыл куы 'рцыд, уæд æй бамбæрста: дæхæдæг дæхи сæрты ахиз, дæхæдæг дæхиуыл фæуæлахиз у. Цы кæна? Йæ маст райсдзæн, уый зыдта, фæлæ куыд? Цы хуызы? Йæхимидæг цæйбæрц фæхъизæмар кодта, йæ сурхид-иу акалд. Цы тæрхон рахаста, уымæ иу бон нæ цыд, фæлæ бирæ рæстæг: бонтæ, къуыритæ, мæйтæ... Йæ фæнд йæхимидæг куы скарста, уæд сулæфыд, цы стыр уаргъ æй цъист кодта, уымæй фервæзт, йæ цæстытæй рухс уынын райдыдта. Сосланæн йæхимидæг цы тæрхон рахаста, уый у раст, тынг раст. Тæрхон рахаста, фæлæ иннæ фарста: ноджы зындæр, ахсджиагдæр, вазыгджындæр – тæрхон хъуамæ куыд æххæстгонд æрцæуа? Кларæ йæ зоны. Иу æхсæв æмæ йыл иу бон нæ фæхъуыды кодта. Тæрхон... тæрхон царды рауадздзæн... Батырбег. Батырбегæн Кларæйы алы сулæфт дæр зынаргъ у, йæ алы ныхас дæр ын сæххæст кæндзæн. Æппынфæстаг, бирæ азты дæргъы йæ риуы цы бæллиц фæхаста, æрыгон лæппуйæ фæстæмæ цæмæ бæллыд, æнæнхъæлæджы уый æрцыд. Кларæимæ алы фембæлд дæр ын у, æнхъæл кæмæн нæ уыд, ахæм бæрæгбон. Фæлæ кæдмæ ныгъуыл дтытæ кæндзысты? Адæмæй сæхи кæдмæ æмбæхсдзысты? Иу бон сæ сæ цард баиу кæнын хъæуы? Æмæ

уый Кларæйæ тынгдæр кæй фæнды, фæлæ... Фæлæ цы? Батырбег æй уымæй кæй фæрсдзæн, ууыл дызæрдыг нæ кодта. Æмæ йæ бафарста, стæй иу æмæ дыууæ хатты дæр нæ. Кæдмæ ауæттытты цæудзысты? Кæдмæ адæмы уынаг цæстытæй сæхи хъахъхъæндзысты? Сæ цард кæд баиу кæндзысты?

Æмæ йын Кларæ бамбарын кодта: ис! Ис стыр аххосаг. Сослан. Сослан у æнамонд адæймаг, æгъатыр. Йæхæдæг йæ цард сарæзта æмæ чъыллиппытæ кæны. Батырбег æмæ Кларæ 'мбæлынц, сæ цард баиу кодтой, уый куы базона, уæд сæ дыууæмæ дæр æнхъæлмæ кæсы стыр маст, стыр фыдбылыз. Уыцы бæттинаг æрра ницæуыл бацауæрддзæн, Кларæ æмæ Батырбег сæ цард цы бон баиу кæной, уый Сослан цы бон базона, уыцы бон у... сæ фæстаг сахат. Дунейы ахæм тыхтæ нæй, æмæ Батырбег йæ амонд йæ къухтæй цæй тыххæй ауадза. Уый никæмæй тæрсы. Нæ! Сослан та тынг æгъатыр у, тæригъæд нæ зоны. Æмæ уый тыххæй хъуамæ тæрсгæ-ризгæйæ цæрой? Чи сын у Сослан? Цы йæ хъуыддаг ис? Цы бар сæм дары? Бæллæх дæр уый у, æмæ æппындæр ницы. Фæлæ йæ Кларæ уал æмæ уал азы дæргъы хорз базыдта. Сослан у æлгъыст адæймаг, цæрын сæ нæ бауадздзæн.

Кларæ Батырбеджы зæрдæмæ агуырдта къорд фæндаджы, уæвгæ та йын хъуыд æрмæстдæр иу ныхас зæгъын. Куы бамбæрста, лæг æнæ дызæрдыгæй йæ фæндоныл сразы уыдзæн, сæххæст æй кæндзæн, зæгъгæ, уæд йæ хъуыды æргомæй райхæлдта. Цæмæй иумæ цæрой, амондджын уой, уымæн æрмæстдæр ис иунæг хос. Сослан хъуамæ уæлæуыл мауал уа! Æмæ уæд Кларæ æмæ Батырбег уыдзысты дунейыл тæккæ амондджындæр къай, æппынфæстаг сæ удтæ сиу уыдзысты.

Батырбег æй æрбахъæбыс кодта, цыма æстæсаздзыд чызг у, афтæ йæ цъилау ныззылдта, æмæ Кларæ йæ хъæлæсыдзаг худт, йæ цин ивылдис, æвиппайды йæ азтæй фынддæс-ссæдз ахауд.

Лæг ницыма загъта, фæлæ сылгоймаг зыдта, йæ фæндыл разы кæй у, кæй йæ сæххæст кæндзæн.

– Кларæ, мах нæ амондмæ уыйбæрц рæстæг фенхъæлмæ кастыстæм æмæ нын æй исчи байса, уый нæ бауадздзыстæм. Æз уыцы стыр амонды сæрвæлтау цыфæнды цæлхдурты сæрты дæр ахиздзынæн, цыфæнды дæр бакæндзынæн.

– Зонын æй. Дæу хуызæн лæппутæ зæххыл бирæ нæй, – æрбалвæста йæ йæ риумæ Кларæ. Уый размæ дæр æм, йемæ сæмбæлгæйæ, иу кæнгæ ми никæд раиртæста, йæ алы ныхас

æмæ фæзылд дæр цыдысты йæ зæрдæйы арфæй. Фæлæ уыцы æхсæв фæстаг стъæлфы онг кæронмæ йæхи радта Батырбегæн, æнкъарæнты арты сыгъд, уый уыд æнахуыр сæрибар. Йæ былтæ сыгъдысты лæджы буарыл, уыцы зæрдæбын хъæбыстæ, уыцы адджын узæлд, æмæ Кларæмæ афтæ каст, цыма уыдон, йæ кары чи бацыд, ахæм нæлгоймаг æмæ сылгоймаг не сты, фæлæ æвзонг лæппу æмæ чызг.

Уыцы ‘хсæв уыд æнахуыр адджын æхсæв.

Уыцы ‘хсæв лыг æрцыд Сосланы хъысмæт. Батырбег дамбаца балхæндзæн, æхцайыл ма тыхсæд, æхца Кларæмæ ис. Æмæ Батырбегмæ исты æхца нæй? Дамбаца хъуамæ балхæной Кларæйы хардзæй, уæд ын æхсызгондæр уыдзæн. Уæд уый размæ фыццаг хатт абалц кодта Польшæмæ, æмæ та йæ кæмдæр йæ мидзæрдæйæ æмбæрста: æнæмæнг æй æхца ‘хсызгонæн бахъæудзæн. Уæвгæ, æхца кæд нæ хъæуы?..

Батырбег æртыккаг бон дамбацаимæ фæзынд. Кларæ йæ нæ фарста, кæм æй балхæдта, цас у? Уый хъуыд дамбаца æмæ мæнæ ис, йæ къухты, ног сæрст, йемæ фынддæс гилдзы. Йæ чызг Зифæ хъуамæ мацы зона, æмæ уаты дуар сæхиуыл бахгæдтой. Сосланы чъизи, æлгъаг цард аскъуындзæн дамбацайы сау нæмыг. Кларæ йæм каст, йæ цæстытæ дзы ратонын нæ куымдтой, куы-иу æй йæ иу къухмæ райста, куы иннæмæ. Уый размæ дамбацайыл никæд андзæвыд, уынгæ дæр æй никæд фæкодта, кæд кинонывты. Искуы йæ хæцæнгарзы сæр бахъæудзæн, уый æнхъæл никæд уыд. Ацы ног сæрст дамбаца йын Батырбеджы къухтæй сæххæст кæндзæн йæ бæллиц. Фæлæ... Йемæ архайын зоны? Нæ фæивгъуыйдзæн? Искæд дамбацайæ æхста? Кларæ ма тыхсæд. Батырбег æфсады йæ службæйы рæстæг иу бон дæр æнæ дамбаца нæ фæци. Ацы хæцæнгарз ын хорз зонгæ у. Цыдæр маргъ сæ сæрмæ фæзынд, бæласы къалиуыл абадт, Батырбег æм ныхъхъавыд, æмæ йæ ма æрæппара, уымæн гæнæн нæ уыд. Ныр дæр нæ фæивгъуыйдзæн.

Кæм? Куыд? Цы хуызы хъуамæ сæмбæла Батырбег Сосланимæ? Хъуамæ сæмбæлой ахæм ран, æмæ цъиуызмæлæг кæм нæ уа. Хъуамæ сæмбæлой афтæ, уымæ гуырысхо æмгæрон дæр куыд не ‘рцæуа. Иу хъуыды. Иннæ хъуыды. Иу вариант. Иннæ вариант. Кларæ, æнæмæнг, исты æрхъуыды кæндзæн.

Уæд Кларæ сæхимæ уыд иунæгæй, куы-иу рацу-бацу кодта, куы та-иу къæлæтджыны йæхи æруагъта, алы хъуыдытæ йæ сæры ивылдысты.

Æваст Кларæйы цæсгом ныррухс, цины уылæн ыл æрбакалд. Цæуыл дардыл сагъæстæ кæны? Сослан кæуыл бауæнддзæн, уый и сæ хæдзары: сæ чызг Зифæ. Ныр Сослан Кларæйы къухты и. О! О! Йæ къухты! Къæппæг сæхимæ и.

Фыд æмæ чызг кæрæдзиуыл тынг æнувыд сты. Хатгай Кларæмæ афтæ фæкæсы, цыма 'фсымæр æмæ хо сты, цыма, кæрæдзимæ зæрдæйæ тынг хæстæг чи у, ахæм æмбæлттæ сты. Æмæ уый хорз у. Ныр дæр Зифæ йемæ арæх сæмбæлы, иумæ фæтезгъо кæнынц. Æмæ уый Кларæйæн æхсызгон кæцæй у, фæлæ... Никæд æй бакъуылымпы кодта. Æмбæлæнт. Сослан Зифæйы суанг йæ чындзæхсæвмæ дæр ахуыдта. Кларæйы тынг нæ фæндыд, фæлæ йæ дзых бахуыдта. Ацæуæд. Йæ чызгимæ сæм цыдæр быцæуаг ныхас рауайа, уымæй йæхи хызта. Æмæ нæ фæрæдыд.

Зифæ йæ фыды асайдзæн амынд бынатмæ. Уым сæм ауон ран æнхъæлмæ кæсдзæн Батырбег. Ныхъхъавыд. Гæрах. Æмæ уыцы чъизи адæймаг æрхауд. Кæнæ дыууæ æнæзонгæ лæджы æнæнхъæлæджы цыбыр сæмбæлд. Салам. Салам. Цыдæр ныхæстæ ма, дамбаца фехсын æввонг цæттæ. Зифæ цалдæр къахдзæфы иувæрсты цæуы, цыдæр дзуры, йæ фыд æм фæкаст, æмæ уыцы рæстæг судзгæ нæмыг йæ фæскъæбут сæмбæлд.

Кларæйы фæнд у æппæты растдæр æмæ йæм ныртæккæ дæр афтæ кæсы. Сосланæн Зифæимæ фембæлд уыдзæн йæ фæстаг фæндаг, ацу æмæ ма 'рцуйы фæндаг, уый йын уыдзæн, фæстæмæ раздæхæн кæцæй нал и, ахæм фæндаг. Æмæ йæхæдæг уыд ахходжын, фыццаг хатт Кларæйыл гадзрахатæй куы рацыд, уыцы фæндаг уæд равзæрста.

– Ды гени дæ, – загъта Батырбег, изæры Кларæимæ куы сæмбæлдысты æмæ йын уый йæ фæнд куы радзырдта, уæд. Сылгоймаг, лæджы зæрдæмæ йæ фæнд кæй фæцæуздзæн, ууыл гуырысхо нæ кодта. Цæй гени у Кларæ? Хуымæтæджы адæймаг, хуымæтæджы хъæууон бинонты чызг, фæлæ нæ цард ахæм æнахуыр уавæрты баппары, Балсæджы цалхау ныл атулы, æмæ уæд бар æнæ бары, уырдыгæй раирвæзынæн амал агурдзынæ.

– Æмæ Зифæ дæ фæндыл сразы уыдзæн? – Бафарста йæ Батырбег. Кларæ, йæ фидæны ног цардæмбал æй афтæ кæй бафæрсдзæн, уый зыдта. Йæхæдæг дæр йæхи арæх фарста: йæ чызг сразы уыдзæн йæ фæндыл? Сразы йæ хъæуы. Сразы уыдзæн. Сабыргай. Йе 'рыгон зæрдæмæ цæуы мин æмæ мин фæндаджы æмæ сыл Кларæ сантиметргай ацæуздзæн. Фæлмæн, узæлгæ ныхас.

Æртах дуры фæхуынкъ кæны. Ссардзæн æм фæндаг. Цæмæй чызджы йæхирдæм разила, æртасын æй кæна, уымæн æй бирæ рæстæг кæй бахъæудзæн, уый йын гуырысхойаг нæ уыд. Йæхимидæг 'нхъæлдта, чи зоны цалдæр мæйы, чи зоны, фылдæр. Æмæ уый æнæхъæн аз дæр æнхъæлмæ кастаид. Йæ фæнд уый аккаг уыд. Æртæ мæйы дæр нæ рацыд æмæ Зифæ йæ фыдмæ, уæвгæ, цæй фыд ма йын уыд уый – ракаст æндæр цæстытæй, йе 'цæг цæсгом ын федта, йе 'цæг зæрдæ йæм разынд. Уый федта бынтон æндæр адæймаджы. Чи у Сослан? Цъаммар, чъизи, уæйгæнæг, бинонты цардхалæг. Дæ хъæбулы райсомыл ма ахъуыды кæн! Дидинæджы, сæууон хуры тыны хуызæн чызг, æмæ уый ныууадз, ис фыдæй йæ æнæ фыд фæкæн!..

Кларæ сабыргай йæ чызджы цæстытæ байгом кодта, æмæ Зифæ йемæ сразы: Сосланæн, ацы зæххыл цæрын не 'мбæлы. Уый у цъаммар, æлгъаг адæймаг. Рæстдзинад йæ бынат æрцахста. Рæстдзинад фæуæлахиз! Мад йæ хъæбулы зæрдæхудты никæд бацыд, ныр та йæм ноджы фæхæстæгдæр, ныр та йын ноджы фæадджындæр. Æмæ куыд нæ! Кларæ йæ цæстытæй уый тыххæй кæсы, уый тыххæй цæры. Польшæмæ ацы удхайраг фæндæгтыл уый тыххæй рахау-бахау кæны. Йæ чызг мацы хъуаг уа, мацæуыл тыхса. Æмæ Зифæ иу чызгмæ дæр нæ хæлæг кæны, нæ, фæлæ уымæ хæлæг кæнынц. Йæ дарæс тæккæ нырыккондæр, аивдæр, рæсугъддæр. Уымæн æмæ уый аккаг у. Уый Кларæйы чызг у. Сослан... Сослан та, цы агуырдта, уый ссардзæн, йæ фæстаг сахатмæ бонæй бон хæстæгдæр кæны.

Сылгоймаг йæ хызынтыл йæ цæстытæ ахаста. Иуы æмбис дзы, йæ чызгæн цы дзаумæттæ балхæдта, уыдон. Зифæ та цы цин кæндзæн, цы! Кларæ йæ чызгæн цыдæр æхсызгондзинад куы саразы, уæд уый йæхицæн мин хатты æхсызгондæр вæййы. Сылгоймаг бахудт. Æнхъæлдæн, хъæрæй. Æмæ чи нæ худы? Се 'мфæндаггон Викæ нал и, æмæ уый тыххæй уыдон дæр хъуамæ сау дарæс скæной? Семæ мард и, уый дзы æрбайрох вæййы. Æвæццæгæн, иннæтæй дæр. Омæ уæдæ уыдон дæр сæхи æрцауындзой? Цард цард у.

## ЗАРÆ

Зарæ дæр адæймаг у, йæ риуы зæрдæйы бæсты дур нæ хæссы æмæ, цард æгъатыр кæй у, уый æмбары. Адæмæй бирæтæ, мæнæ йе 'мфæндаггонтæй дæр чидæртæ тъизынц, хъаст кæнынц. Цы

кæуыс? Чи дын цы ратдзæн? Арвæй исты хауы? Адæм диссаг сты. Чидæртæ Викæ, Викæ кæнынц. Цыма йыл тынг риссынц, тынг ыл тыхсынц. Уый кæрæдзи цæстмæ. Æцæгдзинадæй та... алчидæр дзы хъуыды кæны йæхиуыл, алчидæр æндзары йæхи гуылы бын. Алчидæр тыхсы æмæ мæт кæны: цы дзаумæттæ раласта, уыдон куыд тагъддæр æмæ зынаргъдæрыл ауæй кæна, куыд асламдæр æмæ хуыздæр дзаумæттæ балхæна, йæ тухийаг фæндагæй куыд фылдæр пайда райса. Викæ... Искæй бон ын исты у? Æмæ уæд уыдон цы радзур-бадзур сты? Зарæ уыцы кæнгæ, уыцы цæстмæмитæ нæ уарзы. Цы дзаумæттæ раласта, уыдон хорз аргъыл ауæй кодта, балхæнын æй цы хъуыд, уыдон дæр балхæдта. Чысыл цыдæртæ ма æмæ фенæмæт уыдзæн. Уæдæ хъуамæ Викæ, Викæ кæна? Мæрдтæй исчи искæй раздæхта? Æнæ уый дæр Зарæ цæуыл хъуыды кæна, цæуыл мæт кæна, уый йын и. Уыцы зæхх... Хъусынгæнинаг ныффыстой, иу бæласæй йæ иннæ бæласмæ айтыгътой, цыма лозунг у. Сæ хæдзары телефоны номыртæ, горæты сæ адрис. Замманай дыргъцæхæрадон. Ссæдз сотыхы. Табуафси, кæй хъæуы, уый æрбадзурæд. Сæ ком – горæтмæ хæстæг, хус ран, хур бонтæ Ирыстоны уымæй фылдæр никæм и, хохаг фæлмæн уддзæф дыл æрбаузæлдзæн. Цалдæр азы размæ йæм асфальт фæндаг саразтой æмæ цыфæнды рæстæг дæр хохы балæууыдтæ, хохаг къæдзтæ-мæдзтæ дон йæхи размæ æппары, æнусон айнæг дуртыл йæхи хойгæ быдырмæ тагъд кæны. Фæндаджы фæйнæфарс цъæхбазыр бæлæстæ арвмæ сæхи ивазынц. Цæрын æмæ улæфынæн дзæнæты бæстæ, æмæ йæ фадат кæмæн амоны, уыдон æм сæхи ивазынц, зæхх æлхæнынц, хæдзæрттæ дзы аразынц. Æмæ нæ рæдийынц. Зæхх дзы ныр дæр зынаргъ у, фæстæдæр та уыдзæн ноджы зынаргъдæр, никæд фесæфдзæн. Зæхх у æнусон хæзна.

Борик, Махары хистæр æфсымæр, мад æмæ фыды хæдзар, хæдзары цур цы зæххы гæппæл и, цыппар сотыхы, уыдон йæхиуыл скодта. Сусæгæй. Зарæ уый куы фехъуыста, уæд мæстæй фæцæйтыдта. Уый та куыд? Ирон æгъдаумæ гæсгæ хæдзар кæстæр æфсымæры вæййы. Хæлоф у, цы ‘рцыди? Де ‘фсымæры сусæгæй афтæ бакæн?! Худинаг! Махар... Махар, цы? Ницы. Зарæ дзырдта, йæ къухтæ йыл цагъта, уый æппын ницы хъæуы? Уый уыцы мад æмæ фыдæй нæ райгуырд? Уыцы хæдзарæй йæм ницы хауы? Борик арвæй æртахт? Хъуамæ мад æмæ фыды фæллæйттæ иууылдæр йæхи бакæна?

– Мæн ницы хъæуы, – загъта Махар.

– Уый дæ фæстаг ныхас у? – комкоммæ йæм каст, афтæмæй йæ бафарста ус.

– Мæ фæстаг ныхас, – йæ къух ауыгъта лæг. Уымæн уый уыд йæ фæстаг ныхас, Зарæйæн та сæ хъуыддаджы райдайæн. Кæд хæлоф у, уæд ма уæдæ кæсæнт. Махар сидзæр у? Уый бинонты ницы хъæуы? Сылгоймаг йæ лæгыл йæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кæнынмæ хъавыд: иу хатт ма уый дæр йæхи лæджы хуызæн равдисæд! Йæ хъæлæс рызт, афтæмæй загъта:

– Дæу ницы хъæуы, фæлæ дæ лæппу æмæ дæ чызджы хъæуы.

– Æз иу къахдзæф дæр никæдæм акæндзынæн. Ме 'фсымæримæ, мæ бинонтимæ цыдæр зæххы гæппæлы тыххæй кæрæдзимæ фæуæм, уый мæ нæ фæнды, уый гæнæн нæй.

– Уый фендзыстæм, – æртхъирæнгæнæгау загъта Зарæ. Лæг æнæ уый йæ бынатæй кæй нæ фезмæлдзæн, уый зыдта, æмæ чысыл сывæллонæн йæ дысалгъыл куыд ныххæцай, афтæ йыл ныххæцдзæн æмæ йæ йæ фæстæ ласдзæн. Акæс-ма, уый ницы хъæуы! Зарæйы хъæуы! Йæ лæппу æмæ йæ чызджы хъæуы! Зарæ Махарæй ницы агуры, æрмæстдæр йæ фарсмæ æрбалæууыд. Махар æппынфæстаг сразы. Цыдæртæ ма дзырдта, æмæ фæнды дзурæд, фæнды ма – фарста лыг у. Зæхх Махары номыл скæндзысты, æмæ уый тыххæй цы гæххæттытæ хъæуы æмæ сæ кæцæй райсдзысты, уыдæттæ Зарæ базыдта, алцæуылдæр ныхасгонд у. Уæддæр ма лæг дызæрдыг ныхæстæ кодта: йæ фыд æмæ йæ мады зæхх йæхиуыл скæна, уый йæ цæсгом нæ хъæцы.

– Уый дæ зæхх у! – йæ хъæлæсы дзаг ыл нытътъæлланг кодта Зарæ. Махар уæддæр нæма саст: æнæ уыцы зæхх нырмæ куы цардысты, уæд ныр нал фæцæрдзысты? Йæ мад æмæ йæ фыды цур ма цы цæсгомæй æрлæудзæн? Сыхæгтæ уыцы хабар куы базоной, уæд ма сæ уынджы куыд ацæудзæн.

– Банцай! Æгъгъæд у! Дæ дзаумæттæ рæвдздæр акæн æмæ цом! – нытътъæлланг та йыл кодта Зарæ. Æмæ уый банцад, фæлæ Зарæ фемæхст:

– Борик цы цæсгомæй æрфыста хæдзар йæхиуыл? Махары цæрын нæ хъæуы? Мад æмæ фыд дзæбæхæй цæрæнт, фæлæ нал сты, уæд хæдзарæн йæ раст æмбис Махармæ хауы. О! О! Махармæ хауы. Стæй... Æфсарм... Æмæ Борик куы не 'фсæрмы кæны? Æппæт адæмы бæсты хъуамæ Махар æфсæрмы кæна?..

Лæг ницы дзырдта, къæбылайы хуызæн Зарæйы фæстæ уад.

Иу гæххæтт. Иннæ. Иу ранмæ цу, аннæ ранмæ згъор. Цал кусæнуаты къæсæрæй бахызтысты? Зарæ тарст, Махар куы ныууоцани уа, йæ къæхтæ куы ныссадза. Æмæ, фæнды дæ, нæ дæ фæнды, – йемæ фæлмæн ныхас кæн, узæл ыл. Стæй йæ Зарæ афтæ уагъта? Цыдæриддæр ын загътаид, уый кодтаид. О, уый, йæ лæг стыр хъуыддæгтæ аразы: гæххæтт ын йæ фындзы бын æрæвæр æмæ дзы йæ къух бафыссæд.

Зæхх Махарыл арæзт кæй æрцыд, Зарæ уыцы гæххæттытæ куы райста, уæд сæ цалдæр хатты бакаст, фæйнæ цалдæры сæ скодта æмæ сæ арф бафснайдтой. Æвæццæгæн, Борик æнхъæлдта, ацы дунейыл уымæй лæгдæр нæй, мад æмæ фыды хæдзар йæхирдыгæй фæци, æвæццæгæн, зæхмæ дæр хъавы æмæ ха-ха-ха, ныр-иу æм хъавæд. Уæдæ Зарæ та афтæ зæгъы: кæд æфсымæр дæ, æцæг æфсымæр, уæд дын хъуамæ де 'фсымæримæ уæрст мацы уа. Дæу куыд хъæуы, уый дæр афтæ хъæуы, уый дæр цæрынæн райгуырд.

Зарæ цæуыл хъуыды кодта, Махар æмæ Бориччы хо Зинæйыл. Хорз цæрынц, ницы хъуаг сты, фæлæ... Зарæ, закъонтæн чысыл цыдæртæ зоны æмæ ныййарджыты исбонæй æфсымæртæм цас хауы, хотæм дæр афтæ, æмхуызон бартæ сын и. Æмæ Зинæ ницы дзуры, фæлæ иу бон нæ сызмæнтдзæн, сæ хъуыддæгтæ сын æддæг-мидæг нæ ауайын кæндзæн?.. Зарæ, йæ ходыгъды кæй ницы хъæуы, уый тыххæй уымæй хъуамæ æдас уа, æмæ дзы уый тыххæй хъуамæ гæххæтт райса. Фæлæ куыд? Цы хуызы? Сразы уыдзæн? Сызгъæрин кæсаг йæ къухтæй ауадздзæн? Æмæ диссаг! Зинæйæ ахæм гæххæтт райсын рауад, Зарæ æнхъæл куыд нæ уыд, афтæ æнцон. Дзурынц. Ныхас кæнынц. Æмæ Зарæ, цыма æнæнхъæлæджы, афтæ ныхас уыцырдæм аздæхта. Æмæ дын ходыгъд куы зæгъид: уый ницы хъæуы. Хæдзар сын и, цæрынц. Мад æмæ фыд дзæбæх уæнт, йе 'фсымæртæ кæрæдзи æмбарæнт, иумæ адджынæй цæрæнт æмæ йын уый уыдзæн æппæты хуыздæр лæвар.

Зарæйы йæ ходыгъды ныхас нæ уырныдта æмæ цыдæр рæстæг хæлиудзыхæй баззад. Кæд уыцы ныхæстæ æндæр кæмæйдæр хъусы? Мулчы, исбоны, æхцайы тыххæй фылдæр хатт сылгоймæгтæ нæлгоймæгтæй хъапхайдæр разынынц, сылгоймæгтæ сæ кæрæдзиуыл сардауынц. Уæд Зинæйыл цы 'рцыд? Куыд ницы йæ хъæуы?

Зарæйы фæндыд йæ ходыгъдæн ахъæбыс кæнын, фæлмæн,

рæвдауæн ныхæстæ зæгъын. Æмæ йын фæарфæтæ кодта, йæ бинонтыл, йе 'фсымæртыл тыхсы æмæ йæхæдæг дæр амонддджын уæд. Иугæр Зинæ ахæм хорз зондыл хæст у, уæд хъуыддаг кæронмæ ахæццæ хъæуы æмæ йын йæ уæрагыл йæ армытъæпæн æрæвæрдта. Цы зæххы кой кæнынц, уымæй йæ кæй ницы хъæуы, уый тыххæй йæ бон гæххæтт раттын у? Ходыгъд æй дарддæр дзурын нал бауагъта: табуафси, ацы секунд дæр! Зарæ йæм бахудт, æрбахъæбыс æй кодта. Уыцы гæххæтт нотариусы фидаргонд куы 'рцæуа, уæд хуыздæр уыдзæн. Табуафси. Табуафси. Зинæ разы у. Зарæ дардыл хъуыды кæны. Йæ ходыгъд уыцы гæххæтт йæ къухæй куы ныффысса, уæддæр документ у, фæлæ алцыдæр хъуамæ закъоныл уа. Æмæ йæ дардмæ цæмæн æргъæвынц? Зинæ уыцы гæххæтт райсом куы скæнид, уæд куыд уаид? Табуафси. Табуафси. Иттæг хорз. Зарæ райсом ницы кусы æмæ йемæ ауайдзæн.

Æмæ ацыд. Цынæ вæййы, уæд та йæ ходыгъды сæры исты ахæм фæкуыси æмæ фæстæмæ йæ къæхтæ ныццавта. Уæвгæ, Зарæ ма дын уый афтæ ныууагътаид, йæ хъæбысы дæр æй ахастаид.

Зарæйы гæххæтт дæр иннæ документты 'хсæн арф сæвæрдта. Документ хъуамæ æфснайд уа. Зарæйæн уæддæр иу хъуыды æнцой нæ лæвæрдта. Мад æмæ фыд, сæ лæппутæ хæдзар æмæ зæхх сæхиуыл скодтой, уый куы базоной, уæд цы зæгъдзысты? Нæ фæсуртæ уыдзысты? Сæ зæрдæтæ нæ аскъуындзысты? Зарæйæн йæ цотæй исчи ахæм æгъатыр ми бакодта, зæгъгæ, уæд æй феддæдуар кæнид, уæд уымæн уый йæ хъæбул нал у. Цы зæгъдзысты Махары мад æмæ фыд? Сæ лæппутæ сын цы бакодтой, уый иу бон ма рахъæр уа, уымæн гæнæн нæй. Æмæ уæд сæ хæдзар пихылæйттæ нæ калдзæн? Мад æмæ фыды цъæхахстмæ æнæхъæн сых, æнæхъæн хъæу æрæмбырд уыдзæн.

...Хуыцаубон. Борик дæр, æмæ Махар дæр, цыма дзырд бакодтой, афтæ æд бинонтæ хъæумæ æрцыдысты. Ныййарджытæн сæ лæппуты уынд æхсызгон куыд нæ вæййы, фæлæ сын цыма ноджы æхсызгондæр та сæ чындзыты, сæ цоты цоты фенд вæййы, Зарæмæ афтæ фæкæсы. Сæ мидбылты худт сæ цæсгæмттæй нал фæцæуы, суанг сæ хъæлæс дæр аивы. Горæтмæ ацæуынмæ ма сæ цалдæр сахаты фæхъæуы, æфсин афтæ йæхицæн бынат нал фæары. Тъыссæнтæ сын кæндзæн, семæ ма сын цы авæра, сæ зæрдæ ма сын цæмæй алхæна.

Уæд уыцы хуыцаубон æфсин уайтагъд æртæ чъирийы кæныныл балæууыд: æгайтма сæ бинонтæ ам сты, Дунесфæлдисæг æмæ сæ Йе сконд зæдтыл бафæдзæхсой.

Сбадтысты. Фынгыл æртæ чъирийы, нозт, алы хæринæгтæ. Æфсин ницы бавгъау кодта. Зæронд лæг, Зарæ Махары фыды афтæ хоны, йæ ном ын нæ дзуры – ракуывта. Иу хатт. Дыккаг хатт. Стæй ныссабыр, фынджы алыварс чидæриддæр бадт, уыдоныл хъавгæ йæ цæстытæ ахаста, æмæ Зарæйы зæрдæ фæкъæпп кодта. Цы амоны уыцы цæстæнгас? Цыдæр... цыдæр ахсджиаг ныхас зæгъынмæ хъавы зæронд лæг, фæлæ цы? Æвæццæгæн, йæ фырттæ хæдзар æмæ зæхх сæхиуыл кæй скодтой, уый базыдта æмæ... æмæ ныртæккæ йæ хъæлæсæй судзгæ æхсидæвтæ хаудзæн. Уый та куыд?! Уый дæр, йæ бинойнаг дæр нæма амардысты, афтæмæй хæдзар сæхиуыл скодтой! Афтæмæй зæхх сæхиуыл ныффыстой. Уый куыд у? Кæд амæлдзысты, уымæ сæ бон банхъæлмæ кæсын нал уыд? Мæрдтæм йемæ исчи исты ахаста? Цавæр зыд рæстæг скодта? Бинонтæ кæрæдзиуыл куынæуал ауæрдынц, мад фыд сын нал и? Ныр та афтæ: хæдзар дæр, æмæ зæхх дæр, раздæр кæуыл конд уыдысты, ууыл фæстæмæ скæнæнт. Уый никæмæн ницы лæвар кæны. Зæронд лæг сыстдзæн, йæ бинонты ныууадздзæн, куыд нæ сæ уына, афтæ иуварс ацæудзæн. Бинонтæ стъолы алыварс цавддуртау бадгæйæ баззайдзысты. Зарæйы æвзаг иу мыр зæгъынхъом нал уыдзæн.

– Лæппутæ, – загъта фыд, йæ цæстытæ Борик æмæ Махарыл æрæнцадысты, æмæ цæмæндæр Зарæйы буары уазал риз ацыд. Ныртæккæ зæронд лæг йæ зæгъинæгтæ скалдзæн. Йæ цæстытæ йæ лæппутæй атыдта, йæ агуывзæйыл ноджы бæрзонддæр схæцыд æмæ йæ ныхасмæ бафтыдта: – Мах уæ мадимæ ахæм кары стæм, æмæ, кæд цы фæуыдзыстæм, уый бæрæг нæу. Царды та хъуамæ алцыдæр нывыл уа, бæрæг уа. Мах тарстыстæм, цас бынтæ нæм ис, фæлæ уæддæр... мыййаг, уыдоны тыххæй уе ‘хсæн исты ныхас куы ‘рцæуа, кæрæдзи зæрдæхудты куы бацæуат. Сымах зонд- джын разындыстут, дардмæ кæсут æмæ нын нæ хæс уæхимæ айстат – æнæхъæр, æнæцъистæй хæдзар дæр, зæхх дæр уæхиуыл скодтат, нæ уæззау уаргъæй аирвæзтыстæм. Уæ мадимæ ацы хабар куы фехъуыстам, уæд нын тынг æхсызгон уыд, уæд нын бирæ фенцондæр. Хайыр уын уæнт, амонды хос уын уæнт, – æмæ йæ арахъхъ сабыргай æмæ ‘хсызгонæй баныста.

Зарæ йæ хъустыл не ‘ууæндыд æмæ æдзæмæй бадт, стæй иу

рæстæг сулæфыд. Сæ зæронд лæг зондджын кæй у, дардыл кæй хъуыды кæны, дардмæ кæй уыны, ууыл гуырысхо никæд кодта, фæлæ йæ ныр бынтон бауырныдта. Уый дын хистæр! Уый дын куырыхон зæронд лæг! Бацу йæм æмæ йæ ныхъхъæбыс кæн. Фæлæ уый Ирыстоны кæд уыд, æмæ чындз йæ сæрыхицауæн хъæбыстæ кæна?

Зарæ йæ мидбылты худт. Махар йæ фарсмæ бадт фæци, уæд ын йæ зæнгыл йæ къух æруагътаид, йæ зæнг ын æрбалхъывтаид: федта, йæ къай куыд раст, куыд зондджын адæймаг у. Æмæ æцæгдæр, кæм фæрæдыд? Кæм нæ разынд раст? Йæ зæрдæмæ ницы хæссы. Викæйы... тыххæй, мыййаг, кæд æгæр карз сты йæ хъуыдытæ? Æмæ сæ хæрдмæ не суагъта, йæхи йеддæмæ сæ ничи фехъуыста. Стæй, цæмæй карз сты? Кæд рынчын дæ, уæд кæдæм цæуыс? Æнæбазыртæй тæхæн нæй. О! О! Дæхи дæр æмæ дæ бинонты дæр æлгъыстаг цæмæн кæныс? Де 'мфæндаггонты зонгæ-зонын цæмæн тыхсын кæныс?

Сылгоймаг бадæны фæстæмæ ауадзæныл разыйæ йæхи ауагъта. Ныртæккæ йыл йæ фæллад æртæфсдзæн æмæ афынæй уыдзæн.

## ОЛЕГ

Оледжы æмфæндаггонтæ – алыхуызон адæм, иуы дзы иннæимæ нæ фемхæццæ кæндзынæ, фæлæ сæ иу кæны æхца, пайда. Уый сæ алкæмæндæр у, денджызы былыл наутæн фæндагамонæг маяк – цырагъ куыд у, афтæ. Æвæццæгæн, мæгуыр, Викæмæ дæр æхсæвæй-бонæй уый æрттывта æмæ æвиппайды фескъуыд. Викæ фыццаг æмæ фæстаг нæу, иу бон алкæй дæр бахъæудзæн ацы дунейæ ацæуын. Цард афтæ у. Чи йæхи чындзæхсæвмæ цæттæ кæны, кæй та хæрнæг кæнын бахъæуы.

Оледжы æмфæндаггонтæй æдзухдæр чидæр разыны ахæм, æмæ йæ йæ чызджы хъæуы моймæ раттын, йе та йæ лæппу хъуыддаг кæны, сæ къух нæ амоны æмæ йæхи Польшæмæ раппæрста. Хъуамæ цалдæр хатты ацы удхары фæндæгтыл ацæуа. Уæд дыл цы мæгуыры бон акодта? Дæхи тыхлæмæрст цы кæныс? Дæ сынтæг цас у, дæ къæхтæ афтæ адаргъ кæн. Дæ фадат чындзæхсæв скæнын нæу? Чызджы дæ хæдзармæ æрбакæн æмæ æртæ чъирийы скув. Æнæмæнг хъуамæ стыр гуыппытæ ныккæнай? Дуне

дзыллæтæ ‘рхон, хæсты бацу, æмæ мæй æмæ æрдæг, æртæ мæйы фæстæ лæппу æмæ чызг фæхицæн сты. Æмæ дæ фыдæбæттæ къæмы сæфт фæкодтой. Цы у уый? Лæппу æмæ чызг кæрæдзи дзæбæх нæма фæзонынц, изæрыгон æнæнхъæлæджы сæмбæлдысты, æмæ хъуамæ сæ цард баиу кæной. Кæдæм тагъд кæныс? Ды дæ цард, æнусмæ аразыс æмæ алцыдæр сбар. Æниу, Олег йæхæдæг, чысыл ма, æмæ уæд уыцы цъымарайы не смидæг уыдаид. Афоныл йæхи æрæмбæрста, афоныл æрæввонг. Цыма Оляимæ кæрæдзи тыххæй райгуырдысты, афтæ йæм каст. Дыууæ азы бæрц кæрæдзи зыдтой. Олег æм ницы аипп, ницы лаз ардта. Æвæццæгæн, къуырма уыд,æвæццæгæн, куырм уыд. Æнхъæлдта, Оля, æнусты йæ цард кæимæ арвитдзæн, уый у. Фæлæ сабыргай, гæдыйы лæппынæн йæ цæстытæ куыд байгом вæййынц, афтæ йæ цæстытæ байгом сты æмæ федта æндæр адæймаг, æцæг Оляйы.

Æмбисæндтæ топпы нæмыгæй растдæр сты. Чызджы цæст, дам, рагъæныл. О, фæлæ æппынæдзух хъуамæ уымæ кæса, йæ цæстытæ дзы ратонын ма комой?.. Олег æмæ Оля сæмбæлдысты, фæцæуынц, уæд-иу цæмæндæр сæ фæндаг, сылгоймаджы дарæс кæм уæй кæнынц, ахæм дуканимæ фæзылд. Оля уый къæсæрæй бахызт, уæд-иу фæхъæлдзæгдæр, йæ цæстытæ-иу фæрухсдзаст сты. Дзаумæттæм-иу каст, сгæрста сæ. Æмæ сæм кæсæд, райсоммæ дæр сæ сгарæд. Фæстагмæ йæм æрмæст кæсын, йæ уырзтæй асгарын фаг нал каст. Цыдæр дарæс æмæ-иу æй йæ уæлæ акодта. Иуырдæм ацæуы, иннæрдæм акъахдзæф кæны, йæхимæ æркæсы. Йæ мидбылты худгæ-иу Оледжы алыварс æрзылд. Куыд у? Фидауы йыл? Хорз у? Тынг хорз. Æмæ йын уæдæ хъуамæ цы загътаид. Олегыл-иу йæхи ахафта æмæ та-иу загъта:

– Райсæм æй, мæ зæрдæмæ тынг цæуы.

Олег-иу, цыма йæ нæ хъусы, йæхи афтæ скодта, ныхас-иу æндæрырдæм station аздæхта, цыма йæ не ‘мбары. Лæппу хорз зыдта, сæ ахæстдзинæдтæ уымæ нæма æрхæццæ сты, æмæ Оляйæн дзаумæттæ ‘лхæна. Иуахæмы та туфлитæм каст, цалдæр хатты сæ йæ къæхтыл акодта. Æмæ йæ цæстытæй рухс стъæлфæнтæ хауд, афтæмæй загъта:

– Райсæм сæ, хорз мыл фидауынц.

Олег йæхи нал баурæдта, бахудт æм:

– Æцæгдæр, хорз дыл фидауынц, райс сæ.

Оля йæм æрбакаст, цыма йæ фыццаг хатт федта:

– Æмæ æз дæуæй зæгъын, ды мын сæ райс, цæй кавалер ма мын дæ?

Уый йæ мидбынат æнцад лæууыд, æнхъæлдæн, æрхæццæ сты. О! Æрхæццæ сты. Нæ бæхы хуыррытт, нæ ехсы къæрцц æмæ йæ афтæмæй цытæ фæнды? Йæхицæн цы лæвæрттæ агуры? Уый йæ бинойнаг куы суа, уæд кæдæмты авналдзæн? Олегыл бæхбадт не скæндзæн?.. Ахæмимæ иу цары бын цæрæн и? Афоныл æй кæй базыдта. Æмæ... Æмæ йын загъта:

– Оля, дзæбæхæй баззай, дæхицæн амондджынæй цæр, – æмæ йæ стыр дуканийы стыр залы астæу лæугæйæ ныууагъта. Æмæ йын раст нæ бакодта?

– Олег! – йæ фæстæ цъæгъахсты хуызæн райхъуыст чызджы хъæлæс. Уый йæм нæ ракаст, се 'хсæн ницыуал и, уыдон кæрæдзийæн сты æцæгæлæттæ. Лæппу тарст, чызг йæ фæстæ куы разгъора, йæ фарсмæ куы фæцæйцæуа, йæхи кæуæг æмæ тъизæг куы скæна. Уый нæ разгъордта. Уæд Олег Оляйы дуканийы астæу туфлитыл хæцгæ кæй ныууагъта, уымæй абон дæр сæрыстыр у йæхицæй. Уый фæстæ нал сæмбæлдысты æмæ Олег исты раст нæ бакодта? Æппындæр ницы.

Уацирæт... Олег уыцы ном цæмæндæр бирæ уарзта, æмæ йæ ныр дæр бирæ уарзы, æцæг ирон ном æм кæсы. Лæг йæ сæр банкъуыста, йæ уæхсчытыл схæцыд, йæхимидæг бахудт. – Оля йæ зæрдыл æрлæууыд, ныр та Уацирæт... Æвæццæгæн ын абон, цы чызджытимæ æмбæлд, уыдоны мысæн бон у... Уацирæт... Æрмæст йæ ном дæр цыдæр æхсызгондзинад хаста, цыдæр иронад дзы цыд. Университеты ирон хайады æртыккаг курсы студенткæ, фидæны ахуыргæнæг. Фæлмæн, рухсдзаст цæсгом, йæ дзыккутæ фæстæмæ лæгъз фаст, быд. Сæмбæлдысты æрмæстдæр æртæ хатты. Олег сæ алы фембæлд дæр хорз хъуыды кæны. Æдзухдæр-иу архайдта, куыд гæнæн и, цæмæй йæм афтæ хæстæгдæр уа, аныдзæва йыл, ахъæбыс, аба йын кæна. Дыккаг кæнæ æртыккаг фембæлды лæппуйы йæхимæ афтæ хæстæг чи уадзы, уый цавæр адæймаг у? Уый чи у? Хъарм, æхсызгон хъæбыстæ æмæ батæ. Дарддæр та...Дæ цард кæимæ баиу кæнынмæ хъавыс, уый... Нæма дæм смой кодта, афтæмæй демæ бæгъдулæг кæны.Стыр уарзондзинады æнкъарæнтæ йæ æркодтой демæ иу базмæ, æви уыцы фембæлды фæстæ æндæр цыдæр и?.. Кæд дæ размæ кæйдæртимæ... Чи зоны, сывæрджын у æмæ дыл хъадаман... баппарынмæ хъавы, хъуамæ дæ æрцахса, йæ

къæппæджы бахауай. Æмæ Олег йæхи уымæ уадзы? Æдылы у?

Уацирæт æй иу хатт дæр аба кæнын дæр æмæ ахъæбыс кæнын дæр нæ бауагъта, йæ армытъæпæнтæ-иу ын йæ риуыл авæрдта æмæ-иу ыл мидбылхудгæ иуварс ахæцыд. Уæд тезгъо кодтой проспекты, стæй та парчы. Аст сахаты сси, зæгъгæ, уæд-иу чызг хъæмæ цæуыныл ныллæууыд, цыма чысыл фылдæр куы афæсти-ат уа, уæд бæстæ басудздзæн.

Се 'ртыккаг фембæлд... Олег æмæ Уацирæт йæ дыууæ æмбал чызгимæ киномæ ацыдысты. Кассæмæ рады лæууыдысты. Иу ныхас. Иннæ ныхас. Уацирæт лæууыд Оледжы разæй. Уый дзы уыд бирæ къаддæр, йæ хуыз дæр – бирæ æрыгондæр, æмæ-иу лæппумæ афтæ каст, цыма йæ фарсмæ æртыккаг курсы студенткæ нæ лæууы, фæлæ æстæм-фарæстæм къласы ахуырдзау.

Кассæмæ сæ рад бахæццæ. Уацирæты æмбæлттæ лæууыдысты Оледжы фæстæ. Лæппу йæхи фæразæй кодта, дыууæ билетæн æхца систа. Уацирæт, йе 'мбал чызджытæ йæ куыд ницы фехъусой, афтæ былтызмæлдæй дзурæгау загъта:

– Уыдон та?..

Олег чызджытæм ракæсынмæ хъавыд, фæлæ йæхиуыл ныххæцыд. Уыдон та цы?.. Уый ныфсæй рацыдысты киномæ? Олег хъуамæ æнæхъæн горæтæн æлхæна билеттæ киномæ? Æмæ йыл цы мæгуырыбон и? Уацирæт æм йæ хъоппæг цæстытæй скаст, цыдæр уысм æдзæмæй аззад, стæй фестъæлфыд, тагъд-тагъд рацыд, азгъордта. Олег цыдæр уысм йæ мидбынат лæугæйæ аззад. Стæй... Хъуамæ Уацирæты баййафа, фæлæ уый афтæ тагъд згъордта æмæ адæмы æхсæн æрбайсæфт. Лæппу уæнгтæхъил æмæ сæркъулæй раздæхт. Киномæ нал бацыд. Уацирæтимæ фембæлыныл ма ацархайдта, фæлæ нал фæиу сты. Æвæццæгæн дзы чызг йæхи æмбæхста, æвæццæгæн дзы йæхи иуварс ласта. Олег æмдзæрæнмæ цалдæр хатты бацыд, хъахъхъæдта йæ, фæлæ... Æмæ уæдæ афтæ у? Къах йæ роны. Кæмæн фыддæр – хъæбæрдæр, кæд исчи фæфыдæнхъæл, уæд Уацирæт. Цымæ цы фæци? Нæ фæфæсмон кæны? Олег та афтæ зæгъы: ацы дунейыл цы цæуы, уый хуыздæрырдæм. Олегмæ афтæ кæсы: сылгоймаг у суйтæ, куырмæлхынцъытæ къуыбылойы хуызæн. Æмæ сæ дæхи хъахъхъæн, тæрс сæ. Йæ рохтæ никæд суагъта. Суанг æфсады дæр. Тарст, исты низ ыл куы бахæца. Тарст, исчи йыл йæ архъан куы баппара, хъазгæ-худгæйæ йыл куы æрхæца.

Æфсады иу ирон лæппуимæ, Зауыр йæ ном, иумæ службæ кодтой. Уый сылгоймæгты бирæ уарзта. Уæвгæ сæ цы лæппу, цы нæлгоймаг нæ уарзы? Зауыр ницæмæй тарст, нæ низ бахæцынæй, нæ къæппæджы бахауынæй... Уæлдай йын нæ уыд, цыфæнды сылгоймаг дæр уæд, йемæ фембæлынмæ цæттæ уыд. Раст усæджы хуызæн уыд. Олег ыл худæгæй мард, хуыдта йæ гомхъуыр усæг..

Иу изæр та иумæ тезгъо кæнынмæ рацыдысты. Æрталынг. Зымæг йæ сау пæлæзæй æфсæддон горæт æрæмбæрзта. Кæсынц, æмæ сæм дыууæ чызджы комкоммæ ‘рбацæуынц. Зауыр Олегмæ нæ разылд, афтæмæй иронау загъта:

– Адон махмæ цæуынц, адон мах агурынц, адон мах сты, – æмæ сæ размæ æрлæууыд, æмæ, цыма йæ рагон зонгæтæ уыдысты, афтæ сæ бафарста:

– Мыййаг, мах нæ агурут?

Сæ иу æм бахудт:

– Чи зоны, сымах.

Базонгæ сты. Зауыр хионхуызæй чызджытæй фыццаг иуæн, стæй иннæмæн сæ рустæн абатæ кодта, стæй Олегмæ разылд:

– Адон мах сты, æнхъæлмæ кæсын ницæмæ уал хъæуы.

Чызджытæ кæрæдзимæ бакастысты, Олег сын сæ нæмттæ нал хъуыды кæны. Сæ иу загъта:

– Цы ‘взагыл дзурут?

– Кавказаг. Ирон æвзагыл.

– О, о. Джигиттæ, – загъта иннæ чызг.

– О. Удæгас джигиттæ уæ цуры, – бахудт сæм Зауыр.

Чызджыты цæсгæмттæ талынджы хорз нæ зындысты, фæлæ уæддæр сæ зæрдæты уаг бæрæг уыд: сæ цæстытæ ‘рттывтой, сæ иуæн дæр æмæ иннæмæн дæр йæ хъæлæс уыд цины дзæнгæрæджы хуызæн. Олег уæд сылгоймагæн цастæ ‘мбæрста, ныр дæр сын куы ницы зоны, фæлæ иу хъуыддаг бæлвырд уыд: дыууæ чызджы сæ рæстæг арвитын фæнды лæппутимæ, æмæ уымæн дыууæ æнæрцæф салдатæй хуыздæр чи разындзæн? Ноджы ирон джигиттæ.

Олег дывыдон арты бахауд. Цы кæна, йæхи куыд дара? Æхсинты низтæ... Ам алы акъахдзæф дæр къæппæг у. Службæйы фæстæ ирон лæппутæй йæ хæдзармæ уырыссаг сылгоймагимæ иу æмæ дыууæ лæппуйы ссыд? Иннæмæй та... Чызг дæ цуры, мæнæ и, цы ма дæ хъæуы? Демæ фæуын æй кæй фæнды, уый не ‘мбæхсы. Æмæ Олег æцæгдæр дывыдон арты сыгъд. Йæ туг ыл куыд уæлахиз кæны, уый æнкъардта. Фæцæуынц цыппарæй. Кафæн фæзæй

хъуыст музыкæ, æмæ Олег загъта:

– Музыкæ нæ йæхимæ хоны.

Зауыр æм цæхгæр фæзылд:

– Цæй кафыны мæт дæ и, ницы зоныс æмæ дæ дзыхыл хæц.

Чызджыты уæхсчытыл йæ цæнгтæ æруагъта æмæ загъта:

– Мæнмæ гæсгæ, мах кæрæдзи хорз æмбарæм. Цæй кафтизæр нæ хъæуы? Цæй музыкæ нæ хъæуы? Уемæ кæдæм ацæуæм, ахæм бынæттæ ис?

– Зауыр, мæ зынаргъ, раст зæгъыс, – чызджытæй йын иу аба кодта. – Сыгъзæрин рæстæг сафын нæ хъæуы. Нæ дыууæйæн дæр ис фатертæ.

Æмæ фæхицæнтæ сты. Олег цыд чызджы фарсмæ, фæлæ, уæддæр, цæуа æви нæ цæуа, уый фидарæй нæма скарста. Тарст низæй. Тарст, цыдæр æнæзонгæ гацца чызг ыл куы ‘рхæца, уымæй. Иннæмæй та... Æппынфæстаг йæхимидæг йæ къух ауыгъта – цы уа, уый уæд! О! Цы уа, уый уæд.

Чызджы хæдзармæ бахæццæ сты, уæддæр ма дызæрдыг хъуыдытæ сæры зылдысты. Иу хъуыды дæр нал! Цы уа, уый уæд!

Чызг фатеры дуар байгом кодта, фæлæ рухс не ссыгъта. Æмæ цæуыннæ? Кæд цыдæр цæстфæлдахæджы фатермæ бахауд Олег? Æмæ йæм уæд цы ‘нхъæлмæ кæсы...

– Æмæ рухс...

Чызг æй дзурын нæ бауагъта:

– Дыууæ адæймаджы куы сæмбæлой, уæд уыдон сæхæдæг рухс стъалытæ сты. Мацæмæй тыхс, дæхи сæрибар æнкъар. Ма тыхс.

Олег ахъавыд: ацæуид æмæ... бынтон худинаг. Æппын фæстаг, лæппу нæу?

Чызг ын йæ цинел раласта æмæ уатмæ бацыд, уырдыгæй йæм дзуры:

– Мидæмæ рахиз. Ма ‘фсæрмы кæн.

Лæппу æнцад лæууы. Æмæ йæ дзаумæттæ цæуыннæ ласы? Цы ма йæ хъæуы? Цыдæр æбæрæг тас....

– Олежик, æвæццæгæн, сылгоймагимæ никæд ма сæмбæлдтæ, æмæ ма ‘фсæрмы кæн, рауай, – уаты гомдуарæй йæм хъуысы чызджы фæлмæн хъæлæс. Диссаг, Олег сылгоймагимæ нæма сæмбæлд, уый цæмæй базыдта? Йæ ныхыл фыст и? Кæдæм æрбахауд Олег? Кæй фатеры къæсæрæй æрбахызт? Æмæ йæ къух йæхи æгъдауæй дуары тарвазы фарсмæ цырагъ скъæпгæнæн агуры. Ан-

дзæвыд ыл. Къæлидор ныррухс. Æмæ лæппу дзагъырæй баззад. Уаты дуары къæсæрыл мадард бæгънæгæй лæууы… чызг… Цавæр чызг? Сылгоймаг. Ацæргæ ус. Æвæццæгæн, Олегæн йæ мады карæн. Æви ноджы хистæр. Олегмæ рацæйцыд, хъуамæ йын йæ къухыл ныххæцыдаид, чысыл сывæллоны хуызæн æй уатмæ акодтаид æмæ йæ рухс фæурæдта. Сылгоймаг цырагъ цæуыннæ ссыгъта, Олег ныр уый бамбæрста: бирæ хистæр дзы у æмæ…

– Ма ацу. Ма мæ ныууадз. Ма ацу, – йе ‘нгуылдзтæ Оледжы хæдоны æгънæджытыл тæлфынц. Лæппу йæхи атыдта. Цинел… Йæ цинел кæм и? Рон…

– Æз æрыгон чызгæй æвзæрдæр нæ дæн, – сылгоймаг ыл тыхсы, йæ былтæй йын йæ былтæ ахсы. Олег ницы хъуыста, йæхи æддæмæ раппæрста. Уынджы сулæфыд. Уыди расыджы хуызæн, йæ сæр зылд, фæцудыдта-иу. Къазармамæ куыддæртæй бахæццæ.

Зауыр фæзынди боныцъæхтыл. Разыйæ. Хъæлдзæгæй. Бæрæг уыд, хорз, æхсызгон рæстæг арвыста. Уæддæр æй бафарста:

– Куыд уыд?

– Тынг хорз. Кæсаджы хуызæн.

Олег ахъуыды кодта, æвæццæгæн, йе ‘мбал æрыгон чызгимæ сæмбæлд.

– Æмæ йыл цал азы цыд?

– Ды кæмæй ралыгътæ, уый мадымад.

– Æмæ афтæмæй…

– Æстдæсаздзыд чызгæй хуыздæр уыд.

– Ды адæймаг нæ дæ. Ды фос дæ.

– Ды та æдылы, – йæ хъæлæсыдзаг ныххудт Зауыр. Оледжы йе ‘мбалы цур лæууын нал фæндыд. Нал бафынæй уыдзæн, уый зыдта, уæддæр хъæццулы бын аныгъуылд. Зауырæй йæхи иуварс ласта. Афтæ йæм каст æмæ йæм ныр дæр афтæ кæсы: йе ‘мбалы фембæлд уыцы сылгоймагимæ уыди чъизи, æлгъаг ми. Фæлæ та уæддæр бахæлар сты. Ирæттæ… Олег ахъуыды кодта. Ирæттæ… Ирæттæ дæр алы хуызæттæ сты. Дыууæ адæймаджы, суанг фаззæттæ дæр æмхуызон уой, уымæн гæнæн нæй. Дунейы æппæты вазыгджындæр у адæймаг. Дунейы æппæты вазыгджындæр у цард. Дæ цардæмбал фæрæстмæ, уæд амондджын дæ. Уый афтæ кæй у, Олег уый хæрзæрыгонæй фæстæмæ дæр зыдта.

Альбинæ… Сæ фыццаг фембæлды фæстæ дæр Олег бамбæрста: Альбинæ, рагæй кæмæ ‘нхъæлмæ каст, кæй агуырдта, уый у.

Авд мæйæ фылдæр фембæлдысты æмæ фæстагмæ скарста: дарддæр ын æргъæвæн нал и. Йæ зæрдæмæ фæцыд алцæмæй дæр – бакастæй, йе сныхасæй, йæ алы фæзылдæй... Хæдзонд, æфсармджын, уæздан адæймаг. Æмæ йын лæппу сæ иу фембæлды йæ зæрдæйы дуæрттæ байгом кодта. Чызг æм бахудт, йæ сæр æруагъта, йæ цæсгом асырх æмæ загъта:

– Хорз. Ды куыд зæгъай, афтæ.

Олег, адæм сæ цурты дыууæрдæм нæ кодтой, æфсарм æй нæ урæдта, зæгъгæ, уæд чызджы йæ хъæбысмæ фелвæстаид æмæ йæ йæ алыварс ныззылдтаид. Цымæ йæ Альбинæ йæхицæн ахъæбыс кæнын бауагътаид? Сæ фембæлдты-иу барæй чызгæн аба, ахъæбыс кæныныл афæлвæрдта, фæлæ-иу уый йæхи фæиуварс кодта. Æмæ уый Оледжы зæрдæмæ тынг цыд.

Лæппу йæхимидæг раджы скарста. Хуры чызджы куы бауарза, æнæ уый мæлыны къахыл куы ныллæууа, уæддæр чындзæхсæв не скæндзæн. Бирæ хæрдзтæ йыл хъæуы, æрмæст уый тыххæй нæ, уæд та сæ цард нæ ацыд?.. Уæвæн и? Лæппу йæхимидæг тыхст. Йæ хъуыды йæ фидæны бинойнагæн куыд хуыздæр бамбарын кæна? Йемæ куы не сразы уа, уæд... уæд æй уым хъахъдзыхæй ныууадздзæн. Йемæ разы чи нæ у, уый йæ нæ хъæуы. Лæппу, æппынфæстаг, йæ фæнд райхæлдта. Чызг цасдæр рæстæг ницы загъта, стæй йæм скаст ахæм цæстытæй, цыма Олег æндæр планетæйæ ‘рхауд:

– Нæ дæ ‘мбарын. Ома, минæвæрттæ ма барвитай, чындзæхсæв ма скæнæм, афтæмæй бацæрæм, афтæ дæ фæнды?

Альбинæ, æмбаргæ чызг у, раст æй бамбæрста. Йæ хъæлæс... Йæ хъæлæс йæ зæрдæмæ нæ фæцыд. Йæ цæстæнгас... Уæдмæ йын ахæм тызмæг цæстæнгас никæд уыд.

– Æмæ, дæумæ гæсгæ, æз сидзæр дæн? Дæумæ гæсгæ, мæнæн бинонтæ нæй? Æви уыдонмæ минæвар барвитын дæ сæрмæ нæ хæссыс?

Альбинæ йæ не ‘мбары. Æнæ чындзæхсæв скæнгæйæ, иу æмæ дыууæйæ баиу кодтой сæ цард. Æфсоны скъæфт æй акæны. Альбинæ ахæм æнæгъдау ми йæ сæрмæ не ‘рхæсдзæн. Æмæ уæд Олег æргом, æнæ дæлгоммæ ныхæстæй, йæ хъуыды загъта:

– Зæгъæм, сæ иумæйаг цард нæ ацыд, уæд сæ иуæн дæр æмæ иннæмæн дæр сæ хæрдзтæ дзæгъæлы не сты? Дон – хиды бынты. Æмæ цæмæн?..

Альбинæйы ныхас уыд цæхгæр:

– Æмæ хъуамæ цæуыннæ ацæуа нæ иумæйаг цард?

– Райсом цы уыдзæн, уымæн ничи ницы зоны, – загъта Олег. Йæхимидæг та хъуыды кодта: Альбинæйы раздæр куыд нæ базыдта, адæймаг куыд зын иртасæн у... Æмæ йын уый уыд зын, тынг зын, йæхимæ хæцыд. Уæддæр барæй загъта:

– Æз афтæ æнхъæлдтон, уарзыс мæ.

– Уыцы хуызы дæ чи уарзы, ахæм ссар, – Альбинæ йæм бахудт æмæ ацыд. Хъуамæ йæхæдæг ацыдаид Олег, хъуамæ уый ныууагътаид Альбинæйы лæугæ, фæлæ чызг фæразæй. Æмæ фæразæй уæд, уый тыххæй Олег нæ фегаддæр, йæ афицеры пъагæттæй æнæ пъагæттæй нæ аззад. Нæ! Альбинæ йæ нæ уарзта, куы йæ уарзтаид, уæд алцæуылдæр сразы уыдаид, æмæ, афоныл кæй фæхицæн сты, уый сæ дыууæйæн дæр уыди сæ амонд.

Амонд... Амонд... Олегæн цæмæндæр йæ зæрдыл æрбалæууыд Викæ. Цымæ, Викæ искæд амондджын уыд? Чи зоны, æппæты амондджындæр у ныртæккæ. Лæг бахудт. Йæхиуыл. Уый цы хъуыды у? Викæйæн цы тынг фæлурс цæсгом уыд, цыма йæ буары туг нæ цыд, фæлæ дон, чъырдон. Æвæццæгæн, фæстаг рæстæг йæ гуыбын никæд бафсæста, йæ мæгуыр цард æй Польшæмæ рахаста æмæ дзы хуыздæр æнхъæлæй йæ мæлæт ссардта. Олегæн йæ бон исты у? Ницы. Æмæ йыл уæдæ уæд хъуыды кæнын дæр нæ хъæуы. Æмæ йыл нал хъуыды кæны.

## ЛИДÆ

Лидæйæн йæ зæрдæ ницæмæуал æхсайы. Рæствæндаг фæцис. Уæвгæ, дæ кардæн къæдзилыл асæттынæй тæрс. Йе 'хца йæ къухы кæй бафтыдысты, уый уал дын йе стыр уæлахиз. Уый бынаты æндæр исчи цы кодтаид? Йе 'хца райстаид, æндæр цы кодтаид?.. Цыдæр хæлиудзых, уæд гаффуттæй аззадаид. Викæйы цур æмæ йæхи цур дæр Лидæйæн йæ цæсгом сыгъдæг у. Йе 'хцайæ йын капекк дæр уæлдай нæ систа. Викæйæн раздахæн нал и, фæлæ йæ сывæллæттæ... Хуры дыууæ тыны. Цы фæуыдзысты? Къухæйкъухмæ нæ ахаудзысты? Сывæллæтты хæдзар сæ хæдзар не суыдзæн? Викæйы хæстæг Азæ, æндæр сын Лидæ хион никæй зоны. Æмæ уымæн йæхицæн æртæ сывæллоны, дæлдæр-уæлдæртæ. Уæд цы 'рцыд? Ныййарын хорз у, фæлæ ма сæ дарын дæр хъæуы, хъомыл сæ хъæуы. Дæ былтæ сырх-сырхид сахор, дæ цæсгом

пудрæ æмæ кремты бын фæкæн æмæ цыма искæй къæхтыл цæуыс, афтæ тасгæ-уасгæ фæцæйцу. Дзурынмæ та йæ дæс авдакаты дæр нæ амбулдзысты. Лидæ йæ нæ бауарзта, йæ зæрдæ йæ нæ райста. Цæмæн – æмæ гъа. Уый дын, цæуыннæ, Викæйы сидзæр сывæллæтты схъомыл кæндзæн, йæхиуæттæ дзæгъæлзæдты хуызæн куы сты.

Базар мыды чыргъæды гуыв-гуыв кæны. Лидæ цы дзаумæттæ раласта, уыдон пайдайагæй ауæй кодта. Æлхæнын дæр æй бирæ нал хъæуы. Йæ фæндагæй разы у. Хатгай афтæ рауайы, æмæ æнæхъæн бон ницы ауæй кæндзынæ, æмæ уæд мæстæй тæгæлтæ хау, бон дзæгъæлы фесæфт.

Иу ас лæг Лидæйы цур æрлæууыд, цыдæр дзæгъæл кæстытæ кæны, æвæццæгæн, цы йæ хъæуы, уый йæхæдæг дæр нæ зоны. Иуварс ыл ахæцид æмæ... Æппынфæстаг йæхæдæг ацыд. Ам цынæ хуызон адæм фендзынæ. Бакастæй ахуыргонд лæппу, кæнæ лæппулæг, бацæудзæн дæм æмæ дæм ныхасæппарæн кæндзæн, цыма Лидæйæн уымæ хъусын йеддæмæ æндæр ницы куыст и, æртæ æгъуыссæг æхсæвы æмæ боны ардæм бæгъдулæг кæнынмæ рацыд. Мæстæй фæцæйскъуыны, иуварс азилы æмæ адæмы сæрты кæдæмдæр фæкæсы: куыдз мигъмæ куыд рæйа, афтæ рæй, зæгъгæ.

Лидæйæн та цæмæндæр Викæйы сывæллæттæ йæ зæрдыл æрбалæууыдысты. Цы фæуыдзысты? Азæ сæ æрбахæстæг кæндзæн? Æмæ йæ цæмæн хъæуынц? Цы сæ кæны? Йæхи сывæллæттæ æххормаг æмæ бæгънæг куы сты. Азæ æддаг бакастæй куыд сабыр æмæ фæлмæн зыны, мидæгæй ахæм нæу. Адæм бирæгъты хуызæн систы, кæцæй цы раскъæфой, кæдæм фæлæбурой... Æмæ Азæ дæр... Азæ йæхион ауадза?.. Лидæ йыл нырмæ дæр куыд нæ ахъуыды кодта.

Сылгоймаг, цы йæ балхæнын хъæуы, уыдон ын цы гæххæттыл фыст сты, уымæ æркаст. Чысыл цыдæртæ ма йæ хъæуы, æмæ уæд сулæфдзæн. Уæдæ ам дæ дзыхæй кæс æмæ дæм, цæуыннæ, арвæй стъалытæ хаудзæн. Æппынæдзух дын рæстæг нæ фаг кæны. Дæ фарсмæ дæ зонгæ, кæнæ де 'мфæндаггон, æргътæ зоны, дæ дзаумæттæ ууыл афæдзæхс æмæ азгъор, цы дæ хъæуы, уый тагъд-тагъд алхæн, алы минут дæр удхосы хуызæн зынаргъ у. Викæ, мæгуыр, цы кодтаид? Ацы куыст скъоладзауты ахуыр кæнын нæу, ам æндæр скъола ис: æгъатыр, чысыл рæдыд дæр нæ бары. Уæвгæ, Лидæ йæм фæкастаид.

Сылгоймаг цыдæр уысм аджих: уæддæр... Алцæмæн дæр уæвæн и, адæймагæй æнæуууæнкдæр ацы зæххыл ницы и. Гæнæн ис æмæ Азæ йæ хæстæджы сывæллæттæ райса, йæхиуыл сæ скæна. Рæстæгмæ. Хæдзар цас хæдзар у, цыдæр къуым, æмæ йæхи куы бауа, уæд сæ феддæдуар кæна æмæ, хæрæг ихы сæр куыд аззайа, афтæ æнæницæмæй аззайдзысты, сидзæр сывæллæтты хæдзары смидæг уыдзысты. Цард тызмæг æмæ æгъатыр у. Ау, Азæ æмæ йæ лæг афтæ бакæндзысты? Уыцы æнамонд сабиты тæригъæды бацæудзысты? Æмæ Хуыцауæй мауал тæрсæнт, фæлæ мæрдтæй та?.. Мæнæ цы рæстæг цæрæм, мæнæ...

Викæйы хæдзар цæй хæдзар у, талынг, æвадат, уымæл къуым, фæлæ уæддæр, искæй фæсдуæртты рахау-бахауы бæсты уым фæныгъуыл, цыфæнды уæд, фæлæ уæддæр – хи мусонг. Йæ хицау æй дыууæ æви æртæ азы фæуæй кодта. Цыма аргъæутты галуан уыд, ахæм аргъ ын ныккъкъуырдта, цыма æлхæнæг уæйгæнæгæй æдылыдæр у. Лидæ иу рæстæджы ахъавыд: йæхæдæг æй райса, сцалцæг æй кæна æмæ йæ фатеры ратта, йæ капекк дзы кусдзæн. Ноджы хуыздæр та, уынгмæ йын дуар æмæ рудзынг фæкъæртт кæн æмæ дын дукани. Фæлæ уыцы аргъ... Ноджы æдзæрæг хæдзар, æдзæллаг, сæфы. Алцæмæндæр ис йæхи æлхæнæг æмæ уыцы хæдзаргондæн йæ æлхæнæг разынд мæгуыр, æнамонд Викæ. Йæ аргъæй йын хорз аппæрста, фæлæ йæ Лидæ уæддæр уыцы æхцайæ нæ балхæдтаид. Ныр... Цымæ... Уæйгæнæн ын и? Закъон цы зæгъы? Дыууæ æнахъом сывæллоны хъуамæ æнæ къуымæй аззайой?! Æмæ закъонтæ цы сты? Æхца авæр æмæ... Уæрдонæн йæ сæмæн байсæрд æмæ нæ хъинц кæндзæн. Къленц Азæ æмæ йæ лæг уыцы хъуыддæгтæн исты зонынц? Уæвгæ, атонынмæ, æрбассивынмæ алчидæр дæсны у. Æмæ сын уыцы сывæллæтты тæригъæд Уæллаг ныббардзæн?

Лидæ арæх нæ рæдийы. Нæ, фæлæ кæд фæрæдыд? Ныр дæр... Азæ Викæйы хæдзар йæхи куы бакæна, уæд уыдон уыцы талынг къуым сцалцæг кæной, дукани, кæнæ дзы ахæм исты саразой, уый сæ сæр никæд æрцахсдзæн, стæй сæм цæй æхца ис. Æмæ йæ уæд кæндзысты уæй. Уæдæ чидæр хæрæг уасынæн куыд дардта, афтæ йæ дардзысты? Цæмæй дзы тагъддæр фервæзой, ууыл архайдзысты. Æмæ йын уæд ауадзæн нæй. Лидæ закъонтæ цас зоны, фæлæ йæ куы бахъæуой, уæд сæ базондзæн. Закъонмæ гæсгæ, фыццаг балхæныны бар, кæрты чи цæры, сыхаг чи у, уымæн и. Цыдæр æцæгæлон æй хъуамæ цæмæн балхæна? Цыдæр

æцæгæлон сæ кæрты хъуамæ цæмæн æрцæра? Ноджы исты фыдцъылыс, хъапхай куы разына, уæд сæ æддæг-мидæг ауайын кæндзæн. Нæ! Азæйæн, мыййаг, Викæйы хæдзар йæ къухы куы бафта, уæд æй Лидæ нæ ауадздзæн. Стæй, чифæндыдæр æй уæй кæнæд, райсын æй хъæудзæн. Сцалцæг æй кæндзæн æмæ дзы рауайдзæн чысыл хорз дукани. Сæ цурты адæм дыууæрдæм кæнынц æмæ æлхæнæгхъуаг нæ уыдзысты. Ныр цард сæудæджер кæнынырдæм разылд, ауæй кæн, балхæн... Змæлын хъæуы. О, змæлын хъæуы! Викæйы хæдзар йæ къухы куы нæ бафта, уæддæр Лидæ исты æрхъуыды кæндзæн, исты ссардзæн. Лидæ ацы царды æппæты фæстæгтæй никæд уыд æмæ нæ уыдзæн.

## РАЙКÆ

Райкæ æппынфæстаг йæ базайрæгтæ ауæй кодта. Кæй сæ фервæзт! Раздæр, уымæн дæр йæ фæнд йе 'мфæндаггонты хуызæн уыд. Истытæ балхæндзæн æмæ сæ нæхимæ зынаргъдæрыл ауæй кæндзæн. Кæд йæ бинонтæн исты райса, æндæр ницы 'лхæны. Ныр та хъуамæ уыдонимæ тухæн кæна? Цæуыннæ! Йæ къæхтыл ма тыххæй лæууы, йæ фæллад цалдæр мæйы дæр нал ссæудзæн, йæхи хуызæн нал у. Абон йæ айдæн нал систа æмæ, цалынмæ сæхимæ схæццæ уа, уæдмæ йæ нал сисдзæн. Айдæны йæхи нæ уыдта, фæлæ æндæр кæйдæр. Амæллæг. Цалдæр бонмæ фæзæрондхуыз, йæ рустæ æмæ йæ цæстытæ мидæмæ бахаудысты, йæ ныхы æнцъылдтæ сау хæххытæй разындысты. Райкæ айдæны уыдта æцæгæлон сылгоймаджы. Чысыл ма, уæд айдæн, цыма уый у аххосджын, афтæ иуварс фехстаид. Цымæ дзы цал килойы ахауд? Йæ къæхтыл ма тыххæй лæууы. Æмæ, цалынмæ хæдзарыл сæмбæла, уæдмæ ма дзы цас ахаудзæн? Цæй Польшæ йæ хъуыд? Дæ хæдзары æнцад бад. Искæд ма йæ сынтæгмæ баирвæздзæн? Хуыссæгæй ма искæд бафсæддзæн? Куыд тынг бафæллад, куыд!

Æмæ афтæмæй Геор йæ зондджын фæндонимæ фæзынд: Викæйы дзаумæттæ фæстæмæ Ирыстонмæ аласын худинаг у, не 'хсæн сæ байуарæм, ауæй сæ кæнæм æмæ цы 'хца райсæм, уыдон йæ бинонтæн ратдзыстæм. Æвæджиауы хорз хъуыды æмæ, табуафси, йæ фадат кæмæн у, уый сæ иу хай райсæд æмæ сæ ауæй кæнæд. Тынг хорз хъуыды! Райкæ разы у, æрмæст уымæ мачи

дзурæд, уый йæхи дзаумæттæ тыхтæ-фыдтæй куы ауæй кодта, сфæлмæцыди сæ. Цæуыннæ, бонизæрмæ рæдзæ-мæдзæ кæнгæ, йæ зæнгтæ-иу йæ быны фæдыдагъ уыдзысты, афтæмæй кæйдæр хæррæгътæ куыннæ уæй кæндзæн!..

Райкæ Викæйы дзаумæттæй ницы райста, æмæ йæм Геор ахæм каст æрбакодта, цыма йæ цыфыддæр знаг уыд. Йæ сæрыл хъен дæр слæууæд, йæ тъæнгтæ дæр акалæд. Цыдæртæ ма дзырдта, афтæ не 'мбæлы, адæймаг хъуамæ кæмфæнды дæр адæймаг уа. Æмæ уый уæд адæймаг, Райкæ адæймаг нæу.

Райкæ Георы фæстаг ныхæстæ нал фехъуыста, иуварс ацыд. Геор кæд Викæйыл афтæ тынг тыхсы, уæд уал йæхи дзаумæтты разæй уый дзаумæттæ ауæй кодтаид. Æмæ дын уый лæг. Стæй, æхца йæм нæй? Иууылдæр йæ кой куы кæнынц, æмæ кæд Викæйыл афтæ тыхсы, уæд ын йæ чыссæйы иу сом атъыссæд. Исчи йын йæ къухтыл хæцы? Æмæ дын уæд уый лæг!

Райкæ йæ царды стырдæр цы рæдыдтытæ æруагъта, цы стырдæр рæдыдтытæ фæкодта, уыдонæй иу – Польшæмæ кæй рацыд, уый. Ныр ын йæ кой дæр мачиуал скæнæд, Польшæ нал и, амард. Йæ лæппу æмæ йæ чызгæн исты куы балхæнид, æнхъæлмæ йæм кæсдзысты, æмæ афтид къухæй сæ цуры куыд æрлæудзæн. Абон никæдæм уал ацæудзæн, райсом бæрæг уыдзæн. Фыццаг æм æндæр фæндтæ уыд: йæ дзаумæттæ куы ауæй кæна, уæд, нæхимæ хуыздæр цы балхæндзысты, хуыздæр цы ауæй уыдзæн, ахæм дзаумæттæй йæ дыууæ хызыны байдзаг кæндзæн. Йæхæдæг-иу сæ базармæ ахæсдзæн æмæ сæ уæй кæндзæн, уæд сæ пайда фылдæр уыдзæн. Ныр æй дунейыл ницыуал хъæуы, Варшавæйы стыр базар йæ фæстæ куы лидзид, уæддæр дзы иу дзаумамæ дæр нал бавналид.

Райкæ тынг бафæллад, йæ цæстытæ хуыссæгхъуагæй æрцъынд-æрцъынд кæнынц. Ныртæккæ йæ бадæны йæхи æруадздзæн æмæ уайминут афынæй уыдзæн. Искæд ма хуыссæгæй бафсæддзæн? Куы афынæй уа, уæд йæ алыварс сармадзантæй дæр æхсæнт. Нæ райхъал уыдзæн. Уымæн æмæ фæллад у, тынг фæллад. Викæ... Æвæццæгæн, уый дæр тынг бафæллад æмæ ныр улæфы, фынæй кæны. Уый... Хуыцау, уый куыд фынæй кæны, уымæй бахизæд, уый кæны мæрдон фынæй. Райкæйы мæлын нæма фæнды. Æмæ йæ цæмæн фæнда? Цард нырма разæй и.

# ÆХСАР

Викæйы лæджы куыст, дам, водкæимæ уыд, цыдæр бæллæхы бахауд æмæ йæ зæрдæ нæ баурæдта. Æхсармæ афтæ кæсы, цыма, карз нозтимæ йæ куыст баст кæмæн у, уыдон æнамонд сты. Чи зоны, Викæйы лæджы цард афтæ æрыгонæй нæ фескъуыдаид, æмæ Викæ дæр уæд фæндагыл нæ амардаид. Æви уый Æхсар йæхæдæг йæхицæн æрхъуыды кодта? Æви цард афтæ у, дæ бон, дæ хъару куыд у, афтæ фæйнæрдæм лæбур, скъæф? Æви нæ хъуыддæгтæ иууылдæр Уæллагæй аразгæ сты? Æмæ-гъа. Æмæ-гъа.

Æхсары скъолайæ куы ратардтой, уæдæй фæстæмæ зæрдæйы фæндон куыст нæма ссардта, ныссуйтæ. Цыма йын хинтæ счындæуыд. Рæстæгмæ иу куыст, иннæ куыст. Суанг ма спъиртзаводмæ дæр бахауд. Йæ размæ йын гауызтæ айтыгътой æмæ парахат уаты фæлмæн къæлæтджыны йæхи æруагъта. Директорæй. Хицауæй. Ха-ха! Уый кодта стыр бæрнон æмæ ахсджиаг куыст! Уый уыди гæс, хъахъхъæнæг, хъалагъур. Цымæ уыдон, Æхсар раздæр кæм куыста, уырдæм, скъоламæ нæ бадзырдтой? Цыдæр æнцонæй йæ райстой. Уый æнхъæлдта: лыстæг сасирæй та йæ луардзысты, цыма иууылдæр се скъолайы директор Афассæйы бафæрсынц, горæты нæ, фæлæ æнæхъæн республикæйы дæр кадрты хицау уый у, Æхсармæ афтæ кæсы.

Спъиртзаводы уыдысты æртæ гæсы, сæ кæстæр Æхсар, сæ хистæр Петро, æртиссæдз азæй йыл къаддæр нæ цыд, йæхимæ «Жигули». Се 'ннæ æмбал – Афаназ. Уыдон фыццаг бон нæ куыстой. Хицау сæм фæдзырдта æмæ сын сæ хæс бамбарын кодта: заводæй мисхалы бæрц дæр исты куы фесæфа, уæд ыл дзуапп дæттынц уыдон.

– Æнæмæнгæй. Уæдæ ма ам цы ми кæнæм? – загъта Петро, хъахъхъæнджыты чысыл хицау, сæ разамонæг. Æхсар цæмæй тарст: искæй роны йæ джигул кæнын куы бахъæуа, кæйдæр буарыл де 'нгуылдзтæ хæсс, сгар æй. Худинаг æмæ амæлæт. Æмæ йæ уæд милуантæ дæр нæ хъæуы. Дзидзайы комбинаты, дам, нæлгоймагæй, сылгоймагæй фæлмæн дзидзайы дæргъæй-дæргъмæ уаццаг дæ гом астæуыл æрбатух, æрбабæтт æй, дæ къухтæ афтид, сыгъдæг, æмæ рацæйцу. Исты рахæссыс æви нæ – ацу æмæ йæ базон. Фæлтæрдджын хъалагъурæй, дам, уæддæр ницы аирвæзы. Æмæ уый кæуинаг хъуыддаг нæу? Дзидза дын дæ гом буарæй растыгътой. Æмæ ма, цымæ, уый хæрынмæ фæбæззы? Нæ!

Ӕхсарæн сызгъæринтæ куы дæттой, уæддæр искæй роны йæ къух нæ ауадздзæн.

Хъахъхъæнджытæй иу суткæ улæфыд, иннæтæ куыстой. Куыдз дæр сæм уыд, замманай æмбаргæ, чысыл уынæр дæр æрбайхъуыст, уæд-иу йæхицæн бынат нал ардта, йæхи-иу фæцæймардта, дынджыр кæрты-иу дыууæрдæм ссилæг. Уыцы куыдз æртæ хъахъхъæнæгæй Петро, Афаназ æмæ Ӕхсарæй пайдадæр уыд. Ӕппынфæстаг, уый давгæ нæ кодта, уымæн йæхицæн гæс нæ хъуыд. Ӕхсар цалдæр боны акуыста æмæ бафиппайдта: Петро æмæ Афаназæн сæ къухтæ нæ лæууынц, фыццаг давджытæ сæхæдæг сты. Ноджы давтой хæлофæй, кæрæфæй, ницæуыл ауæрстой, цыма сæ цыфыддæр знаджы хæдзармæ баирвæзтысты, афтæ. Уæлдайдæр Петро.

Ӕхсар фыццаг æхсæв уыимæ баззад хъахъхъæнæгæй. Райсоммæ хорз фæфынæй кодта, йе 'нгуылдз дæр нæ базмæлыд. Ӕхсары хуыссæг нæ ахста, стæй куы ахстаид, уæддæр йæхицæн бафынæй кæныны бар нæ раттаид. Цас бакуыста спъиртзаводы хъахъхъæнæгæй? Ӕртæ мæйы æмæ æвддæс боны æмæ иу æхсæв дæр йæ цæстытæ кæрæдзиуыл не 'рæвæрдта. Хуыссæг æм æмгæрон нæ цыд.

Ӕхсар нæ бафынæй кодта, Петро уый куы базыдта, уæд дисы бацыд: цæуыннæ фынæй кæны? Хуыссæг æй нæ ахсы? Нæ ахсы. Цыма куы афынæй уа, уæд сæм цыдæр давджытæ æрбацæудзысты æмæ сæ фæкъахдзысты, ныггаффутт сæ кæндзысты, афтæ йæм кæсы. Йæ гыццыл хицау худт. Уый цал азы кусы ам хъахъхъæнæгæй æмæ иу давæг дæр никæд ма федта. Ӕхсар мацæмæй тæрсæд, бафынæй-иу кæнæд. Уый хуыссæг никæд æрцахста. Заводы стыр кæрт боны хуызæн рухс, уæддæр-иу дзыппыдаргæ фонар рахаста æмæ-иу сæ иузæрдион хъалагъур, сæ куыдз Пиратимæ къуымты æрзылдысты æмæ афтæ æхсæвыдæргъы цалдæр хатты.

Ӕхсар цыппар-фондз боны дæр нæма акуыста, афтæ дын Петро куы зæгъид:

– Ӕз-иу изæрыгæтты нæхимæ ацæудзынæн, ам æвзæр фынæй кæнын æмæ-иу райсомæй раджы æрбацæудзынæн.

Лæппумæ йæ хистæры ныхас диссаг фæкаст. Куыд ацæудзæн йæ хæдзармæ? Ӕмæ кусгæ нæ кæны?

– Ӕмæ афтæ дæр æмбæлы?

– Алцыдæр æмбæлы.

– Мæнмæ гæсгæ та не ‘мбæлы. Мызд цæй тыххæй исыс? – нал фæлæууыд æмæ йæ комкоммæ бафарста Æхсар. Петро йæм бахудт, йæ сæр нынкъуыста, сæ ног æмбал æм цыдæр æнахуыр адæймаг кæсы, йæ фæрстытæ, фыццаг ныхæстæ дзурын чи базоны, ахæм сывæллоны фæрстытæ, ахæм хъуыдытæ. Æхсарæн хъыг уыдысты йæ хистæры æнæуууылд дзыбандытæ æмæ йæм йæхи нæ баурæдта. Стæй, цæмæн хъуамæ баурæдтаид йæхи? Йæ цагъар у? Æхсар раст нæу? Алы куыстæн дæр ис йæхи уаг, æмæ уый куыд амоны, уый куыд домы, афтæ йæ æххæст кæнын хъæуы.

– Лæппу, – загъта Петро, – æвæццæгæн, нын зондамонынмæ æрбацыдтæ, фæлæ... дæ зонддждын ныхæстæ нæ истæмæн хъæуынц? Дзæгъæл гæрæхтæ нæ кæныс?

– Нæ, – дзуапп ын ратта Æхсар.

– Уый фендзыстæм, – Петро кæртмæ рахызт, фæстæмæ йæм радзагъул кодта, цыма афтæ зæгъынмæ хъавыд, сар мын дæ къона кæны.

Æхсар мæнæ ныр дæр йæхи фæрсы, кæм фæрæдыд? Цæмæй нæ уыд раст? Йæ чысыл хицауы зæрдæхудты цæмæй бацыд? Дæ куысты дыл цы хæстæ и, уыдон куыд æмбæлы, афтæ æххæст кæн æмæ алцыдæр уыдзæни нывыл.

Петро æмæ Æхсарæн уый уыд сæ фыццаг гыццыл быцæу. Иугæр быцæу, уæд дзы хъуамæ чидæр уæлахиздзау уа. Фæуæлахиз Æхсар. Петро æхсæвы сæхимæ ацæуыны кой никæдуал скодта.

Уый уыд сæ быцæуты райдайæн. Æхсар кæсы æмæ йе ‘мбæлттæ цæуыл хæст кæнынц, сæ къухты цы ‘фты, уый æнæфсармæй, цыма афтæ æмбæлы, афтæ сæ хæдзæрттæм хæссынц, ласынц, скъæфынц. Уæлдайдæр уыцы Петро. Йæ хæдтулгæ ауон ранмæ бакæны æмæ дзы цыдæртæ æвæры, цыдæртæ дзы тъыссæнтæ кæны. Æмæ Æхсар ахъуыды кодта: йæ дыууæ ‘мбалы гæстæ не сты, фæлæ давджытæ, уыдонæн сæхицæн хъалагъуртæ хъæуы. Æмæ уый куыд у? Уымæн уæвæн куыд ис? Бирæгъ – фысгæс. Петройы цæстытæ къуымты зилынц, алы рæтты сгарынц: кæцæй цы рахæсса, кæцæй цы радава. Заводы хицауадæй, бæрнон адæмæй исчи фæзынд, уæд та – зæд, йе ‘мбæлттимæ куыстуат хъахъхъæнынц цæстыгагуыйау, сыгъд спичкæйы хъæд дæр давын никуы никæмæн бауагътой æмæ нæ бауадздзысты.

Æхсар цалдæр боны йеддæмæ нæма куыста. Æрталынг. Адæм сæ хæдзæрттæм ацыдысты. Дынджыр завод сидзæры хуызæнæй

баззад. Петро дæр йæ зæронд «Жигули»–имæ нал зыны. Æмæ цы фæуыдаид? Кæртæй æддæмæ нæ ахызт. Лæппу фæйнæрдæм кæсы, хъахъхъæны. Йæ цæст ницы ахсы. Æмæ кæм и йе 'мбал? Æхсар хъуызæгау фæцæуы, куы иуæрдæм акæсы, куы иннæрдæм. Спъирты цехы, йæ дуар зыхъхъыр, рухс дзы кæлы. Æмæ йæ гуыдыр кæм и? Лæппу йæм йæ къахфындзтыл бацыд. Петройы къухтæ ницæмæ лæууынц, фæлæ бынтон афтæ... Фондзлитруат пластмассæйæ конд мигæнæнтæ йæ цуры цалдæр, дыууæ дзы се 'дзаг спъиртæй. Æртыккаг дæр ныртæккæ байдзаг кæндзæн. Цы уыны Æхсар? Цы хабар у? Хæлоф у?!

– Петро, уый цы ми кæныс?

Уый нæ фестъæлфыд, нæ фесхъиудта, иу нуар дæр дзы нæ фезмæлыд, цыма афтæ 'мбæлы, йæ куыст кæны. Æртыккаг мигæнæн байдзаг æмæ цыппæрæм райста. Æхсармæ нæ разылд, афтæмæй йæм дзуры:

– Самыр куыдзы хуызæн мæ фæстæ цы зилыс?

– Æз куыдз нæ дæн. Æз хъахъхъæнæг дæн, – лæппу цехы дуар уæрæхдæр байтыгъта.

– Ды куыдзæй æвзæрдæр дæ, – Петро йæ мигæнæнты спъирт кæны, спъирты хъæхъхъаг тæф фындзыл æмбæлы.

– Петро, мæ удæгасæй ды ардыгæй иу æртах дæр спъирт нæ аласдзынæ.

– Аласдзынæн. Цы мын дæ? – спъиртæй йе 'дзаг фæстаг фондзлитруат мигæнæн йæ машинæйы багажничы æрæвæрдта. Дуарыл рахæцыд, Æхсар æм йæ сынæг сарæзта, йе 'мбал йæхи амарæд, уæддæр машинæ цехæй нæ ацæудзæн.

– Лæппу, æнæфыдбылызæй дæхи куы ныууадзис. Дæхи иуварс айс!

– Дæ машинæ ардыгæй нæ атулдзæн.

– Æдылы дæ æви цы? – Петро Æхсармæ хæстæгдæр бацыд æмæ дзы йæ цæстытæ ныссагъта. – Æмæ дæ бакаст бынтон æдылыйы бакаст нæу. – Гыццыл хицауы хъæлæс фæфæлмæндæр, Æхсары уæхскыл йæ къух æруагъта æмæ йæ ныхас адарддæр кодта: – Ацы завод кæй у, уый йе 'хцатæ банымайын нæ фæразы, мах та капеччытыл кусæм. Æмæ мæнæн дæр бинонтæ и. Цы дзурын, уый æмбарыс?

– Нæ дæ 'мбарын. Кæд дæ мызд дæ зæрдæмæ нæ цæуы, уæд æндæр ран дæхицæн куыст ссар.

– Æрцæттæ мын кодтой.

– Нæ мыздтæ чысыл сты, зæгъгæ, уæд хъуамæ давгæ кæнæм?

– Бинонты дарын хъæуы. Дæуæн бинонтæ нæма и æмæ бинонтæ дарын цы у, уый нæ зоныс. Цы капеччытæ нын фидынц, уыдонæй цæрæн нæй. Æмбарыс мæ?

Æхсар йæ гыццыл хицауы не ’мбæрста. Заводы хицау кæд голджытæй хæссы æхца, уæддæр кæй цы хъуыддаг и? Завод цæмæй саразта? Куыд? Цы? Уый тыххæй ис сæрмагонд оргæнтæ æмæ йæ уыдон бæрæг кæнæнт.

– Петро, ацы куыстмæ куы цыдтæ, уæд дæ мызд цас уыдзæн, уый нæ зыдтай? – бафарста Æхсар йе ’мбалы.

– Зыдтон. Æмæ æрмæст мыздыл кæй нæ кусдзынæн, уый дæр зыдтон.

– Махæн нæхицæн хъахъхъæнджытæ хъæуы.

– Ныууадз дæ пионерты ныхæстæ. Кæд дæм афтæ кæсы æмæ ацы заводы хицау ацы завод йæ сыгъдæг фæллойæ саразта, уæд рæдийыс. Ардыгæй исты ахæссын тæригъæддзинад нæу æмæ мæ ма хъыгдар.

– Ды ардыгæй спъирт нæ аласдзынæ.

– Аласдзынæн! – Петро Æхсары асхуыста, чысыл ма æмæ ма ахауа, лæппу фæстæмæ фæзылд, йе ’мбал дзы бирæ хистæр у æмæ уымæ йæ къух сиса, уый...

Петро та йæ æрбацавта, лæппуйы риу ссыгъд, дзойтæгæнгæ дуары тарвазмæ йæхи бахаста. Гыццыл хицау йæ машинæ скусын кодта, цехы дуар сæхгæдта æмæ рацыд. Æхсар йæ фæстæ каст, сагъæсты анығъуылд: кæдæм æрбахауд? Цавæр адæмы æхсæн кусы? Хъахъхъæнджытæ сæхæдæг фыццаг давджытæ. Лæппу цалдæр хатты ахъавыд, заводы хицаумæ бацæуыдзæн æмæ йын алцыдæр æргом зæгъдзæн, йæ цæстытæ йын байгом кæндзæн. Фæлæ уæд... Цы йæ схондзысты йе ’мбæлттæ? Ардауæг. Дзырдхæссæг. Уый аххосæй сæ куыстæй хауæццаг куы фæуой, уæд... Уынджы нæ баззайдзысты? Уæд та сæ æрцахстой. Уæд та йæхæдæг йæ куыст ныууадзид. Банхъæлмæ уал кæсæд. Йæхи мин æмæ мин хатты бафарста: чи у, цы у адæймаг? Æрдз цы цæрæгойтæ сфæлдыста, уыдонæн сæ зондджындæр, рæсугъддæр, растдæр æви сæ тæккæ цъаммардæр, чъизи дæр, æгъатырдæр, æнæууæнкдæр?..

Петро æмæ се ’ннæ ’мбал цы радавой, куыд фылдæр раскъæфой, цыма æхсæвæй-бонæй сæ хъуыды ууыл у, Æхсармæ афтæ каст. Æмæ афтæ уыд. Фылдæр æнтыст сæ гыццыл хицауæн. Иу

адæймаг сæ хъыгдардта æмæ уый уыд Æхсар. Æмæ уый йæхæдæг дæр зыдта, уый уыд уæлдай, уый уыдонæй нæ уыд, уый уыд сæ цæсты сындз.

Петройæн сæхи завод фаг нал уыд. Иу æхсæв Æхсар кæсы æмæ сæ фарсмæ цыдæр куыстуат. Сæ гыццыл хицау быруйы сæрты йæхи фехста æмæ мидæмæ калы барæвзар хъæдæрмæгавджы хуызæн лæгъз фæйнæг. Æнтысгæ та йын куыд бирæ кодта, куыд нæ фæллад, сахат дæр нæ рацыд æмæ спъиртзаводы кæрты фæйнæджыты рагъ фегуырд. КАМАЗ, арвæй æрхауæгау, кæцæйдæр фæзынд, æртæ лæппуйы цæстыфæныкъуылдмæ фæйнæджытæ бакалдтой, æмæ машинæ куыд æнæнхъæлæджы фæзынд, афтæ æнæнхъæлæджы фæцыдæр. Æхсар æнцад лæууыд, машинæйæн йæ кой, йæ хъæр нал уыд, уæддæр ма йæ фæстæ каст æмæ хъуыды кодта, уымæн ам кусгæ нæу, йæхи нæ бауромдзæн æмæ уæд сæ хъуыддаг хылмæ цæуы, йе ‘мбæлттæ дзырд не ‘мбарынц. Йæхицæй ардауæг, дзырдхæссæг сараза, уый та йæ сæрмæ нæ хæссы. Фæлæ... ды уыныс æнæраст хъуыддаг, уыныс фыдгæнæджы, давæджы æмæ дæхи ницы уынæг скæн, уæд ды дæр давæг дæ, фыдгæнæг. Æмæ... Нæ! Æхсар хъуамæ йæ куыст ныууадза. Уый уыдзæн æппæты растдæр. Курдиат бадæтдзæн.

Æхсары курдиат ныффыссыны сæр нал бахъуыд. Йæхицæн, куыстæй ацæуыны уынаффæ куы рахаста, уымæй цалдæр боны рацыд, афтæ йæм заводы кадрты хицау фæдзырдта æмæ цæхгæр загъта:

– Дæ куыстæй разы не стæм æмæ заводæй барвæндæй кæй цæуыс, уый тыххæй курдиат ныффысс, – бæрнон лæджы ныхас уыд уазал, карз. Æмæ Æхсары цæмæн тæрынц йæ куыстæй? Цы ракодта æвзæрæй?

– Æмæ цæмæй разы не стут мæ куыстæй?

– Ныртæккæ ууыл нæ дзурдзыстæм. Фарста лыг у.

– Нæма у лыг.

Æхсар хъазæнхъул никæд уыд æмæ нæ уыдзæн! Цы ‘рцыд? Цæмæй сæ зæрдæмæ нæ цæуы йæ куыст? Æнæ уый базонгæ цæмæн хъуамæ ныффысса курдиат? Уый дæр чысыл цыдæртæ зоны, æппынфæстаг, ис фæллойадон закъонтæ æмæ уыдон æххæст кæнын хъæуы.

– Æз барвæндонæй курдиат нæ ныффысдзынæн. Æз фæллойадон уагæвæрд никæд фехæлдтон.

– Курдиат нæ ныффысдзынæ æмæ дæ атæрдзыстæм. Дæу хуызæн кусджытæ мах нæ хъæуы.

– Ома?

– Де ‘мбæлттæ дыл хъаст ныффыстой, куыстмæ æрæджы кæныс, дæ хæдзармæ афонæй раздæр ацæуыс, æхсæв-бонмæ фынæй кæныс, кæртмæ рацæуын нæ уæндыс. Æмæ уый иу, иннæ та, æмæ уый сæйрагдæр – дæ къухтæ нæ лæууынц. Æмæ мах ахæм кусæг нæ хъæуы.

Æхсар æдзæмæй лæууыд, йе ‘взаг бахус. Йæ дыууæ æмбалы дуне фæиннæрдæм кодтой. Иу ныхас дæр нал сфæрæзта, йæ къух зыр-зыр кодта, афтæмæй заводæй барвæндæй кæй цæуы, уый тыххæй курдиат ныффыста. Æддæмæ рахызт, хæстæгдæр цы даргъ хъæдын бадæн уыд, ууыл йæхи æруагъта, йæ къæхтæ йæ дарддæр нал хастой. Никæйы æмæ йæ ницы уынын фæндыд, йæ сæр, цыма йæ нал фæразы, афтæ бынмæ æрзæбул. Æмæ та ногæй, бирæ хæттыты йын æнцой цы хъуыдытæ нæ лæвæрдтой æмæ нæ дæттынц абон дæр, уыдон æрбагуылф кодтой: Цавæр адæмы æхсæн цæры? Кæимæ куыста, уыдон чи сты? Ахæм адæмы ‘хсæн цæрæн и? Къухтæ æмæ къæхтæ кæмæн и, уыдон се ‘ппæт адæм сты?.. Æхсар ницы уал зоны. Æхсар ницы зоны.

Лæппу Польшæмæ кæимæ рацыд, уыдонæй йæ цуры чи фæци, уыдоныл афæлгæсыд. Цымæ йе ‘мфæндаггонтæ та чи сты? Цавæр адæм сты? Æууæнк сыл и? Сомы тыххæй адæймаджы не ‘рбауæй кæндзысты? Цæмæндæр Æхсары сæры февзæрд. Хуыцау ма зæгъæд, фæлæ, зæгъæм, хæст, стыр хæст райдыдта, уæд Петройы хуызæттæ сæ къухтæм хæцæнгарз райсиккой? Райгуырæн бæстæ бахъахъхъæныны сæрвæлтау? Æмæ кæд, мыййаг, адæмы фылдæр хай ахæмтæ сты, уæд... Уæд куыд?.. Уæд паддзахады сæфт нæу? Уæддæр адæймаг цы у? Адæймаджы цал адæймаджы цæры? Чи у мæнæ Æхсар?.. Мæнæ Викæ ницыуал зоны æмæ æдыхст у. Викæ... сæнæмæт... алыгъд... Фæлæ удæгас адæймагæн алидзæн и? Адæмæй алидздзынæ, фæлæ дæхицæй кæдæм алидздзынæ? Уый у æнахуыр зиллакк, æддæмæ дзы дуар нæй. Æмæ, цалынмæ цæрыс, уæдмæ дзы зил, уæдмæ дзы зилдух кæн. Куы амæлай, уæд дын дуар байгом уыдзæн, уæд дæхæдæг дæхицæй аирвæзтæ. Æвæццæгæн, Викæ дæр йæхæдæг йæхицæй аирвæзт æмæ сулæфыд... ныр сулæфыд...

## АСИАТ

Асиатæн йæ зæрдæ ницæмæй рухс кæны, цыма хуыдалынг арф ныккæнды ныххауд æмæ дзы йæ бон схизын нæу, йæ цард

æм афтæ кæсы. Викæ дæр йæ хорз цардæй нæ бабын, йæ зæрдæйы рыст ыл ацы фыдвæндагыл æртæфст. Йæ бинонтæ... Бинонты рис адæймаджы дыууæ дихы кæны. Мадзура уыд, ацы даргъ фæндагыл ын Асиат йæ хъæлæс нымадæй фехъуыста цалдæр хатты. Викæ цас нæ дзырдта, уыйас, æвæццæгæн, йæ хуылф сыгъд.

Асиат... Æмæ цы дзура уый дæр, дзурынтæн ма у? Уыцы фыдæхсæв... Æмæ ма йæ бинонтыл искæд зæрдæрухс æхсæвтæ, зæрдæрухс бонтæ скæндзæн? Йæ кой дæр фесæфæд уыцы Горбачевæн, бæстæ фехæлдта, адæм æддæг-мидæг ауадысты, цард змæст доны хуызæн ссис. Фæлæ дзы Асиат уæддæр иу хъуыддагæй разы у, Афганистаны тугкалæн, æнамонд хæст баурæдта. Кæд исты хорз сарæзта, уæд уый. Æртындæс мин цардбæллон лæппуйæн аскъуыд сæ рæзгæ цард, æртындæс мин сау цинкæ чырыны сластой Афганистанæй. Уыцы æнамонд хæст уыцы дард æцæгæлон бæстæйы нæ цыд, фæлæ ам дæр, Ирыстоны дæр, йæ хъæбултæ уым кæмæн уыдысты, уыдонæй алы бинонты хæдзары дæр. Сармадзанты уæззау нæмгуытæ æрмæст уым нæ хæлдысты, фæлæ, сау æмырæхгæд цинк чырын кæй кæрты æрæвæрдтой, уым дæр. Бомбæты схъистæ æрмæст уым нæ тахтысты фæйнæрдæм ниугæ, фæлæ мæрдджыны хæдзары дæр. Автоматты нæмгуытæ æрмæст уым нæ карстой зæрдæтæ, фæлæ ам Ирыстоны дæр. Цал æмæ цал бинонтæн фехæлд сæ цард? Мæнæ дзы Асиаты бинонтæ саусыгъд бакодтой. Уыцы тугкалæн хæст кæй баурæдтой, уый йæ фыццаг нæ уырныдта. Уыцы æмырæхгæд цинкæ чырынтæ сæм нал ласдзысты? Ныййарджытæ, сæ хъæбулты сау гæххæттытæ сæм кæд æрбахæсдзысты, уымæй нал тæрсдзысты? Асиат йæ лæппутæн нал тарст, Вовæ, астæуккаг, ныр уый хистæр у, йе 'фсæддон хæс ахицæн кодта, кæстæр Алик дзæбæх куы уаид æмæ йæ службæмæ кæнынмæ Цæгат полюсмæ дæр куы арвыстаиккой. Мад йæ лæппутæн нал тарст, фæлæ цард æрмæст уыдонæй у? Афганистанæй æфсад кæнын куы райдыдтой, уæд æй бауырныдта – хицауад сæ ацы хатт нæ сайы. Уыцы бонтæ уыдысты йæ царды тæккæ амондджындæр бонтæ. Афтæиу æм каст, цыма Бег дæр ныртæккæ кæртмæ æрбахиздзæн, хæдзары дуар байгом кæндзæн... Йæхи сайдта. Уый кæдæм ацыд, уырдыгæй фæстæмæ здæхæн нал и. Æрбацæуы йæм йæ фынты, æмæ фын куы фескъуыны, Асиат куы фехъал вæййы, уæд та сусæгæй хорз фæкæуы.

Сылгоймаджы цæстытæ доны разылдысты. Асæрфта сæ. Викæ йын йæ цæстысыгæй дзаг азтæ фæстæмæ раздæхта. Æниу уый цæмæн? Алы бон дæр ын кæуæн бон у. Бег... Алик... Сæ бинонтæ бинонты хуызæн нал сты. Æмæ Бег нал и, фæлæ Алик... Алик... Уыцы фыдæхсæв... Алцыдæр Уæллагæй аразгæ у, æндæр... Уыцы тарæхсæв Беджы йæ ингæнæй куы скъахтой, дыккаг хатт æй куы баныгæдтой, уæд лæппуйыл цыдæр æрцыд. Райсомæй Вовæ сыстад, фæлæ Алик нæ зынд, æмæ мады зæрдæ фехсайдта: кæм и йæ кæстæр лæппу? Сыстын афон ын у æмæ уæд цæуыннæ зыны? Уатмæ йæм згъорæгау бацыд. Алик хуыссыд, йæ цæстытæ уæрæх гом, цармæ æдзæмæй каст. Асиаты къæхты уынæрмæ нæ разылд, мад æм æргуыбыр, уый цармæ куыд æдзынæгæй каст, афтæ каст. Йæ удæй дæр йæ мады фылдæр цы лæппу уарзта, уый йæ нæ уыдта. Асиат схуыфыд, йæ ныхыл ын йæ армытъæпæн ахаста, кæд æм тæвд и, кæд исты кодта, уый йæм уæддæр не скаст, йæ цæстæнгас уыд афтæ, цыма йæ цуры ничи и, ницы уыны. Мад хъуыды кодта, йæ зæрдæсаст лæппу йæ хъуыдыты адзæгъæл, ныртæккæ йæм ракæсдзæн, йæхи йæм нылхъивдзæн, йæ фæлмæн морæхуыз цæстытæ йыл ахæсдзæн, сыстдзæн, йæ сæр мады уæхскыл банцой кæндзæн æмæ зæгъдзæн:

– Мамæ!

Уымæй иу ныхас нæ хауд, куыд æдзæмæй каст, афтæ æдзæмæй каст. Асиат, сæ хæдзарыл цы ног æвирхъау бæллæх æрцыд, уый нæма ‘мбæрста. Мад ныррызт. Йæ лæппуйыл цыдæр æрцыд, йæ лæппу раздæры лæппу нал у. Йæ цæстытæ... ницы дзырдтой, ницы æвдыстой. Асиат ын йæ армытъæпæн йæ ныхыл, йæ рустыл ахаста, фæлмæн, хъавгæ, науæд куы фæтæрса, куы фестъæлфа.

– Алик, Алик.

Уый йæм нæ каст. Йæ цæстытæ йæ хъæбулы цæстытæ нал уыдысты, уыдон уыдысты æцæгæлон, ницы сæ ‘ндæвта, ницы сæ хъуыд.

– Алик. О, Алик, – дзуры мад йæ фыртмæ сабыр хъæлæсæй. Фæндыдис æй йæ хъæлæсыдзаг ныцъцъæгъахст кæнын, фæлæ... Йæ рохтæ не суадздзæн. Йæ хъæбул... Йæ хъæбулыл цыдæр æрцыд, сынтæджы дзагъыр цæстæй йæ кæстæр лæппу нæ хуыссы, фæлæ æндæр чидæр. Асиат йæхи нал баурæдта, йæ уæхсчытыл ын ныххæцыд æмæ йæ ныууыгъта:

– Алик, цы кæныс? Алик!

Ракаст ӕм, цыма ӕцӕгӕлонмӕ, ӕппындӕр кӕй нӕ зоны, ахӕм адӕймагмӕ кӕсы, ахӕм цӕстытӕй.

– Алик, уый ӕз дӕн, дӕ мад Асиат.

– Мамӕ?.. Мамӕ, бауадз мӕ, – ӕмӕ йын йӕ къухыл иуварс ахӕцыд. Цыма афтӕ зӕгъынмӕ хъавы, ничи мӕ хъӕуы, ницы мӕ 'ндавы. Ӕмӕ уымӕн уӕвӕн и? Ацы дунейыл йӕ мадӕй фылдӕр куы никӕй уарзы, ацы дунейыл ын йӕ мадӕй зынаргъдӕр куы ничи ис. Дыууадӕсаздзыд лӕппу, ӕрбацӕуы йӕм ӕмӕ йӕм чысыл сывӕллоны хуызӕн йӕхи нылхъивы ӕмӕ фӕзӕгъы:

– Мамӕ, ӕппӕты хуыздӕр мӕм цы кӕсы, уый зоныс? Куы мӕ 'рбахъӕбыс кӕныс ӕмӕ мын дӕ армытъӕпӕнтӕ мӕ сӕрыл куы фӕхӕссыс, уый.

Ӕмӕ йӕм уыцы мадуарзаг лӕппу, цыма йӕ цуры йӕ мад нӕ, фӕлӕ цавӕрдӕр ӕнӕзонгӕ сылгоймаг лӕууы, ахӕм цӕстытӕй каст. Асиат йӕ уӕрджытӕ ныххоста ӕмӕ азгъордта:

– Алик... Алик цыдӕр кодта!

Мамсыр ын йӕ къухтӕ ахста, сабыр ӕй кодта, фӕлӕ йын йӕ бон ницы уыд, цыма сонт фӕци, йӕ цъӕгъахст ӕмӕ йӕ къухты змӕлд нал хатыд. Иу рӕстӕг йӕхӕдӕг ӕрсабыр. Мад ӕмӕ фыд бамбӕрстой, сӕ бинонтыл ӕрцыд ног бӕллӕх, ӕвирхъау бӕллӕх. Лӕппутӕ 'хсӕвы сусӕгӕй Беджы куы скъахтой, Алик йӕ уарзон ӕфсымӕры сау чырыны куы федта, уӕд йӕ чысыл, ӕвзонг, сыгъдӕг уд уый нӕ баурӕдта, фӕтарст. Фӕтарст... йӕ туг. Фӕтарст... йӕ чысыл зӕрдӕ.

Уыцы бон ӕй районы дохтыртӕн фенын кодтой. Дыккаг бон ӕй горӕтмӕ аластой. Уӕдӕй нырмӕ цал зындгонд ӕмӕ хуымӕтӕг дохтыры цур ӕрлӕууыдысты? Хуыздӕр ын чи баххуыс кӕндзӕн? Цал ӕмӕ цал хатты скодтой ӕртӕ кӕрдзыны? Дӕсныты фӕзылдысты. Кӕсӕгмӕ дӕр ма фӕхӕццӕ сты. Ӕмӕ... Ӕмӕ ницы... Ӕмӕ Аликӕн хосы тыххӕй арвы кӕронмӕ дӕр ацӕудзысты. Сӕ хӕдзар ауӕй кӕндзысты, ӕрмӕст ын хосгӕнӕг хос ссарӕд. Уый цавӕр низ у, цъаммар низ, хосгӕнӕг хос кӕмӕн нӕ ары? Тыхджынӕй-тыхджындӕр ыл кӕны, тыхсы йыл, йӕ цӕнгӕт тӕлытӕй йӕ 'лвасы ӕмӕ лӕппу тайы, йӕхи хуызӕн нал у. Фӕстаг аз, аз ӕмӕ 'рдӕг бынтондӕр аивта. Оу, мӕнӕ Асиат цытӕ 'взары! Оу, мӕнӕ сӕ бинонтыл цы мӕгуыры бонтӕ кӕны! Уыцы дард, ӕцӕгӕлон бӕстӕ Афганистаны топпы хъӕр нал хъуысы, фӕлӕ Мамсыры хӕдзары алы бон дӕр цӕуы хӕст, уыцы сусӕг суйтӕ хӕст Мамсыры хӕдзармӕ раивта. Раздӕр исты зӕгъын нӕ, фӕлӕ

адæймагмæ комкоммæ бакæсын дæр æфсæрмы чи кодта, уыцы лæппумæ ныр сдзурæн нал и, цы йын фæхъыг уыдзæн, уый йæхæдæг дæр нæ зоны. Æмæ хъавгæ дзур, хъавгæ йæм бакæс. Вовæйы куыд бирæ уарзта, æрхъæцмæ йыл нæ хъæцыд, æрæгмæ зыны, уæд-иу йæхицæн бынат нал ардта. Фæстагмæ йе 'фсымæр йе знаг сси. Æрбацæуы, ауыдта йæ, уæд-иу стыхст, йе 'нгуылдзтæ, цыма сæ асæттынмæ хъавы, афтæ-иу сæ сыздыхта. Йæ дæндæгты къæс-къæс цыд. Æмæ дзы дæхи хъахъхъæн, сусæгæй æрбацу, цыма аууон дæ, ма дæ фенæд, дæхи дзы æмбæхс. Фыццаг рæстæджыты Алик Вовæйы федта, зæгъгæ, уæд-иу йæхимидæг хъуыр-хъуыр кодта, йæхицæн-иу цыдæртæ дзырдта, йæхи мидæг тыхст. Куыдфæстæмæ уыцы знæт нал урæдта. Йæ дæндæгты къæс-къæс йæ разæй хаста, йæ цæсгом-иу ахъулæттæ, хурхы тугдадзинтæ-иу адымстысты, Вовæмæ-иу балæбурдта, фырмæстæй-иу йæ дзыхы дзырд нал бадт, афтæмæй дзырдта:

– Ардæм ма цу, ай дæ хæдзар нæу, ай Беджы хæдзар у, ам дæу ницы хъуыддаг и!

– Хорз. Хорз, – лæгъстæхуызæй йын дзырдта йе 'фсымæр. Æмæ алидз. Куыд нæ дæ уына, афтæ дæхи бауурон кæн, фæскъуымты дæхи æмбæхс. Фыд æмæ мады ныхас æдзухдæр фæлмæн, хъавгæ, фæлæ уыдонмæ дæр знæт кæнын райдыдта. Раздæр Асиаты хъæбысæй атонын нæ куымдта, ныр дзы йæхи иуварс ласы, цыма йæ мад нæу, фæлæ йын æцæгæлон сылгоймаг у. Æмæ мад æмæ фыд – гъа, фæлæ Вовæ... Вовæ... Цалдæр хатты йыл Алик йæхи ныццавта, цалдæр хатты йæ цæсгом тугхъулæттæй нал зынд, йæ къухтæй ма-иу ын æй тыххæй байстой. Уый йæм иу ныхас никæд скодта, кæд ма-иу ын алидзын бантыст, уæд хорз. Дохтыртæ цалдæр хатты загътой, цалынмæ ницы фыдбылыз æрцыд, уæдмæ, сæхи бар цы рынчынтæ не сты, уыцы рынчынты рынчындонмæ йæ аласæнт. Уый та куыд? Аличчы уыцы рынчындонмæ? Сæ хъæбулы хъуамæ къалатийы бакæной. Уый никæд уыдзæн! Фыдбылыз... Стыр фыдбылызæй тæссаг у. Зонынц æй, фæлæ... Цы мад, цы фыды фæнды йæ хъæбулы уыцы æнамонд рынчындоны фенын?

Мамсыр æмæ Асиатмæ цыдæр ныфс фæзынд. Сæ хъустыл æрцыд: горæты иу дохтыр Аличчы хуызæн рынчынты дзæбæх кæны. Æцæг, æцæг?

Æлвæст, бæрзонд, йæ дыууиссæдз азæй чи ахызт, ахæм лæппулæг. Ирон. Йæ ном дæр ын базыдтой – Данел. Аличчы

фæфарста, фæрауын-бауын æй кодта, суанг ма йын йæ буар дæр басгæрста. Алцыдæр лыстæг сасирæй балуæрста. Стæй, Алик сæ куыд нæ фехъуса, афтæ Мамсыр æмæ Асиатмæ иуварс асидт æмæ ныллæг хъæлæсæй загъта: Сæ лæппу у уæззау рынчын, раздæр сæ æрбацæуын хъуыд, фæлæ алы низæн дæр сдзæбæхгæнæн ис. Алик нырма æрыгон у, йæ уæнг – тыхджын æмæ дыууæйæ – Алик йæхæдæг æмæ дохтыр – уыцы карз низыл фæуæлахиз уыдзысты.

Данел мад æмæ фыды катай хорз æмбары. Ахæм цардбæллон лæппуйы фæстæмæ цардмæ раздах, уый дохтыр нæ, фæлæ алы адæймагæн дæр йæ хæс у, уый адæймагæн удыбæстæ у æмæ йæ иумæ йæ раздæр æрдзон хуызмæ раздахдзысты.

Мамсыр æмæ Асиат цал æмæ цал дохтыримæ сæмбæлдысты, æмæ ахæм ныфсы ныхæстæ никуы никæмæй фехъуыстой. Мад йæхимидæг Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм скуывта: ацы дохтыры фæзынд сæ хъæбулæн амондмæ фæндаг фесгуыхæд. Цæуыннæ, алцæмæн дæр уæвæн ис. Цæуыннæ хъуамæ ма сдзæбæх уа сæ фырт?

Ныййарджыты зæрдæтæм рухсы цъыртт бакалд, ныфсы тæппытæ сæм фæзынд. Уыдон ма сæ лæппуйы искуы æнæнизæй куы феникой, æндæр сæ ницы хъæуы.

– Сдзæбæх уыдзæн, – загъта дохтыр фидарæй. Стæй сæм бахудт æмæ та ногæй загъта:

– Алы низæн дæр ис сдзæбæхгæнæн. Æмæ уый, Данелæн йæхи ницы хъæуы, фæлæ хостæ зынаргъ цæуынц, аслам фыды бас нæй. Рагацау сын æй зæгъы – тынг зын ссарæн сты. Уымæн хорз зонгæтæ ис Израилы æмæ кæд йæ къухы уыдоны фæрцы бафтиккой. Хъæудзæн ын аст-дæс уколы скæнын. Иу уколы аргъ, – Асиаты цæстытæ цæхæртæ акалдтой, федта зынаргъ, туджы аргъ хостæ, фæлæ ахæм зынаргъ... Иу укол... Мамсыры цæстытæ дæр уæрæх байгом сты, йæ бинойнагыл сæ æрæвæрдта. Цы кæной? Цы кæной, уый сын зындгонд у, уый æвдадзы хос у æмæ йæ цыфæнды аргъæй дæр балхæндзысты.

Дохтыр иуварс азылд, ахъуыды кæнæнт, кæд сæ амал у, уæд адрис зонынц, Данелы хæдзары дуæрттæ сын æдзухдæр гом сты.

– Ссардзыстæм, – загъта ус.

– Ссардзыстæм, – загъта лæг. Æмæ дохтыр ногæй загъта:

– Сдзæбæх уыдзæн. Æнæмæнг, – Данелæн йæ алы дзырд, йæ алы фезмæлдæй дæр цыди ныфс.

Мамсыр, Асиат æмæ Алик сæхимæ рацыдысты. Лæг æмæ усы зæрдæтæ фæрухсдзаст сты. Фæлæ уыйбæрц æхца... Æнæ ссаргæ нæй. Сæ балц фыццаг къахдзæфæй фæстæмæ æвзæр нæ рауад. Алик, горæты йæ дохтыр фена, ууыл ницы хуызы сразы уыдаид, уый æнæниз у, ницы дзы риссы. Æмæ йæ асайдтой, мæнæ Асиаты дохтырæн фенын кæнын хъæуы æмæ уый дæр æмæ Мамсыр дæр фæндæгтæ хорз нæ зонынц æмæ семæ куы рацæуид.

Лæппу сразы. Данел Асиаты æфсоны фæрстытæ акодта, стæй йе 'ргом Аликмæ раздæхта. Иу фарст, иннæ фарст. Йæхиуыл æй æрæууæндын кодта. Лæппу æрфæлмæн, æрсаст. Бæрæг у, дæсны дохтыр у. Алик не стъæлфыд, цыма йæ рагон зонгæимæ сæмбæлд, йæхи афтæ дардта. Данел ын йæ зæрдæмæ фæндаг ссардта.

Лæг æмæ ус сæхимæ, хъæумæ цæугæйæ, автобусы бадтысты фæрсæй-фæрстæм. Алик бадт фæсте, къуымы йæхи нылхъывта. Асиат цалдæр хатты ахъавыд: йæ цуры сбада, фæлæ йын куы фæхъыг уа. Æмæ Мамсыры фарсмæ сындзытыл бадæгау бадт.

Автобусæй фыццаг рахызт – рагæпп кодта Алик æмæ, цыма мад æмæ фыды нæ зоны, афтæ иунæгæй разæй сæхимæ фæраст. Цыди тагъд-тагъд. Згъордта. Адард, æмæ Асиат загъта:

– Æхца кæм ссардзыстæм?

Лæгæн дæр уый уыд йæ мæт. Кæм?.. Уыйбæрц сын æфстау чи ратдзæн? Сæ хионтæ æмæ сыхæгтæй дæр ахæм æхца никæмæ зонынц. Адæм сæ къухтæм æмхасæнтæ кæнынц. Зынаргъ, æгæр зынаргъ хостæ. Фæлæ хорз хостæ æзухдæр зынаргъ вæййынц.

Асиат Мамсырмæ разылд. Сæ хъуг ауæй кæндзысты. Дуцгæ хъуг, йæ рæуæдыл мæй дæр нæма цæуы. Уæдæ цы кæной? Æд рæуæд дзæбæх аргъ райсдзæн.

Лæг сразы. Æхсыры хуыпп, урсаг ма сæм сæ хъугæй хауд, фæлæ Алик сдзæбæх уæд, æндæр сæ ницы хъæуы.

Мамсыр æмæ Асиат сæ хъуг æд рæуæд æртæ хатты базармæ акодтой. Фыццаг хатт сæм иу адæймаг дæр не 'рбакаст, сæ цурты-иу ацыдысты. Дыккаг хатт сæ цуры иу лæг æрлæууыд, фæлæ уый дæр æлхæнæг нæ разынд. Æфсоны фæрстытæ, æфсоны ныхæстæ æмæ йæхи иуварс айста. Æртыккаг хатт, бæрзонд къæсхуыртæ лæг, цыма уый æцæг æлхæнæг уыд, афтæ сæм фæкаст. Хъуджы рагъыл цалдæр хатты йæ армытъæпæнтæ ахаста, асгæрста йæ, рæуæд дæр дзы нæ аирвæзт, сабыргай йæм бацыд æмæ йын йæ ныхыл йæ уырзтæ æрхаста. Хъуг дæр æмæ

рæуæд дæр æвзæр не сты, фæлæ сæ æгæр зынаргъ кæнынц. Аппарæнт дзы, уый се 'цæг аргъ нæу.

Асиат æмæ Мамсыр, æлхæнæг сæ куыд нæ фехъуса, афтæ иуварс азылдысты æмæ аргъæй аппæрстой. Сæ хъуг æмæ сæ сæ рæуæд, цыфæнды куы уа, уæддæр ауæй хъæуы. Дыууæ уколæн ма сын æхца нæ фаг кæны, æмæ уыйбæрц кæд искæмæй æфстау райсиккой. Нæ, уæддæр æгæр зынаргъ кæнынц сæ хъуг æмæ сæ рæуæды. Æлхæнæг иуварс ацыд. Асиат æмæ Мамсыр æнхъæл уыдысты, къæсхуыр лæг йæхи иуварс барæй айста, тæрсын сæ кæны, цыма нал æлхæны. Ныртæккæ æрбацæуудзæн æмæ аргъ дæлæмæ тæрдзæн. Æмæ ма дзы куыд аппарой? Æхца сæ æхсызгон хъæуы, зæгъгæ, уæд сæ хъуг æмæ сæ рæуæд лæвар раттой? Сæ хъуг алы бон дæр дæс-дыууадæс литры æхсыр дæтты. Æмæ уый æвзæр у? Сæ рæуæд уырды хуызæн, фырхъалæй хæрдты хауы, æппынæдзух кафгæ æмæ чъыллиппытæ кæнгæ цæуы.

Асиат æмæ Мамсыр къæсхуыр лæгмæ æнхъæлмæ кастысты, фæлæ уый нал фæзынд. Æмæ бамбæрстой, уый дæр æцæг æлхæнæг нæ уыд.

Фосы базары æппæты фæстагмæ чи баззад, уыдон уыдысты Асиат æмæ Мамсыр. Лæг сæрбосыл хæцыд æмæ хъуджы разæй цыд, ус æм уисæй æвзыста. Асиат æдзæссыг куыдта, йæхинымæр. Афтæ æнамонд цæмæн фесты? Цы кодтой Хуыцауæн? Уыцы Афганистан, йæ кой йын куы никæд фехъуыстаид, бабын сæ кодта. Æмæ та-иу йæ кофтæйы дысалгъæй уæддæр йæ цæстытæ асæрфта.

Лæг æмæ усæн сæ ныфс нæма асаст, базары бонтæм æнхъæлмæ кастысты. Æнæмæнгæй алы уæййагæн дæр йæхи æлхæнæг ис, æмæ сæ хъуг æмæ сæ рæуæдæн дæр се 'лхæнæг фæзындзæн. Фæлæ диссаг, кæмæндæр йæ сины саст куыд фæрæстмæ, уыдонæн дæр, сæ хъуг æмæ сæ рæуæд кæй нæ ауæй сты, уый хуыздæрырдæм фæци.

Горæтæй æрыхъуыст, æвдадзы хосгæнæг, уыцы фæлмæн, уæздан дохтыр Данел, дам, разынд цæстфæлдахæг, фæлитой, сайæг, бынтыцæуæг. Лæг æмæ усы нæ уырныдта. Уый та куыд? Данел цæстфæлдахæг? Фехъусæггаг ныхæстæ хорз сты, фæлæ Асиат хъуамæ йæхæдæг алцыдæр базона, æмæ горæтмæ фæцæуæг. Данелы хæдзары дуар разынд æхгæд, гуыдыр æвæрд ыл. Уæддæр цалдæр хатты бахоста. Чи йæм хъуамæ ракастаид? Сылгоймаг йæ сæр нынкъуыста, мæнæ цы рæстæджытæ скодта,

мæнæ, æууæнк никæуыл уал и. Рынчын мæгуыр у, уæлдайдæр Аличы хуызæн рынчын æмæ уымæй дæ цард араз, уый стигъ! Рынчын дын хосы тыххæй йæ уд дæр ратдзæн æмæ уымæй пайда кæн! Искæй æнамондæй дæ амонд араз. Хуыцауæй дæр ничиуал тæрсы.

Фæстаг рухсы тæпп ма Асиат æмæ Мамсыры зæрдæмæ уыцы дохтырæй калд æмæ... Асиат æцæгдзинад æнæбазонгæ нæ ацæудзæн, адæм дам-думтæй фылдæр цы кæнынц. Уыдонмæ Данел зæды хуызæн фæкаст, Лæгтыдзуарæн табу æрбауæд. Цыма Данел сæ хæрзæмбæлæг у, сæ зæххон Уастырджи, афтæ хъуыды кодтой. Æмæ, дам, цæстфæлдахæг, фæлитой!

Асиат Данелы сыхæгты рудзынг бахоста. Ракаст æм урссæр зæронд ус. Асиат ницыма загъта, ус æм йæхæдæг фæразæй:

– Сымах дæр асайдта?

Асиат æнцад лæууыд.

– Адæмы тæригъæдæй ууыл цард никæд æрхæцдзæн! Цæуынц æмæ йæм цæуынц, сæ цæссыгæй сæхи æхсынц, – дзырдта зæронд ус. Асиат базыдта, Данел йæ хæдзар кæй хуыдта, уый йæ хæдзар нæ уыд, уым цард рæстæгмæ. Цæй дохтыр уыд, медицинон институты, дам, иу аз цыдæр сахуыр кодта, стæй диплом балхæдта æмæ дохтырæй агæпп ласта. Йæ хостæ та, израилаг æвдадзы хостæ кæй хуыдта, туджы аргъ кæмæн уыд, уыдонæн балхæнæн ис алы афтечы дæр.

Асиат æмæ Мамсырæн сæ фæстаг ныфс атад. Цы фæуой? Аличчы куыд сдзæбæх кæной? Кæдæм ма фæцæуой? Мæнæ ныр дæр Асиатæн йæ хъуыды ууыл у. Алик йæ цæстытæй нæ хицæн кæны. Мамсыр дæр уæлхъæдæй тайы. Мæнæ сыл цы мæгуыры бон акодта, мæнæ! Амæл æмæ ницыуал зоныс. Викæ ма истæуыл тыхсы? Викæ ма исты зоны? Йæ рыст зæрдæ сулæфыд. Чи амард, уый цы хæлæггаг у. Асиаты цæстытæ доны разылдысты.

*1994 азы 8-æм сентябрь.*
*Уæрæсейы арæн*

## ВИКÆ

Викæйы амардыл рацыди фондз боны. Польшæмæ цы автобусы ацыд, уый Уæрæсейы арæнæй фæстæмæ æрбахызт. Йæ хионтæ æмæ йæ йе ‘мфæндаггонтæ рог хæдтулгæйы сæвæрдтой

æмæ йæ Ирыстонмæ ласынц. Машинæйы йæ куы сæвæрдтой, уæд йе 'мфæндаггонтæй кæмæндæрты зынгæ фенцондæр, æхсызгонæй сулæфыдысты.

Викæ ма уæд æгас уыд. Зыдта йæ, спъиртзаводы хицау ын фатер суæгъд кæнынæн цы бонмæ сæмгъуыд кодта, уымæй йæ сахат нæ, фæлæ минут фæстæдæр нæ ныууадздзæн. Тарст йæ сывæллæттæн: исчи сын исты фыдбылыз куы скæна. Стæй, бонкъуыри раздæр ацæудзæн сæ фатерæй, уый ма исты давы? Æмæ, йæ сæр кæм фæтъысса, ахæм къуым агуырдта. Æхца. Æхца. Алцы аразæг дæр уый уыд æмæ у. Бирæуæладзыгон хæдзæрттæм æмгæрон дæр нæ бацыд: уым иу уатон чысыл фатер дæр туджы аргъ у. Иумæйаг кæрт, цалдæргай бинонтæ кæм цæрынц, уавæртæ бæллиццаг кæм не сты, кæд уым исты йæ къухы бафтид. Æмæ ссардта... иу уат, чысыл тыргъ дзы.

Викæ сæ ног бынатмæ ацыд, спъиртзаводы директор ын цы рæстæг сæмгъуыд кодта, уымæй дыууæ боны раздæр. Æнхъæлдта, зæгъгæ, сæ фатеры хицау дæгъæлтæм æрбарвитдзæн йæ фæсдзæуинтæй искæй. Уый йæхæдæг æрбацыд. Алцыдæр федта йæхи цæстытæй, иу къуым дæр æнæсгæрстæй нæ ныууагъта. Викæ, дзаумæттæхсæн æмæ уазалгæнæн нæма аласта. Хъуыды кодта, спъиртзаводы хицау ын бустæ хуызæй зæгъдзæн, цæмæн сæ ныууагъта? Нæ йæ хъæуынц? Уымæй иу ныхас дæр не схауд. Сылгоймаг йæ сæр банкъуыста, хицау ын йæ къухдарæн йе 'нгуылдзæй куы нæ раласид. Æмæ йын æй Викæ, йе 'нгуылдз ын лыг куы кæна, уæддæр нæ ратдзæн, уый йын Хетæджы лæвар у.

Викæ æнхъæлдта, фатеры дæгъæлтæ хицаумæ куы дætта, уæд скæудзæн. Уый не скуыдта. Ныддур. Кæуын нал зыдта. Цæуыл хъуыды кæны?

Викæ къæсæрæй куы рахызт, уæд фатеры ног хицауимæ цыдæр уысм фемдзаст сты æмæ та цæмæндæр йæ сæры февзæрд: цы стыр бæллæх сыл æрцыд, цымæ, уым ацы хæрзконд, æлвæст, ногдаст, галстукджын лæппу ницы аххосджын у? Цымæ, уый арæзт нæу хъуыддаг? Сылгоймаг ницы загъта, йæ маст не срæдывта, уымæн æмæ уый уыд дурын адæймаг. Уыцы дурын адæймаг къæсæрæй куы рахызт, уæд хъуамæ цыдæр уысм зынг фестадаид, фæстæмæ цæхгæр фæзылдаид, æмæ æлвæст, хæрзарæзт, хæрздаст лæппуйы риу куыд батона, афтæ йын æй тымбыл къухæй ныххостаид, йæ ныхтæ йын йæ русты ныссагъташ æмæ йын сæ æрфарин кодтаид.

Викæ, фæстæмæ фæзилыны бæсты, йæ мидбылты бахудт. Бынмæ æрхызт, ныр кæйдæр æцæгæлон кæртмæ, æнахуыр рог æмæ æхсызгонæй. Йæ маст фæсте аззад, ныууагъта йæ. Хетæг æмæ йæ сывæллæттимæ цæрынæй кæм нæ бафсæстысты, уыцы райдзаст, парахат фатеры мидкъæсæры. Уæд не скуыдта, фæлæ сæ ног, талынг, уымæл къуымы йæ цæссыгтæ уромын нал фæрæзта æмæ йын згъæлдысты æмæ згъæлдысты.

Иу рæстæг æрæввонг, йе 'мбæрц слæууыд, йæ цæстытæ æмæ йæ цæстыбынтæ ныссæрфта æмæ йæхицæн загъта:

– Викæ, фидар лæуу, дæхи цудын ма бауадз. Хетæг фæдзæбæх уыдзæн, æмæ та алцыдæр йæ гаччы сбаддзæн. – Хетæг сдзæбæх уæд, æндæр æй ницы хъæуы. Æмæ йæм атагъд кодта. Сæ фатер сын байстой, уый нæ зæгъдзæн, цыдæр талынг, уымæл къуыммæ рахаудтой, уый кой йын не скæндзæн. Хетæг сдзæбæх уæд, æндæр æй ницы хъæуы.

Хетæг йæ къæхтыл нал слæууыд, нал сдзæбæх. Раздæр цæхæрау цы цæстытæ æрттывтой, рухс тынтæ цы цæстытæй калд, уыдоныл сау фæлм тынгæй-тынгдæр бадт, æцæгæлон хуызæй кастысты. Æмæ ма Викæйæн цы бамбарын хъуыд: фæцæуы, фæивгъуыйы, ацы зæххыл ын æппæты зынаргъдæр чи у, уыцы адæймаг. Уыцы хъуыдыйæ-иу йæ зæрдæ зæрдæйы хуызæн нал уыд, цыма цыдæр мæнг халыл ауыгъд у, дзедзырой кæны, ныртæккæ æрхаудзæн æмæ... Æмæ æрхауæд! Уымæн дæр йæ цард ницыуал у.

Фæцæуы дæ уарзон адæймаг æмæ йын дæ бон баххуыс кæнын нæу. Диссаг! Ацы зæххыл адæймагæй тыхджындæр куы ницы ис, уæд мæлæты цур афтæ æдых цæмæн у? Викæ йæхи дæр æмæ Хуыцауы дæр фарста æмæ фæрсы: дунейыл дын æппæты зынаргъдæр цы адæймаг у, уый бæсты цæуыннæ и дæ цард раттæн?

Уыцы бон... Хетæджы фæстаг бон... Фæдзæбæх. Йæхæдæг йæ хуыссæны рабадт, йæ фæлурс цæсгом фæрухсдзаст, йæ хъæлæс дæр йæхимæ æрцыд, æмæ йæм Викæйы зæрдæ фæкъæпп ласта: уый хуымæтæджы нæу. Лæг ын йæ къух райста æмæ йыл хæцыд, цыма йын алидзынæй тарст. Æви... Æви йæ цардæмбалы къухыл уый тыххæй ныххæцыд æмæ йын хæрзбон дзырдта, æви дзы йæ мидзæрдæйы куырдта: «ма мæ ауадз... ма мæ ауадз дæ цурæй, ма мæ ауадз ацы дунейæ, цæрын ма мæ фæнды...»

Хетæг æм каст, йæ цæстытæ дзы нæ иста, иу рæстæджы бахудт æмæ загъта:

– Викæ, алцыдæр хорз уыдзæн.

– Хетæг, о-о, алцыдæр хорз уыдзæн, – загъта Викæ дæр.

Фæндыд æй, палатæйæ æддæмæ разгъор æмæ искæм, адæм дæ куыд нæ уыной, ахæм ран ныххау. Уымæн æмæ æмбæрста: фæстаг хатт, фæстаг хатт ма ис йæ къух Хетæджы къухты хъæбысы... фæстаг хатт ма йæм кæсынц Хетæджы цæстытæ, фæстаг хатт ма йын хъусы йæ фæлмæн, рæвдаугæ хъæлæс, фæстаг хатт...

Хетæг сабыргай йæ сæр къулырдæм азылдта, цыма йæ хуыссæг ахсы, цыма цæмæйдæр æфсæрмы кæны. Йæ къухтæ æрлæмæгъ сты, сабыргай йæ риуыл æрхаудысты, æмæ...

– Хетæг!

– Хетæг! – йæ хъæлæс араугæ ацыд, лæгмæ ныггуыбыр, йæхи йæм нылвæста...

Викæ арæх фæхъуыды кæны: уæд Хетæг къулырдæм цæмæн азылд? Цæмæн? Цæмæй, ацы дунейæ куыд фæцæуы, уый Викæ ма фена, уый тыххæй. Йæ фæстаг минутты дæр ма ууыл аудыдта. Фæлæ уæддæр Хетæг уыцы талынг, уымæл къуым кæй нæ федта. Цалынмæ сынтæг кæртмæ айстой, цыдæр дзаумæттæ сыхæгтæм нæ ахастой, уæдмæ Хетæджы чырынæн, кæм æй æрæвæрдтаиккой, уыцы бынат нæ уыд. Адæймаг куыд фидар у! Куыд фидар у Викæ! Æвæццæгæн, æвдудон у, æндæр æнæ Хетæг куыд цæры? Æмæ ма ахæм цард дæр цард у? Мæнæ Хетæгæн цырт сæвæрдзæн æмæ йын уæд фенцондæр уыдзæн, уæд йæ зæрдæмæ рухсы цъыртт бахъардзæн. Ныр та уал... Хуыссæг... Хуыссæг æй цы тынг ахсы... Фынæй йæм цæуы... Тынг... Йæ разæй бандоны хъæлыл йæ сæр æруагъта. Цы хорз у...

## БАДДЖЕРИ

Уæдæ нæхи арæнæй дæр раирвæзтысты?.. Хуыцауæн табу. Фæлæ фæндаг нырма разæй и. Польшæмæ æмæ фæстæмæ цæугæйæ дæр, цалынмæ бынатыл сæмбæлай, уæдмæ дзагъыр цæстæй кæс, ма улæф. Æнæнхъæлæджы дыл цы ‘рцæудзæн, уымæн ничи ницы зоны. Бадджери йæ иу балц никæд ферох кæндзæн, æртæ азæй фылдæр рацыд, фæлæ цæстыты цур фегуыры.

...Здæхтысты Варшавæйæ. Нæхи арæнæй иу сæдæ æвдай километры рауадысты. ГАИ-йы кусджытæ сæ æрурæдтой. Чифæн-

дыдæр дæ бауромæд, хорзæй сæм мацæмæ æнхъæлмæ кæс. Æртæ лæппуйы. Гæххæттытæ фенынмæ Бадджеримæ ничи бацыд, æваст автобусмæ багæппытæ кодтой æмæ шофыр бамбæрста: сæ хъуыддаг хорз нæу, къæппæджы бахаудысты, адон ГАИ-йы кусджытæ не сты, адон стигъджытæ сты.

Лæппутæ алы рæтты алæууыдысты, сæ къухты дамбацатæ. Сæ иу, ныллæггомау, æнæдаст, дзуры:

– Мачи фезмæлæд. Иуварс дæр уæ чи акæса, уымæн нæмыг йæ тæккæ ныхыл сæмбæлдзæн.

Æмæ сæ ничи змæлы. Бадджери дæр, йæ бæлццæттæ дæр цавддуртæ фестадысты.

– Ацы фæндагыл кæй цæут, уый тыххæй хъалон-илци бафидут.

– Æмæ...

– Иу æмæ дæр нæ! Æхца! – Лæппуйы хъæлæс нæргæ ацыд.

– Цæй æхца ма нæм и?.. Цыдæртæ балхæдтам æмæ...

– Æхца!

– Ницыуал нæм и, гукк!

– Æхца, зæгъын æз та!

Æмæ та иууылдæр ныхъхъус сты, мæрдон хъус.

– Уæдæ афтæ у?! – Æнæдаст, ныллæггомау лæппуйы уæхскыл хызын ауыгъд, хъавгæ йæ байгом кодта æмæ дзы литыруат авг systa. – Ам цы ис, уый зонут? Бензин у. Уæдæ уæм æхца нæй? – Æмæ сабыргай, хъавгæ, цыма цыдæр ахсджиаг куыст кæны, афтæ бензин, уæгъд бынæттæ кæм уыд, уым калгæ ацыд, йæхæдæг асингæрон сбадт æмæ тамако сдымдта, æмæ фæйнæрдæм акæсы, адæмыл йæ ракæнон цъаммар цæстытæ ахæссы.

Бадджери дзагъырæй баззад, йæ улæфт фæсыкк, фырдиссагæй йæ цæстытæ рацæйхаудысты. Цы кæной? Цы фæуой? Сæмбæлд сыл Хуыцауы æлгъыст адæм. Йæ бæлццæттæ дæр... Иу сым сæ никæмæй хауы, кæрæдзимæ бакæсынц, уый дæр тæрсгæ-ризгæйæ. Исчи дзы куы фезмæла – автобус ныггуыпп ласдзæн, æмхуызонæй цæхæр фестдзысты.

Лæппу æнцад-æнцойæ бады æмæ тамако дымы, йæ сигаретæй чысыл стъæлфæн дæр æрхауд, уæд бабын сты, автобус хæрдмæ фæтæхдзæн. Сылгоймæгтæй кæмæндæрты сæ цæстытæ доны зилынц, сæ цæссыгтæ уайынц, фæлæ хъæрæй кæуын ничи уæнды.

Æнæдаст, ныллæггомау лæппу адæмыл радыгай акæстытæ кодта, йæ дзыппæй спичкæты къопп систа æмæ загъта:

– Минут ма уын и, – æмæ йе ‘мбæлттæм амоны, минуты фæстæ æддæмæ рахизæнт. – Ацы кавказæгты цæрын нал фæнды.

Бадджери иронау загъта:

– Æхца нæ раттын хъæуы. Хуыздæр гæнæн нын нæй.

Æхцатæ къухæй-къухмæ цæуынц, бензин чи бапырх кодта, уымæ бахæццæ сты. Уый спичкæты къопп нывæрдта, йæ сигарет æддæмæ фехста æмæ æхцатæ банымадта, иу хатт, дыууæ хатты æмæ йæ цæсгом ныррухс.

– Æмæ, дам, нæм нæй, – гæххæтты сыф систа, цыдæр дзы ныффыста æмæ йæ Бадджеримæ балæвæрдта. – Фæндагыл уæ исчи куы баурома, уæд-иу æм ацы гæххæтт равдисут æмæ уæ фæндаг дарддæр дардзыстут.

Сæркъуыртæ сæ машинæйы разыйæ сбадтысты. Сæ хæдтулгæ иннæ хæдтулгæты ‘хсæн атад. Бадджери, бахъуаджы сахатмæ йæм цы дон æвæрд вæййы, уый систа, æмæ сылгоймæгтæ автобусы пъол ныссæрфтой, бензины тæф фындз нал ахста, зæрдæ ницæмæуал æхсайдта, алчи йæ бадæны сбадт. Йæ бынаты сбадт Бадджери дæр, æмæ автобус фезмæлыд.

Размæ тындзы. Æхсызгонæй улæфы Бадджери. Фæндаджы хорзæх сæ уæд. Фæндагыл дæ ныфс кæмæй уа, дæ фарсмæ ахæм исчи куы уа, уæд уый амонд у. Æмæ ахæм у Геор. Ацы фæндагыл иумæ цал æмæ цал хатты рацыдысты æмæ йыл йæ зæрдæ никæд фæхудт. Æдзухдæр æм йæ уæхск æрбадары, æдзухдæр ын быцæуы хуызæн у. Ныр дæр та хорз фæцарæхст: Викæйы хæстæджытæй кæйдæр ссардта, йемæ баныхас кодта, мард ласынмæ æрбацыдысты æмæ, куыддæр нæ арæнæй æрбахызтысты, афтæ сæмбæлдысты.

Стæй æрмæст уымæн нæ фенцондæр – бæлццæттæн се ‘ппæтæн дæр. Викæмæ йæ хæстæджытæ ‘рцыдысты æмæ йæ фæласынц. Уæвгæ та, бæлццæттæй исчи йæ худын, йæ хъæрныхас фæуагъта? Хатт-иу сæ кæл-кæл афтæ райхъуыст, цыма чындзæхсæвы бадынц. Ай-гъай дæр, се ‘ппæт иу джиппы уагъд не сты, Бадджери Асиаты йæ мидбылты бахудгæ нæма федта: æдзухдæр æнкъард, сагъæсдзаст. Æхсар дæр гобийы хуызæн у, дзырд дзы тыххæй лас. Æмæ, цымæ, цæмæн æнкъард, мадзура сты? Чи сын у Викæ? Алы бон дæр зæххыцъарыл цал адæймаджы мæлы? Æмæ сыл къуыбар цæссыгæй кæуæм? Нæхи сыл марæм? Æмæ уыдонæй иу уыд Викæ. Бадджерийæн дæр уыди зын. Цæмæн? Бæллæх æрцыд йæ автобусы. Æмæ уый цы аххосджын у, фæлæ уæддæр...

Мыййаг, исчи куы ахъуыды кæна: Бадджерийы автобус æнамонд у, æмæ уый йæ бæлццæтты нымæцыл куы фæзына. Бæрæг уыдзæн. Нæ фæзындзæн.

Шофыр, йæ кабинæйы цы айдæн и, уымæй адæмыл йæ цæстытæ ахаста. Зараимæ та кæрæдзимæ фæкомкоммæ сты, кæрæдзимæ бахудтысты, кæрæдзийæ разыйæ баззадысты. Зарæ, сылгоймаг сылгоймаг цæмæй у, уыдонæй æппæтæй дæр хайджын у. Сæмбæлдзысты ма. Æнæмæнг. Бадджери йын йæ телефоны номыртæ райста, йæ адрис ын зоны. Æрмæст ыл фароны цау ма 'рцæуæд.

...Адæ автобусмæ куы 'рбахызт, уæд Бадджериимæ се 'хсæн æрцыд æрмæстдæр цалдæр ныхасы, фæлæ цæстытæ... уыдон дзырдтой, зæрдæтæ кæрæдзимæ фæндаг агуырдтой, æмæ йæ дыууæйæ дæр зыдтой: сæмбæлдзысты. Бадджеримæ афтæ кæсы, æмæ 'взагæн йæ бон зæгъын цы нæу, уый цæстытæ фæдзурынц, уыдон зæрдæйы зæгъинæгтæ раргом кæнынц.

Бадджери Адæимæ æмбæлдысты алы 'хсæв дæр. Адджын сахæттæ. Уæлвонг æнкъарæнтæ. Цыма кæрæдзи рагæй зыдтой. Дыууæ буары кæрæдзи агуырдтой, кæрæдзимæ тырныдтой, сæ иу дæр æмæ йæ иннæ дæр æмбæрста: фæнды ма сæ ноджыдæр æмæ ноджыдæр сæмбæлын. Бадджери, уæддæр уый нæлгоймаг у, лæг æмæ хъæппæрис йæхимæ айста. Æнæ дæлгоммæ ныхасæй Адæйы комкоммæ бафарста:

– Нæхимæ, горæты дæр-иу куы амбæликкам, уæд куыд уаид?

Бæрз бæласы хуызæн æлвæст, йæ туг йæ тугдадзинты артау кæмæн судзы, ахæм сылгоймагимæ кæй нæ бафæнддзæн сæмбæлын.

– Æмæ дын мæ цæстытæ ницы дзурынц? – бахудт æм Адæ.

– Дзурынц... Нæ фембæлдтытæ уыдысты адджын, фæлæ нæм æнхъæлмæ кæсынц уыдонæй адджындæр, æхсызгондæртæ.

Уæд автобус, Адæ кæдæм загъта, уырдæм, суанг йæ хæдзары бацæуæнмæ, батардта. Бадджери йæ бæлццæтты афтæ сæ хæдзæрттæм никæд фæласы. Фæлæ Адæйы... Ноджы ма йын йæ дурнад дыууæ хызыны фæндзæм уæладзыгмæ схаста, йæ тыхулæфт йæ разæй цыд, йæ хид гæргæрæй уад.

Дыууæуатон райдзаст, сыгъдæг, æфснайд фатер. Бадджери йæ къурткæ хион хуызæй раласта, бандоны хъæдыл æй æрцауыгъта. Чысыл аулæфдзæн æмæ ацæудзæн, Адæимæ изæры, науæд сомизæр сæмбæлдзысты. Сылгоймаг пецы цур цыдæр архайы. Ницы хъæуы, ма тыхсæд, кæд фæйнæ цайы. Адæ цæл-

гæнæны фынгыл коньячы авг æмæ къафетты къопп æрæвæрдта. Бадджери нæ баназдзæн, уæд æй йæ автобус ам ныууадзын хъæуы. Æртах дæр банызта æмæ афтæмæй рулыл бандзæвыд, уый нæма уыд æмæ нæ уыдзæн. Йæ къухтæ куы ахсид. Табуафси. Ваннæмæ бахызт, йæ къухтæ ахсадта æмæ рацæуы... Рацæуы æмæ... Уаты дуар æрдæггом. Лæугæйæ баззад. Сынтæджы æдзæмæй хуыссы лæг, йæ кары лæг æмæ... æмæ йæм дзагъырцæстæй кæсы. Адæ, Бадджери лæугæйæ кæй аззад, уый фæфиппайдта æмæ йыл рахæцыд. Уаты дуар бахгæдта.

– Уый мæ лæг у, фондз азы афтæ хуыссы. Инсульт. Нæ дзуры, не змæлы. Æз ам куы нæ вæййын, уæд æм, нæ сыхæгты усæн æхца фидын, æмæ уый фæкæсы, ныр сæхимæ ауад. Ма ‘фсæрмы кæн. Уæдæ æз дæр цы кæнон, адæймаг дæн, сылгоймаг...

Бадджерийæн йæ къæхтæ айсын йæ бон нал уыд, здыйы кæрдихтæ фестадысты.

Адæ йыл барджындæрæй рахæцыд: Бадджери ма ‘фсæрмы кæнæд, йæ лæг ницы зоны, ницы ‘мбары. Фæлæ уымæн йæ бон фезмæлын нал уыд, йæ къæхтæ паркетыл баныхæстысты. Кæдæм æрбахауд? Чи у Адæ?.. Цавæр адæймаг у?.. Йæ лæг удæгас, кæсы йæм, афтæмæй...

Сылгоймаг æй цæлгæнæнмæ ивазы:

– Фæйнæ цайы бацымæм, фæйнæ коньячы...

Уый Адæйы ныхæстæ хъуыста, фæлæ йæ сæр гуыр-гуыр кодта. Ницы, дам, зоны, ницы, дам, æмбары. Бадджериимæ цыдæр уысм фемдзаст сты æмæ уымæ та афтæ фæкаст: рынчын лæг алцыдæр хорз æмбары, алцыдæр зоны, уый йæ бон фезмæлын нæу, йæ бон дзурын нæу, æндæр... Бадджерийæн уый цæстытæ афтæ дзырдтой, худинаг дын нæу, ирон лæджы ном куы хæссыс, уæд?.. Дæхи бинойнагæн дын исчи афтæ, уæд...

Бадджерийы уæнгты та ногæй уазал риз ацыд, йæхимидæг ныккæрзыдта. Уаты марды хуызæн æдзæмæй цы лæг хуыссы, уый зонджын цæстытæ... цыма сæхимидæг доны разылдысты. Бадджери йæхи бирæ хæттыты бафарста æмæ ныр дæр фæрсы: «Цæуыл куыдта, цардæй мæлæты арæныл цы лæг лæууыд, Адæйы лæг, уый? Йæхиуыл? Йæ хъысмæтыл? Йæ бинойнаг Адæйыл? Бадджерийыл? Æви се ‘ппæтыл дæр иумæ?..»

Бадджери йæ къурткæ райста, йæ къухтæ, йæ цæнгтæ афтæ æнæхъару уыдысты, æмæ тарст, ныртæккæ йæ къурткæ æрхаудзæн. Цæхгæр фæзылд æмæ рацыд. Нæ! Разгъордта.

– Бадджери!.. – Йæ фæстæ райхъуыст Адæйы хъæлæс..

Фæлæ йæ уый нæ хъуыста. Йæ хъæлæс хъусын æй нæ фæндыд. Искæм, æнæнхъæлæджы фембæлой, уый дæр æй нæ фæндыд. Æмæ никæдуал сæмбæлдысты. Хæдзарæй æддæмæ куы рацыд, уæд йæ автобусы сбадыны агъоммæ, адристæ æмæ йын телефоны номыртæ цы блокноты фыст сты, уый систа æмæ Адæйы адрис æмæ телефоны номыртæ ныххæххытæ кодта, иу дамгъæ, иу нымæц дæр дзы нал зынд, сæ бæсты баззад сау тæлм, æмæ уыцы сау тæлм ныр дæр сау дары... йæ зæрдæйы.

Бадджери ныуулæфыд, кувæгау йæхицæн загъта:

– Цæй, нæ царды сау тæлмытæ къаддæр уæд. Ныр та – фæндаджы хорзæх.

Иугæр нæхи арæнæй æрбахызт, уæд хъуамæ Уастырджимæ скува. Æмæ та ныр дæр:

– Уастырджи, табу дын уæд, фæндараст нæ фæкæн! Нæ хæдзæрттыл, нæ бинонтыл æнæ фыдбылызæй, зæрдæрухсæй куыд сæмбæлæм, уыцы хорзæх нын ракæн!

Бадджеримæ афтæ кæсы, цыма, куы скувы, уæд йæ куывд Уастырджийыл æнæмæнгæй сæмбæлы, бахæццæ йæм вæййы, æмæ сæ хъахъхъæны. Æмæ ма... Йæ бæлццæттæ цыма фæхъæлдзæгдæр, фæрухсдзастдæр, фæныфсджындæр вæййынц, афтæ йæм фæдзуры йæ зæрдæ. Уырыссагæй, æндæр адæмыхаттæй дзы кæд исчи вæййы, уæд уыдон дæр Уастырджийыл сæхи бафæдзæхсынц. Ныр дæр скуыывтой:

– Уастырджи, фæндараст нæ фæкæн.

– О, Лæгтыдзуар, дæ хорзæх нæ уæд!

– Уастырджи, дæ рахиз базыры бын нæ бакæн.

– Уастырджи...

Автобус размæ тындзы. Бадджери афтæ фенхъæлы, цыма автобус дæр хъæмæ тагъддæр фæцæуы, цыма уый дæр хæдзар зоны æмæ йыл куыд тагъддæр сæмбæла, уымæ фæтырны.

## АФИНÆ

Афинæйы цæстытæ Георыл æрæнцадысты, уый раздæр бады æмæ йæм хорз нæ зыны, фæлæ йæ уæддæр, цыма хорз уыны, суанг ын цыма йæ цæсгом дæр уыны, афтæ йæм кæсы. Гъе, уый дын лæг. Лæг та алы ран дæр лæг у. Ахæмимæ цæр æмæ цæр.

Ахæм лæгимæ... Афинæ дæр цæрид. Йæ ус, йæ бинонтæ дзы хæрзаг разы сты. Геор нæ уыд, зæгъгæ, уæд сын Викæ Ирыстонмæ ласинаг фæуыдаид. Дурæй дон рауадздзæн, йе ‘нгуылдзæй къул ахуынкъ кæндзæн. Викæйы хæстæджыты телефон цалынмæ ссардта, уæдмæ нæ ныууагъта. Иу бæстæйæ иннæ бæстæмæ дзурын æнцон у? Æндæр исчи йæ къух ауыгътаид. Æндæр исчи се ‘мбæлттыл капекгур зылдаид, уый та кой дæр никæй бауагъта. Нæлгоймаг хъуамæ ахæм уа, парахат зæрдæ, ныфсдæттæг, æдзухдæр ыл банцой кæн. Мæсыг. Ахæм лæгимæ Афинæ дæр цæрид. Геор юрист нæу, афтæмæй алцыдæр зоны, цыма закъонтæ йæхæдæг фыста. Афинæ йын, сæ фатер сын куыд исынц, уый радзурид... Æмæ ма йæ цы дзуры? Хъуыддаг цæттæгонд у. Тæрхонгæнæг æмæ æвдакат – бæрæг, алцыдæр зонынц, цæттæ сты. Æхцайыл баныхас кодтой, раттынæввонг ын сты. Сæ фатер фæстæмæ сæхи кæй уыдзæн, Афинæ ууыл иу уысм дæр дызæрдыг нæ кæны. Ладæ хъахъдзыхæй аззайдзæн, акæса, лæвар æй фатер бахъуыд. Уымæн йæ фатер ахæстон хъуамæ уаид, бæргæ. Цæстфæлдахæг. Цъаммар. Афинæ сæ фатер куы райса, уæд ыл тæрхондонмæ бадæттын хъæуы. Ладæйæн йæ бынат Сыбыры бинаг къæйы ис, бæргæ, фæлæ та уый тыххæй тæрхондæттыл рахау-бахау кæн. Дæ сызгъæрин рæстæг ыл саф? Афинæйæн йæ фыццаг хæс у фатер райсын. Æмæ йæ райсдзæн, йæ бон фидарæй зæгъын у – йæхи у. Йæхиуыл æй скæндзæн. Йæ мад Тамарæ, мыййаг, куы ныууоцани уа, уæд... Ууыл æуууæнк нæй. Цыфæнды куы уа, уæддæр Афинæ фатер йæхиуыл скæндзæн, ныр æй æгуыдзæджы аххосæй нал ныууадздзæн. Уæдæ цæй тыххæй рахау-бахау кæны?.. Сцалцæг æй кæндзæн æмæ цæхæр калдзæн, йæ мад æй нал базондзæн.

Афинæ ахæм чызг нæу, æмæ, йæ размæ цы нысан сæвæра, уый æрдæгыл ныууадза, ма йæ сæххæст кæна. Цы рæстæг цæры, уый нæ зоны? Бирæгъты рæстæг. Бирæгъты æхсæнады. Кæд дыл дынджыр цыргъ къæпсыртæ ис, уæд аирвæзтæ. Фæйнæрдæм къæпп кæн, лæбур, скъæф... Бирæгътимæ ды дæр хъуамæ бирæгъ уай... Афинæйæн йæ фæндтæ конд сты. Йæ хæдзар ауæй кæндзæн, цас хъæуы, уый бæрц ма йæм бафтаудзæн æмæ балхæндзæн, адæм бирæ кæм змæлы, адæм æхсæвæй-бонæй дыууæрдæм кæм кæнынц, ахæм ран. Æмæ дзы сараздзæн афтек. Хорз, нырыккон афтек. Йæ бынат ын бæлвырд нæма зоны, фæлæ йæ цæстыты раз цал æмæ цал хатты сæвзæрд. Фены йæ, фæкæсы йæм, фæзи-

лы дзы. Райдзаст. Сыгъдæг. Æфснайд. Цы хос дæ хъæуы? Табуафси. Афинæ афтечы куыст нæ зоны, цы? Уыцы дæсныйады уый профессор у. Иу дзæбæх, æрыгон, æууæнк кæуыл и, æнæхæлд чи у, ахæм чызг ссардзæн æмæ иумæ кусдзысты. Хостæ кæцæй исын хъæуы, кæм асламдæр, кæм хуыздæр сты, уый йын амонын нæ хъæуы. Афинæйы ничи асайдзæн. Иннæ... Цы иннæ? Адæм цы кæнынц, уый дæр уый кæндзæн. Уæдæ уый цæрын нæ хъæуы? Пайда йæм куы ницы хауа, уæд цæй тыххæй кусы? Тæссаг у, хи хъахъхъæнын хъæудзæн. Æмæ алы хъуыддаджы дæр хъæуы хи хъахъхъæнын. Алы хъуыддаг дæр тæссаг у, арвæй цæттæйæ ницы хауы. Ныр... Йæхицæн та йæ цы сусæг кæны? Дуртыл дæр, дам, хъустæ и. Афинæ... Афинæйæн гæнæн куы уа, фадæттæ куы амоной, уæд... уæй... уæй кæндзæн... наркотиктæ дæр. Тыхæй сæ йæ дзыппы никæмæн тъысдзæн, фæлæ, кæй хъæуа, уый хъыджы хъуамæ цæмæн бацæуа? Æндæр ран уæддæр ссардзæн, уæддæр æндæр искæм балхæндзæн.

Афинæ бадæныл йæхи фæстæмæ ауагъта. Йæ цæстытæ бахгæдта: куы афынæй уаид. Сæ автобус мæлæты тагъд цæуы.

*КЪИБИРТИ Амурхан*

# КÆНÆН ТОХ, КÆНÆН ДОГЪ...

* * *

Ц' йадтæй дуйнебæл цæуйнаг,
Æма ци не 'рцудæй.
Ц' йадтæн æхсидзгæ зæгъуйнаг,
Æма ци не сдзурд æй.
Еци фур нимдæ æнкъарæн
Тæлфуй зæрди нурмæ.
Кæнуй цирагъеуæг тарæн,
Кæнун ибæл хъурмæ.
Нурмæти мæ еци рохсæн
Е 'скъæрнæг дæр тавуй.
Мæ реуи ма цъетей хузæн
Тайуй, тайуй, тайуй...

*2001.10.11*

## ГЪÆЗДУГ ÆМА МÆГУР

Еу гъæздугæн ихуæрст
Еу мæгур лæг адтæй.
Лæгигъæдгун тухуаст, –
Æнцойнæ нæ бадтæй.
Куста-зардта, зардта-куста.
Мæгур, фал зæрдигъал.
Зарæй хе ефхаста...
Хицæ кодта 'ймæ хъал:
– Нæййес æ дзиппи сай,
Даруй ихæстæ лæг,
Уæддæр имæ кæсай, –
Алкæддæр игъæлдзæг.

Ци еминæ æй мулк!
Бафсес нæййес цæстæн.
Ме ‘хуæрст ку æй гъæздуг,
Æцæг мæгур æз дæн.

*2016.24.05*

## ДУ

Ду маг дæ, æвæдзи.
Еугъæдон – дæ гæдзи.
Рохс дæр ми бауадзи,
Марг дæр ми ниттадзи.

Хæстæг уон, идарди,
Ду алкæд – мæ хæццæ.
Мæ идзулд, æнкъарди
Ду – мæ нифс, ма гæдзæ.

Нæ кæсгæй дæ коммæ,
Ду мæбæл «саргъауи».
Бахаун дæлгоммæ –
Ду мæ исфæлгъауи.

Æз дæуæн еу ескæд
Æрбаун æнадæ.
Фал раун зæрдесгæ,
Искæнун мудадæ.

Ду цæрис мæ уоди.
Базур мæбæл садзи.
Æгæр мæбæл уоди,
Цæрун мæ нæ уадзи.

*2016.31.05*

* * *

Исгъæздуг уæд, гъо, нæ догæ.
Мулкæн ма уæд никкæнæнтæ, –
Æрмæст нæмæ, исхъал уогæй,
Ку нæбал уа æндæр мæтæ.

Æцæгæй уæд исмæгур ан,
Исмæгур ан нæ исхъали.
Бустæгидæр ниссаугур ан.
Тар фунæй ан нæ игъали.

*2015.07.11*

* * *

Де 'фсоргъ – хуæрзхаст, аййев – дæ бадт,
Е дин бæлццон!
Тæхис фатау, тæссаг дæ над,
Арæхсгæ цо.

Дæ догъ цубур æви даргъ æй,
Е нæ 'й дессаг.
Догъи нæ расхъеун саргъæй –
Е 'йæй дессаг.

Уотид поэти нон хæссун
Нæ 'йæй дессаг.
Æфсоргъ æ барцæй ахæссун –
Е 'йæй дессаг.

*2016.03.06*

* * *

Сбидтон гъæди уосонгæ,
Æр си цæрон, гъæйдæ-ма.
Ес мин гъæуи еу зонгæ,
Фæ 'й хæссинæ гъæдæмæ.

Нæ 'й дæттунцæ хеуæнттæ
Саугустгæнæги фуртмæ.
Кизгæн конд æй æ фæндæ,
Нæ байгъосдзæй сæ дзурдмæ.

Кæндзæн æй тухрæмодзæ,
Фæ 'й хæсдзæн зуртæ-зуртæ.
Уосонгæ ниррохс уодзæй
Æ уиндæ, æ идзулдæй.

Кизгæн нæ æ хеуæнттæй
Ескетæ куд нæ сордзæй.
Хуцау, зæнхæ, нæ фæдтæ
Самур куй дæр не ‘ссердзæй.

Дзæнæтбæстæ и гъæдæ,
Бауодзæнæй нæ барæ.
Гъæйдæ, фæндур, æрцæгъдæ,
Гъæйдæ, уадиндзæ, ‘рзарæ.

Ци карз æй уарзти сæнæ, –
Иссан си синти расуг.
Тар гъæди нин фестдзæнæй
Уосонгæ æрвти мæсуг.

*2016.23.07*

* * *

Гъоппа, уингæ-уингæй
Рацæй тар талингæ.
Гъæдæ æнæбари
Ранигъулдæй тари.
Бæстæ иссибирт æй;
Тари – маргъæй сирдæй,
Тæккæ сæ хæлхъойи,
Тæккæ сæ сæргойи.
Тар мæн дæр нимпурста,
Къанцмæ мæ нивдуста...
Арви нидæн зингæй
Стъалу ку базинг æй.
Гъоппа, рохси цъита,
Тари – арви цитæ.

*2016.12.06*

* * *

Гъæди зелунцæ
Лæг æма сирд.
Лæг – хотух рæвдзæ,
Сирд ба – æнсист.

Маст истухуаст æй,
Ци ‘й сæ гъуддаг?
Кæд гъæди бæстæ
‘Ссæй син дзурддаг.

Сирд уотæ зæгъуй:
Гъæдæ сирди ‘й.
Лæг уотæ зæгъуй:
Нæгъ, мæ фиди ‘й.

Ма син æмвæрстæ
Æй зин цæрæн.
Цо, ка си раст æй,
Цо, ка хæран!

*2016.25.04*

* * *

Уоди хуасæ ‘й дæ муд,
О хуæнхаг деденæг.
Æскъетун мæ кæнис,
Ду еунæг дæ, еунæг.
Æсхъæтæг ку кæнуй
Тар æхсæви мæ фун.
Мæ фуни дæ стæфун,
Мæ фуни ди стъæлфун.
Уод иссæй æнахур
Æнкъарæнбæл æрхун,
‘Ма дæмæ сæумигон
Мудибиндзæй тæхун.

*2016.02.10*

* * *

Тæмæн калуй æрдозæ
Сæудари, сæуцъæхæй.
Ниртади æй æдосæ
Æвзестæ æртæхæй.

Нидæн уозуй рæудунгæ
Деденгути денгиз.
Нæма ‘нцæ хори тунтæ
Игуæрдæнбæл æлвист.

Дзоруй баба: – Не ‘гуæрдæн
Æ тæккæ дзæбæхи ‘й.
Гъæйдæ, биццеу, ни ‘й кæрдæн,
Цалинмæ æртæхи ‘й.

– Барæн, баба, байгъосæн,
Не ‘гъосис мæргъти зар?
Зæлланг кæнуй фалдзостæ,
Зелуй мæбæл мæ сæр.

Дзугъур уæрцци бæдæлттæ
Игуæрдæни бунæй
Сæ мадæли дæлфæдтæ
Нурма æнцæ фунæй.

Хуасгæрци хæрæгсиндзæ
Нæ райхалдæй нурма.
Тæхуй имæ мудбиндзæ,
Кæндзæй ибæл хъурмæ...

Фæлтау, баба, уадзæ мæ,
Не ‘суодзæнæн цæрдæг.
Аци уæхæн фæзæмæ
Нæ раргъувдзæн цæвæг.

*2016.23.06*

## КУРОНГÆСИ ЗАР

Бобо, Бобо, Будзула.
Æ ходæбæл – гоцора.
Хабæ-сабæ, гур-гура,
Лапуцатæ, гъур-гъур арс.
Къуæтти-къуæтти, къуæзæнæг,
Хонхи цъонгбæл дæ зæнæг.

Бобо, Бобо – куронгæс.
Æ куройнæ – кауин къæс.
Цæлхъе-уæлхъе фæззелуй,
Хуари нæмуг æууелуй.
Уодихуасæ нин инсуй, –
Метин Лæги ‘нгæс исуй.

Бобо, Бобо, Будзула.
Дæбал-дубул, идзула.
Курондзаутæн уарзон æй.
Сæ рахаст син базонуй.
Сæ рæбунти æрсеруй,
Сæ зæрди бун син еруй...

Бобо, Бобо, Будзула.
Æ ходæбæл – гоцора.
Хабæ-сабæ, гур-гура,
Лапуцатæ, гъур-гъур арс.
Къуæтти-къуæтти, къуæзæнæг,
Гъæуи æмбес – æ зæнæг.

*2016.23.06*

* * *

Æгас цæуай, мæ зæрæ!
Рæстæгæн фæммулди дæн.
Дæ дзæмбуй дæн, æрцæрæ.
Мæ уæгæ, æмпулди дæн.

Гъе нур, кæд æй дæ равгæ,
Дæ хъури мæ ниттохæ.
Кенæ мæ, фуддæрагæн,
Фури сикъай низдохæ.

*2016.11.07*

## КАФТА ТУГЪДОН

Кафта тугъдон къæрц-гъазти:
Е ‘сцирен, æ тухуасти.
Феронх си æй нерæнгæ
Æ кафæн къах, æ зæнгæ.

Фæххаудтæй ин идарди
Тугъди цæхæр, зинг-арти...
Кафта къахой е ‘цгутæй,
Æ цæнгтæ, æ лæдзгутæй.
Е ‘рфгутæ, æ цæститæй,
Æ сæццæ фæлгæститæй.
Æ резгæ билти змæлдæй,
Цæстисугти æгъзæлдæй...
Кинау зилдæй и тургъæ,
Лæгæн састæй æ тухæ.
Æруæгæ æй уалæнгæ.
Æ тухсти, хъурмæ гæнгæ,
Скудтæй: кæми ‘й мæ зæнгæ?
Фæммулди дæн, фæммæнгæ!
Фæцæй лæгæн æ гæдзæ, –
Гъазти адæн æ хæццæ
Исхъурмæ ‘нцæ се ‘цæгæй,
Кудтæнцæ хæкъурццæгæй.

*2016.03.07*

## ДЗУАПП ТОЛАЙÆН

*«Какая чушь стихи,*
*Когда в них нет печали».*
***Александр Ревич***

– Æнкъард фæууй дæ финст,
Мæгургори зарау.
Таруг нивтæй æлвист,
Изæрдари тарау.

Риндзитæбæл, цума,
Сæрисæфтмæ тæхис.
Синдзитæбæл æма
Зингитæбæл кафис...

Нæ мæ ‘скæнис, æмбал,
Кафун зарунмæ зинг.
Фал ма мин мæ зинбæл
Никки бафтауи зин.

– Лæдæрун æй бæргæ,
Ægæр хъæбæр къинзун.
Нæ базудтон, уогæ,
Æндæрхузи финсун.

Ка йæй æ цардæй боз? –
Цæрæн æма тухсæн.
Æз дæр исун зæрдрохс
Мастæй масти æхсæн.

*2016.23.11*

* * *

Кæнæн тох, кæнæн догъ:
Нæ нин ес æздæхæн,
Нæ нин ес евгъауæн.
Ку бæрзондмæ стæхæн,
Ку ниллæгмæ хауæн.

Кæнæн тох, кæнæн догъ:
Атт, нæ тох ци карз æй!
Кæрæдзей раз ахсæн.
Ка ни рауй разæй,
Фæсонтæмæ ‘й æхсæн.

Кæнæн тох, кæнæн догъ...
Ци фудмæ истæх уæн?
Ци фур уæгæ бауæн!
Ци бæрзонд истæхæн,
Ци ниллæгмæ хауæн.

*2016.20.12*

* * *

Зелуй фиддæлтиккон къада.
Резуй хуари гага фæлгури.
Стæфгæй мæлæт, кæнуй катай,
Тæлфуй æвеллон тас æ гури.

Нæййес ниви уагæн евæн,
Кæсун и нæмуги тухсæнмæ.
Е – æппунвæстаг, мах нивæн,
Тулуй дууæ фидей æхсæнмæ.

*2016.16.08*

* * *

Цардбæл ци сдессаг уæн бустæги,
Уогæй нæ бонти фулдæр тар.
Хъисмæт исбоц кæнуй ефстаги,
Æхгæд – иннетæбæл ба – дуар.

Уогæ куд бари дæ тæразæй,
Нивтæ 'йуарæги бафæрсон;
Кæмæн бадæтти æ къæразæй,
Кæмæ рахати дæ фæсон.

Кæмæн æ къере æгæр гахгун,
Æвзаргæ царвæй дæр æнхæст.
Кæмæн æ хуæрдæ æгæр цæхгун,
Æ хедæртæхæй æгæр гъæзт.

Арæх царди нивæ – къæйнихи.
Уомæн æ бадæн дæр – уæлдæр.
Хуцау, дæлазæги тæрнихи
Уадзæ еу ниви 'рдо уæддæр!

*2016.23.12*

## ЦУППАРРÆНГЪОНТÆ

* * *

Дессæгутæ: и косгутæ
Ракодтонцæ зеу.
Дессæгутæ: дæс – кæсгутæ,
Косгæ ба си – еу.

* * *

Мæгургор, ехæн гæрццæй
Коре къохæй ци слæудтæ?
Гъæздуг дин неци ратдзæй,
Мæгур ба дин ци ратта!

* * *

Рæвдзæ – къæбæлау æй,
Хъазар – æ цаца.
Косуй къæбулайæй,
Есуй хуарз æхца.

## ЗÆРОНДИ ГЪЕНЦЪУН

Ниццæй мæбæл æрвбæстæ тар.
Бæргæ кæнун мæ царди койтæ,
Фал мин мæ уоди æстæгдар
Зудæ ‘хсинунцæ незти куйтæ.

# НОГ ТÆЛМАЦТÆ

*Астрид КОЛЬМАЙЕР*

*Австриаг фыссæг æмæ театралон режиссер Астрид Кольмайер райгуырди 1983 азы. 2000-æм азæй фæстæмæ фыссы пьесæтæ, радзырдтæ, æмдзæвгæтæ. Йе 'мдзæвгæтæ мыхуыргонд цæуынц литературон журналтæ æмæ альманахты, йæ пьесæтæ йын сценæйыл æвæрынц Швейцари, Германи, Австри æмæ Люксембурджы. 2012 азы райста Австрийы Паддзахадон литературон преми.*

*Ацы æмдзæвгæтæ немыцаг æвзагæй иронмæ раивта* ***Золойты Аркади.***

## МЕЛАНХОЛИКОН САБИ

Мит пырх кодта мæ рустыл,
ныссалд-иу мæ кæл-кæл, фæлæ
ничи фæрæзта тых кæнын мæнæн –
амондджын сабийæн.
...Нал уынын, уæууа, фынтæ,
уæлдайдæр та мигътæ-тымыгътæ.
Никуы. Мæхицæй æз раджы фæлыгъдтæн.
Мæн нал ахсы абон хуыссæг.

Арæх фæмысын мæхи.
Хатгай ма фенын мæ фынты,
цыма та миты æгомыг тъыфылтæ,
кæрæдзиуыл æндæдзгæйæ,
салд зæхмæ згъæлынц мæ рустæй.

...Фыццаг хатт никæдуал уыдзæн,
нал, никæдуал.
Незаманты æрдæгфынæй сонт сабийы
йæ миттæй бамбæрзта уад...

## ПАНТЕРÆ

Пантерæ
мæ азар фæсуры.
Мæ гауызы
гæппæввонгæй бады.
Мæ фынтæ,
мæ сæнттæ мын хизы.
Мæ саумæт мын аскъуыдтæ кæны
æмæ йæ æдзæмы фæдджийыл
Хъазгæ-хъазын ысбийы.

Дæ хорзæхæй, денджыз,
хæрзæггурæггаг-иу мæм фæу.

## МÆ ФÆСТÆ

Сонт цъæхахст, сынт никæцæй зыны.
Дымгæ хизы рудзгуыты æмæ лæгдзармы.
Дон дуджы фæласы.
Тыхулæфт. Буар се 'рхъулайы бахаудта
йæ рондзы къанæуттæ æмæ гæрæнтæн.
Дуне абухы размæ, сæ размæ.
Буды тæфмæ æрымысын будтæф.
Алы сæрд иу, уыцы иухуызон, нырогмæ æмæ æдзух.
Судзаг ныронгмæ æмæ æнустæм.
Будтæф нæ аивдзæн, куы нал уон
æмæ сабийы цъæхахст куы айзæла,
уæддæр.

## ÆГÆРОН БОН

Сындæггай мæ тамако судзы,
йæ фæздæг уæларвмæ ысхилы –
цымæ йын нæ вæййы къæвдайау æртæдзæн?
Сахатæн йæ хъæрзын ыссæуы,
мæ сæрызонд бандзыг и, сдон и.
Мæ цæстæнгас зилы кæмдæрты,
мæ сахат ныхъхъæрзы – ныккæрзы, –
цымæ йын æнцойы хос нæй?

## КЪАЛАТИ

Мæ къалатийы
кувын Хуыцаумæ.
Мæ цъыбар-цъыбур æм
нæ хъуысы.
Æрзайынц мыл базыртæ,
рыхæны фыцгæйæ
фæтæхын
иу къулæй иннæмæ...
...ныфссастæй
мæ базыртæ ‘рхауынц.
Æруадзынц æмбæрзæн мæ къæсыл,
æмæ та мæ абырсы фын.

## ХÆРЗБОН

Фæлдурæг æрцардис дæ уаты,
сæ зæлтæ дæ ныхæстæн тайынц –
мæ комæй сæ хъазгæйæ ахсын.
Дæ фадыгыл де ‘хсыр æркалди,
дæ рохст дын мæ дæлларм æмбæхстон.
Фæллад æмæ ‘фхæрдæй, мæ иунæг,
ныффынæй дæ – не стын дæ разæй.
... Æхсæвыгон байсысдзæн д’ аипп
мæ рустæн сæ артимæ иумæ.

## БОН

Уад
раджы æрсабыр,
фæлæ ма йæ
фырхъалæй
фæндыди
денджызæй ануазын.
Хур
раджы æрныгуылд,
фæлæ ма йæ фæндыдис
уарыны анайын,

багъæцын, фенын,
цымæ цæмæ расайдзæн.
Фарстытæ
раджы фесты,
фæлæ ма кæмдæр
сæ сыр-сыр цыди,
æрмæст сæм хъусæг нæ уыд.
Мæ сæрызонд
раджы ысдон и,
фæлæ ма йæ каст
сæумæцъæхтæм уыд, –
фæдзедзырой кодта дыууæрдæм.
Цыма йын æхсæв
нал фаг кодта.

## РАЗДÆР

Дæ тæхгæ хъуыдытæ
мæ зæрдæйы къуымтæ ысгæрстой.
Дæ дзырд-иу мын фестади ныфс –
æнæфæлгъаугæ, сæрибар, рæвдаугæйæ.
Сонтæй кæрæдзи æмбæрстам, –
уыд не ‘хсæн æууæнк.
Дæ ныхас мæ дадзинты царды рухс уагъта,
нæхи-иу нæ амонды надтам...
Æмæ-иу цыдыстæм фыдæлты сахартæм
ныфсджынæй, æдасæй,
æмæ мын нæ бæстæйы диссæгтæ, –
раздæр кæй нæ уыдтон,
уыдон – æвдыстай.

## ДОНБЫЛ

Уад æрсабыр,
нау йæ лæууæн ссардта.
Цинæй райы зæрдæ,
бамыр цъиуты зарæг.

Нал уары,
нал дудынц рухсмæ
нæ цæфтæ.

Цыдæртæ та хъулон кæнын
хæххытæ, ыстъæлфтæй.
Мæнæ – уад,
аскъуыдта науæн йæ пæлæз,
растыгъта уымæн йæ мæстæг.
Донæй
байдзаг йæ уæлхæдзар.
Тæрсгæ-ризгæ-ыстъæлфгæ
доны был бадын...

## ÆМБАСТ

Дæ уындæй фæджих дæн,
дæ ныхас мæ бафтыдта дисы.
Æви мæ нæ бамбæрстай?
Æви дæ кæд рохуаты хитын?
Дæ ныхас нæ дыууæйыл, мыййаг, нæ уыд,
нæдæр мæ æндæвта.
Нæ уарзтыл дæ зæрдæ бынтондæр куы сивтай,
дæ къух ыл куы ауыгътай...
Нал æй æрымысыс,
æркæсы дæм хардзау, мыййаг?
Æви кæд фæкъуыхцы дæ ныхас – фæкалдис,
дæ цæстытæ разылдтай доны?..

# АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

## УÆЙЫДЖЫ ЛЫМÆН УС

*Аргъау*

.

Раджыма-раджы иу стыр хъæуыл низ сыстад æмæ сæ фæцагъта. Уыцы стыр хъæуы ма баззад иу идæдз ус æд лæппу.

Иу бон куы уыд, уæд лæппу загъта мадæн:

– Махæн ам цард нал ис, фæлæ фæлидзæм искуыдæм.

Уæд лæппу сæккой кодта йæ мады æмæ йæ фæхаста дзæгъæл хъæдмæ, адæм кæдæм не 'фтыдысты, ахæм ранмæ. Дзæгъæл хъæды лæппу йæхицæн сарæзта халагъуд æмæ зылд йæ мадмæ. Ныхсадта-иу æй, йæ дзыккутæ-иу ын ныффаста, кæрдзын-иу ын бахæрын кодта, стæй-иу йæхæдæг цуаны ацыд. Цуаны-иу куы ацыд лæппу, уæд-иу æнæмæнг хъуамæ исты амардтаид æмæ-иу афтидæй не 'рцыд. Стæй та-иу райсом сыстад æмæ та-иу базылд йæ мадмæ: ныхсадта-иу æй, йæ дзыккутæ йын-иу ныффаста, бахæрын-иу ын кодта æмæ та-иу арасти цуаны.

Иу бон куы уыд, уæд та дын лæппу араст цуаны æмæ ницæуыл фембæлд. Уæд лæппу бæрзондмæ ссыди æмæ уырдыгæй акаст. Быдыры федта хуымгæнджыты, гутоныл уыд ифтыгъд дыууадæс цæды. Уæд загъта йæхицæн: «Уыдон куы нæ бабæрæг кæнон, уæд нæй гæнæн». Ныццыди хуымгæнджытæм æмæ сын салам радта. Уыдон дæр ын салам загътой.

Уæд гутондарæн зæгъы лæппу:

– Галтæ дын хорз сты, дæхæдæг дæр хорз дæ, фæлæ дæ галты скъæрджытæ не сты хорз.

Лæппу дзуры гутондарæн:

– Аипп куы нæ уаид, уæд дын дæ галтæ æз аскъæрин, – æмæ йын гутондар бар радта.

Бауад лæппу галты скъæрджытæм æмæ сæ фæйнæрдæм ныззыввыттытæ кодта æмæ йæхæдæг галтыл бахъæртæ кодта. Галтæ гъæйттæй цæуынц. Галтæ тынг куы арæуæг сты, стыр пелтъ фæлдахын куы байдыдтой, уæд гутондар загъта йæхицæн: «Ай цыдæр тыхгæнæг у, æмæ мæ хъуыддаг хорз нæу». Гутондар

уæд стыр пелтъы бын бамбæхст. Уæд лæппу фæстæмæ радзырдта:

– Радар гутон.

Гутондар та æмбæхст уыдис. Лæппу гутондары куы нал федта, уæд галты æрурæдта æмæ æфсæн æмæ гинон баурæдта, ахаста сæ æмæ сæ бахаста куырдалæгон лæгмæ æмæ сæ фат æмæ æрдын саразын кодта.

Араст та лæппу фæстæмæ, кæцæй ракаст, уыцы бæрзонмæ æд фат æмæ æрдын. Уыцы бæрзондæй фехста фат, æмæ быдыры æртæ уæйыгæн уыд агъуыстытæ, æмæ сæ рæбинаг цæджындзы ныссагъд. Уæд лæппу загъта йæхицæн: «Æз мæ фаты фæдыл нал фæцæуддзынæн, фæлæ мæ мадмæ фæцæуон». Æртæ уæйыджы уыдысты цуаны æмæ фæйнæ æдхих бæласы, æд саджы мæрдтимæ æрцыдысты.

Куы 'рцыдысты, уæд хистæр уæйыг ауыдта фат ныхстæй æмæ дзуры кæстæр уæйыгмæ:

– Уæртæ ма цæджындзæй уыцы къæцæл рафтау.

Сыстад кæстæр уæйыг, рахæцыд фатыл æмæ йын йæ армытъæпæнтæ ахауын кодта. Хæцъилæй сæ атыхта æмæ сæ дæле æнкъардгондæй абадт.

Хистæр уæйыг æм фемдзаст æмæ йæ афарста:

– Нæ дын ракуымдта, нæ?

Кæстæр уæйыг ын загъта:

– Æнæрай дзы фæут, нæ мын ракуымдта.

Хистæр уæйыг афтæ бакодта кæстæрæн:

– Бон дæр куы фæцæуæм цуаны, уæддæр ницы аразыс, кæд дын нæхуыддæг исты баххуыс кæнæм, кæннод.

Уæд астæуккаг уæйыгмæ дзуры:

– Марадз-ма, ды йæ рафтау.

Сыстад астæуккаг уæйыг æмæ фаты мæсты риуыгъд ракодта. Уæд та дын уымæн дæр йæ къухтæ ахауын кодта, æмæ та уый дæр сæ дæле æнкъардæй абадтис.

Хистæр та йæ бафарста:

– Цы ми кæныс, нæ та ракуымдта дæуæн дæр?

Уæд та йын астæуккаг уæйыг дæр загъта:

– Æнæрай дзы фæу, нæ мын ракуымдта, дæхæдæг æм сыст æмæ йæ рафтау.

Фæгæпп кодта хистæр уæйыг, фæлæбурдта фатмæ, æмæ та уымæн дæр йæ къухтæ ахауын кодта, уымæн дæр та нæ ракуымдта, æмæ загъта иннæ дыууæ уæйыгæн:

– Искæмæн уæ исты знаггад ракодта?

Уыдон афтæ бакодтой:

– Æнæрай дзы фæут, махæн къух нал ис, æмæ нæ зонæм.

Хистæр уæйыг та сын загъта:

– Махæн ам фæцæрæн нал ис, ай у тыхгæнæджы хъуыддаг æмæ нын æнæлидзгæ нæй.

Алыгъдысты уæйгуытæ æмæ авд æфцæджы сæрты ахызтысты æмæ æстæмыл банцадысты. Лæппу райсом рабадт, ныхсадта йæ мады, йæ дзыккутæ йын ныффаста, физонæг ын сарæзта æмæ та йын кæрдзын бахæрын кодта, йæхæдæг та араст, йæ фат цы бæрзондæй фехста, уырдæм. Бæрзондæй йæ фаты фæстæ араст æмæ ныццыд уæйгуыты агъуыстмæ. Куы бакаст уæйгуыты агъуыстытæм, уæд сæ йæ зæрдæ барухс, йæ фат рафтыдта цæджындзæй, йе 'фцæджы та йæ æрæфтыдта. Æртæ уæйыджы уым ныууагътой цæджджинæгтæ æд фæллой. Лæппу кæрдзын куы бахордта, уæд ацыд, йæ мады сæккой кодта æмæ йæ æрхаста. Уым æрæнцад æмæ цæрын байдыдта.

Иу бон куы уыди, уæд та уæйгуыты хистæр дзуры йе 'фсымæртæн:

– Ацæут-ма, бабæрæг кæнут, цы хабар ис, чи æрæнцад нæ агъуыстыты.

Дыууæ кæстæр уæйыджы йын загътой:

– Махæй уырдæм ничи ацæудзæн, мах уырдæм не 'ргом дæр, нæ бæрзæй дæр нæ аздахдзыстæм, дæхæдæг кæд цæуыс, уæд ацу.

Сæнцад хистæр уæйыг æмæ йæхæдæг ацыд, æрцыд æмæ федта: ус бады хурбадæны, лæппу та уыд цуаны. Уæйыг куы федта усы, уæд лидзынмæ фæцис.

Ус æй суры фæстейæ æмæ йын дзуры:

– Æрлæуу-ма, ма тæрс, цæй тыххæй æрцыдтæ, уый мын бамбарын кæн.

Уæйыг йæхицæн загъта, цæй æрлæууон, зæгъгæ, æмæ æрлæууыд. Салæмттæ радтой кæрæдзийæн, æмæ йæ ус хæдзармæ бакодта æмæ та йæ фæрсы, цæмæн æрцыд æмæ йæ цы хъæуы. Уæйыг ын рахабар кодта, куыд ацы агъуыстытæ уыдысты уый, фат дзы сагъдæй æрæййæфтой, сæ къухтæ сын куыд ахауын кодта æфтаугæ-æфтауын æмæ куыд фæлыгъдысты, уый. Ус ын загъта:

– Уый уыд мæ фырты фат, фæлæ ныр ам нæй, цуаны ис.

Уæйыг сфæнд кодта фæстæмæ цæуын, ам лæууæн мын нæй, зæгъгæ.

Уæд ын ус загъта:

– Æрлæуу, бон-иу иумæ фæбаддзыстæм, æхсæв та дæ-иу æмбæхсгæ бакæндзынæн.

Уæйыг дæр сразы ис. Бон-иу фаг фæхъазыдысты, æхсæв та-иу æй чырыны бамбæхста.

Иу бон куы уыд, уæд ын ус загъта:

– Ацы æмбæхст цард ницы у, фæлæ лæппуйæн исты хос скæнæм.

Уæйыг загъта:

– Ауадз мæ, мæнæн уымæн мæ бон ницы бауыдзæни.

Изæры та лæппу æрцыд. Райсом та базылд йæ мадмæ: ныхсадта йæ, йæ дзыккутæ йын ныффаста, бахæрын ын кодта кæрдзын æмæ та ацыди цуаны.

Райсом та ус загъта уæйыгæн:

– Исты хос скæнæм лæппуйæн.

Уæд та йын уæйыг загъта:

– Мæнæн уымæн мæ бон ницы бауыдзæн, фæлæ йын дæхæдæг исты хос скæн.

Уæд ус загъта уæйыгæн:

– Бацамон мын, цы хос ын скæнон, æмæ йын мæхæдæг хос кæндзынæн.

Уæд ын уæйыг загъта:

– Рынчынæфсон скæн æмæ зæгъ дæ фыртæн: «Буран нæл хуы ис, æмæ кæд уый игæртæй бахæрон, уæд мын мæлæтæй тас нæу, кæннод мын æнæмæлгæ нæй».

Уæд изæры лæппу æрцыди цуанæй æмæ хæдзары федта йæ мады хъæрзгæйæ. Мад æм ауад йæ размæ хъæрзгæ-хъæрзгæ, лæппу йæ фæрсы:

– Цы кæныс, мæ мад, райсом дæ дзæбæхæй куы ныууагътон!

Мад ын загъта:

– Фæрынчын дæн, мæ фырт, æмæ мын æнæмæлгæ хос нал ис.

Уæд та йын йæ фырт дзуры:

– Цы хос дын ис, уый мын бацамон, æмæ дын æй ссардзынæн.

Мад ын загъта:

– Æхсыры цады ис буран нæл хуы, æмæ уый игæртæй куы бахæрон, уæд фервæздзынæн.

Райсом та сыстад лæппу, ныхсадта йæ мады, йæ дзыккутæ йын ныффаста, физонæг ын бахæрын кодта æмæ араст ис æхсыры цадмæ. Цæуын байдыдта быдырты лæппу, æмæ йыл сæмбæлд бæхы дзуг. Уæд æй иу байраг æрурæдта æмæ йæ фæрсы, кæдæм цæуыс, зæгъгæ.

Лæппу йын загъта:

– Мæ мад рынчын у, æмæ цæуын æхсыры цадмæ, уым ис буран нæл хуы æмæ йын уый игæртæй куы бахæрын кæнон, уæд фервæздзæнис.

Бæх ын загъта:

– Гъей, лæппу, уырдæм дæ хуызæттæ бирæ фæцыд, фæлæ сæ фæстæмæ ʻрыздæхгæ никæй федтон.

Лæппу та загъта:

– Нæй мын гæнæн, хъуамæ фæцæуон.

Уæд та йын бæх загъта:

– Дзæбæх лæппуйы хуызæн мæм кæсыс, бæхы мигæнæнтæ балхæн, æмæ æз дæр демæ ацæудзынæн, сбад мыл, афтæмæй.

Ацыд лæппу, балхæдта бæхы мигæнæнтæ, сифтыгъта бæхы, сбадт ыл æмæ афтæмæй араст.

Уæд ын бæх загъта:

– Дæ фат мын фенын кæн, фехс æй тулдзыл, æмæ кæд уым ахиза, уæд ын исты амал кæндзыстæм.

Фехста фат тулдзы æмæ дзы агæпп кодта. Сбадт бæхыл, æмæ ацыдысты æхсыры цадмæ. Куы ныввахс сты æхсыры цадмæ, уæд сæ хуы базыдта. Хуыйы комы фынкæй быдыры цады алыварс мигъ ныббадти.

Бæх дзуры лæппумæ:

– Банхъæлмæ кæс, æмæ мигъ куы ныббада, уæд хъав сæрмæ, куыд нæ фæивгъуыйай, уый дæр хъахъхъæны мах, фæлæ хъав дзæбæх.

Бадын байдыдта лæппу, æмæ дын мигъ æрбадти, уæд дын хуы дæр æрбаввахс. Ауыдта йæ лæппу, фæцарæзта хуымæ фат. Фат сæмбæлд хуыйæн йæ тæккæ ныхыл æмæ ахызти къæдзилæй.

Бæх ын загъта:

– Ардæм бирæ æрцыд тыхгæнджытæ, фæлæ-иу сæ бахордта хуы. Æз дын дæ фат тулдзыл уымæн фæлварын кодтон.

Хуыйы акъæртт кодта, рахаста йын йæ игæртæй. Раздæхти лæг æмæ бæх кæм хызтис, уым æй суагъта, йæ хъис æм радта бæх æмæ йын загъта:

– Ацу ныр æмæ-иу дæ цы бон бахъæуон, уыцы бон-иу сис хъис дæ дзыппæй, æмæ фестдзынæн дæ цуры.

Æрцыд изæры лæппу йæ хæдзармæ.

Мад та йæм рауад хъæрзгæ-хъæрзгæ æмæ йын дзуры:

– Æз дæ мæтæй ноджыдæр тынгдæр фæрынчын дæн, фæлæ ма дæ æгайтма удæгасæй федтон.

Æхсæв ын игæртæй бахæрын кодта, æмæ мад «фервæзт». Райсом та бацыд лæппу йæ мадмæ æмæ та йæм базылд: ныхсадта йæ, йæ дзыккутæ йын ныффаста, физонæг ын скодта, кæрдзын ын бахæрын кодта æмæ та араст цуаны.

Уæд та ус загъта уæйыгæн:

– Исты хос скæн мæ лæппуйæн, кæннод дæ сардаудзынæн, æмæ дæ аныхъуырдзæнис!

Уæд уæйыг старсти æмæ загъта:

– Мæнæн мæ бон ницыуал у, фæлæ ма дын иу хъуыддаг амонын, æмæ ма йын уый сараз. Дæхи та рынчынæфсон скæн, æмæ та дæ дæ лæппу фæрсдзæнис, æмæ-иу ын уæд ды зæгъ: «Иу ран ис æртæ уæйыджы, æмæ сын ис фæйнæ фæткъуыбæласы, æмæ кæд уыдонæй бахæрон, уæд фервæздзынæн, кæннод нæ...»

Æрцыди та изæры лæппу, мад та йæм рауад хъæрзгæ, æмæ та йæ лæппу фæрсы, цы та кæныс, зæгъгæ. «Мæлын, мæ хъæбул, мæлын, мæлыны йеддæмæ мын ницыуал хос ис».

Уæд та йæ лæппу бафарста:

– Цы хос дын ис, уый мын бацамон, æмæ та дын æм фæцæуон.

Мад ын загъта:

– Мæ мад æмæ мæ фыдæй фехъуыстон, зæгъгæ, æртæ уæйыгæн ис фæйнæ фæткъуы бæласы, æмæ уыдонæй чи бахæра, уымæн мæлæтæй тас нал у.

Лæппу та йын ныфс радта æмæ йын загъта:

– Æз дæу хосты тыххæй нæ бауадздзынæн мæлын, – æмæ ацыд.

Систа бæхы хъис, æмæ бæх йæ цуры февзæрд. Бамбарын кодта лæппу бæхæн, куыд æй цæуын хъæуы æртæ уæйыгмæ. Бæх æм куы байхъуыста, уæд ын загъта:

– Уырдæм бирæ дæ хуызæттæ фæцыд, фæлæ дзы фæстæмæ

ничиуал æрцыд. Ацу æмæ куырдæн саразын кæн адлийы дæргъæн зæгæлтæ æмæ сæ æрхæсс, сбад мыл, æмæ цæудзыстæм.

Лæппу æцæгдæр саразын кодта ахæм зæгæлтæ, сбадт бæхыл, æмæ араст сты.

Æртæ уæйыджы цардысты стыр галуаны. Галуанмæ куы бахæццæ лæппу, уæд уæйгуытæ кодтой фынæй. Ратыдта фæткъуы, ауагъта йæ хистæр уæйыгæн йæ риуыл, фæлæ не сыхъал уæйыг. Ратыдта та фæткъуы, ауагъта йæ астæуккаг уæйыгыл, сæмбæлд та уымæн дæр йæ риуыл, фæлæ не сыхъал. Уый фæстæ та кæстæр уæйыгыл ауагъта фæткъуы, æмæ ууыл куы сæмбæлд, уæд уый сыхъал æмæ скаст фæткъуымæ æмæ бадис кодта, нырма, зæгъгæ, рæстæг куы нæ у йе згъæлынæн, уæд куыд тагъд згъæлы. Скаст фæткъуымæ æмæ фæткъуыбæласыл ауыдта лæппуйы.

Уæйыг æм сдзырдта:

– Цы дæ, цы Хуыцау дæ æрхаста, æмæ дæ ма ныффу кæнон, цæмæй дæ искуы хохы таджы ма нытътъыссон.

Лæппу йæм дзуры уырдыгмæ:

– Фу мæ цæмæн кæныс, ныууадз мæ уырдыгмæ, æмæ стæй дæ бар дæхи уыдзæни.

Уырдыгмæ куы ‘руагъта уæйыг лæппуйы, уæд уæйыгимæ стыр тох самадтой, æмæ лæппу уæйыгæн йæ цилхъæй акъуырдта йæ авд сæры.

Бацыди та уырдыгæй æмæ та дын иннæ уæйыгимæ тох самадта æмæ та астæуккаг уæйыгæн йæ æртæ сæры акъуырдта сурæй.

Рацыди йæм хистæр уæйыг, æмæ та уымæн дæр йæ цыппар сæры акъуырдта æмæ йын загъта:

– Фæндзæм сæр мын ма алыг кæн, æмæ ам цы дзæбæхдзинæдтæ ис, уыдон дын фæдзурдзынæн.

Æмæ йын райдыдта дзурын хистæр уæйыг:

– Мах раскъæфтам мæличчы чызджы æмæ йæ нæ иу не ‘ннæмæн нæ уагъта. Уæртæ бады æрхуы мæсыджы сыгъдæгæй. Иннæ дзы уый хорздзинад ис, æмæ дзы ис суадон, æмæ дзы мард кæсаг куы стулай, уæд райгас вæййы.

Ноджы йæм радта дæс дæгъæлы, сæ иуæн йæ уæз æртæ путы, уый уыд сæ фидары дæгъæл. Лæппу уыйфæстæ хистæр уæйыгæн йæ фæндзæм сæр дæр акъуырдта. Стæй сын сæ сæртæ сцагъд кодта фидарæн йæ иу къуымы, гуыртæ иннæ къуымы, къæх-

тæ та æртыккаг къуымы æмæ цæнгтæ та цыппæрæм къуымы.

Дæгъæлæй фыццаг бакодта æрхуы мæсыджы дуар, уым федта чызджы, кæрæдзиуыл фæцин кодтой æмæ кæрæдзийы зæрдæмæ фæцыдысты.

Чызг загъта лæппуйæн:

– Мæ фыд фæцæуы алы къуыри бæрæггæнæг, æмæ фидары дуар куыд бакæнай æмæ йæ гомæй куыд уадзай.

Уæд къуыри фæстæдæр мæликк бæрæггæнæг æрбарвыста, æмæ бæрæггæнджытæ загътой, уыцы уæйгуытæ сты цагъды, зæгъгæ. Мæличчы нæ бауырныдта, схъæртæ сыл кодта, сымах, зæгъгæ, мæнæй хынджылæг кæнут, æмæ та дыккаг хатт æрбарвыста, æмæ та уыдон дæр загътой:

– Мах уыдон уæлдай ницы федтам, кæд нæ цæгъдыс, уæд нæ фæцæгъд.

Куы бауырныдта мæличчы, уæд йæхæдæг æд æфсад рараст. Куы 'рхæццæ мæликк, уæд фæрсы йæ чызджы, уæйгуытыл цы хабар сæмбæлд, уымæй. Чызг ын загъта, ницы сын зонын, зæгъгæ, уæд мæликк расомы кодта, зæгъгæ, куы нæ мын сæ радзурай, уæд уæ нæ ныууадздзынæн. Чызг ын равдыста лæппуйы, æмæ йыл мæликк дæр куыд нæ фæцин кодта, уæйгуыты кæй ныццагъта, уый тыххæй.

Мæликк загъта лæппуйæн:

– Айхуызæн æхсызгон хъуыддаг мын сарæзтай, æмæ мæ чызджы хæлар кæнын дæуæн.

Лæппуйæн дæр мæличчы ныхас уыди тынг æхсызгон æмæ сразы ис. Акодта сæ мæликк æмæ иу абонæй иннæ абонмæ чындзæхсæвтæ фæкодта.

Иу бон куы уыд, уæд загъта мæликкæн:

– Мад мын ис æмæ рынчын у, æртонут мын фæткъуытæй, æмæ йын дзы ахæссон.

Мæликк ын загъта:

– Уæдæ дын кæд мад ис, уæд æркæн дæ мады дæр, æмæ ам цæрут.

Лæппу куы араст æд фæткъуытæ, уæд æрхæццæ йæ мадмæ æмæ йæм дзуры, бакæн, зæгъгæ, дуар, æрцыдтæн. Мад куы базыдта йæ фырты æрцыд, уæд та уæйыджы амбæхста æмæ рауад йæ размæ æмæ та дзуры:

– А, дæ фæхъхъау фæуон, дæ мæтæй мæ низ дæр ницæмæ æрдардтон, æгайтма мын æрцыдтæ.

Мад та бахордта фæткъуытæй æмæ та «адзæбæх ис». Райсомы та базылдис йæ мадмæ лæппу, куыд иннæ хæттыты, æмæ та ацыди цуаны.

Уый фæстæ та райста уæйыг лæдзæг æмæ раст кодта йæ хæдзармæ.

Уæд та йын ус афтæ:

– Уæддæр ма исты хос зондзынæ æмæ мын æй хъуамæ бацамонай.

Уæйыг ын загъта:

– Уый кæмыты фæхæтыд, уый цы рæттæй æрыздæхт, уыдонæй тыхджындæр никæйы зонын, уыдон ын ницы ракодтой, æмæ йын æз дæр ницы ракæндзынæн.

Ус æй уæддæр нæ æмæ нæ уадзы æмæ йын дзуры, цæмæй ма йын исты хос бацамона. Уæйыг та йын амоны, зæгъгæ, изæры дæ фырт куы 'рцæуа, уæд-иу бад æнкъардæй, уый дæ фæрсдзæнис, цæуыл æнкъард дæ, зæгъгæ, æмæ-иу ын зæгъ: «Ды бон-изæрмæ фæцæуыс æмæ хæхты æмæ быдырты фæзилыс. Дæ уд кæм ис, уый мын зæгъ, æмæ йæ хуысар хæцъилæй сфæлынддзынæн æмæ-иу уымæ уæддæр кæсдзынæн».

Лæппу йын загъта:

– Мæ уд ис цæджындзы.

Ус цæджындзы сфæлындыдта, срæсугъд æй кодта æмæ-иу ыл цин кодта.

Уæд ын лæппу загъта:

– Ой, фесæфай, кæд цæджындзы мæ уд цы агуры.

Æмæ мад фæтæргай æмæ йын сбустæ кодта, уæдæ мæ цы джидзæг кæныс, зæгъгæ.

Уæд ын лæппу загъта:

– Ацу, фыдæбонæн дын фæуæд, мæ уд ис ме 'рдынбосы, æмæ уый æрхæсс æмæ мæ уымæй бабæтт, кæд аскъуыйа, уæд ды дæр сæфт æмæ æз дæр.

Æрдынбос æрхаста æмæ йæ уымæй бабаста, куы йыл ахæцыд, уæд æй ахауын кодта уымæй стджытæм. Ус уæйыгыл фæхъæр кодта, æмæ уæйыг чырынæй фæгæпп кодта, æфсæн дзæбугыл йæхи ныццавта æмæ дзы лæппуйы къæбутæн ахъаззаг цæф фæкодта. Лæппуйæн уыцы цæфæй йæ цæстытæ размæ рагæпп кодтой. Ахастой лæппуйы æмæ йæ баныгæдтой иу быдыры. Æрхастой егъау къæй æмæ йыл æй ныффæлдæхтой.

Иуцасдæр рæстæджы фæстæ мæликк куы фехъуыста йæ

сиахсы мард, уæд рарвыста бæрæггæнæг.

Рацыдысты бæрæггæнджытæ æд бæхтæ, æд гæрзтæ. Фæндагыл сыл схъызыд, æмæ мард цы быдыры уыдис ныгæд, уым æрæнцадысты. Бацыдысты æмæ къæйыл куы ‘рбадтысты, уæд сыл бынæй уынæргъын ссыди.

Уæд сын сæ хистæр загъта:

– Ам цæй уынæргъын цæуы, уый бабæрæг хъæуы.

Уæд сæ хистæр ныдздзырдта:

– Кæд уæликконтæй дæ, уæд сдзур, æмæ дын исты хос скæнæм.

Уый сæм дзуры:

– Уæликконтæй бæргæ дæн, фæлæ мын цы хос скæндзыстут?

Уæле та йæм дзуры уырдыгмæ:

– Мах ам бирæ адæм стæм, къæйыл схæцдзыстæм!

Сыстадысты æппæт адæм æмæ йын йæ бынмæ рухс дæр нæ ныууагътой, нæ йæ фæзыхъхъыр кодтой æмæ йæм дзурынц уæле уырдыгмæ:

– Ницы йын фæразæм æмæ цы ми бакæнæм?

Уый сын афтæ:

– Хурыскæсæнырдыгæй мацы ныууадзут, хурныгуылæнырдæм аивылут, стæй йæ мæхи бар ныууадзут.

Уалынмæ схæстытæ кодтой къæйыл æмæ йæ иуæрдæм аскъæрдтой. Ныккастысты, æмæ куырм лæг. Ахæцыдысты йыл æмæ йæ акодтой семæ мæликмæ. Мæликк стыр хæрнæг хъуамæ скодтаид йæ сиахсæн. Уæд бæгæнытæ исыныл хъуырдухæн кæнынц адæм.

Уæд сæ куырм лæг фæрсы:

– Цæуыл хъуырдухæн кæнут уыйбæрц?

Уыдон афтæ:

– Мæликкæн йæ сиахс амард, æмæ йын хæрнæг кæнæм æмæ бæгæнытæ исынæн ницы фæразæм.

Уæд сын куырм афтæ:

– Куырм дæн, фæлæ мæм агæн йæ иу хъус раттут, æмæ йæ кæдæм хæссын хъæуы, уырдæм ацæут, æмæ йæ æз айсдзынæн.

Радтой бæгæныйы аг, æмæ йæ бахаста йæ бынатмæ. Куы йæ æрæвæрдта, уæд æй бафарстой:

– Цы дæ, цы дыл æрцыд?

Уæд сын радзырдта йæ хабæрттæ, æмæ йæ мæликк куы ба-

зыдта, ай йæ сиахс у, уæд хæрнæг нал, фæлæ йæ куывдмæ фæзылдта, æмæ куывтой йæ цæрæнбонты тыххæй, æмæ мæликк загъта, хъуамæ йæ куырмæй дæр дарон.

Иу бон куы уыд, уæд мæличчы чызг худгæ æрбацыд æмæ йыл куырмæй худы.

Уæд ын уый афтæ:

– Æй, чызгай, ома мыл дæ зæрдæ не сивтай?

Чызг ын расомы кодта, зæххæй йын ард бахордта, æрмæст, зæгъгæ, худын ууыл, æмæ мард кæсæгтæ балхæдтон, æмæ сæ суадонмæ æхсынмæ куы барвыстон, уæд кæсæгтæ раудæгас сты.

Лæппу йын афтæ:

– Уæдæ кæд ахæм хос у, уæд дзы мæнæн ницыуал хос æрцæудзæн?

Чызг ын афтæ:

– Æмæ дæ цæстытæн сæ мидæг гагуытæ нал ис, æмæ ма дын цы хос хъуамæ æрцæуа!

Уæд ын лæппу афтæ:

– Дæлæ ма сæ мæ цухъхъайы дзыппы фен. Уæйыг мæ куы рацавта æфсæн дзæккорæй, уæд ма уый базыдтон, гагуытæ дзыппы кæй ныххаудтой.

Бацыди æмæ цæсты гагуытæ дзыппæй хусæй систа, бахаста сæ æмæ цæсты гагуытæ сæ бынаты бавæрдта. Барвыста чызджы суадонмæ, æмæ суадонæй куы ауагъта цæстытыл, уæд цæстытæ сæ бынаты куыд уыдысты, афтæ фестадысты. Куы ракаст, уæд мæликмæ хæрзæггурæггаг цыдысты, æмæ сын стыр хæрзæггурæггæгтæ лæвæрдта. Бамидæг æмæ стыр куывд скодта мæликк.

Куывды фæстæ та лæппу загъта:

– Хъуамæ ма ацы иу цыд акæнон мæ бæстæм.

Мæликк æй æрфарста:

– Цæмæн ма цæуыс, мад дын уыдис, æмæ дын ахæм митæ фæкодта, цæмæ йæм цæуыс?

Лæппу та уæддæр зæгъы:

– Ацы цыд ма хъуамæ акæнон.

Æрæмбырд кодта æндæхтæ, алы лыстæг дзаумæттæ æмæ цыма базаргæнæг уыд, афтæ йæхи равдыста. Ныццыд йæ хæдзармæ, салам радта йæ мад æмæ уæйыгæн, уыдон æй нал базыдтой.

Лæппу сын загъта:

– Ис мæм æндæхтæ, хъистæ æмæ æндæр лыстæг дзаумæттæ.

Уæд ын уæйыг загъта:

– Мах хъистæй тæрсгæ кæнæм, фæлæ дæм кæд æндæхтæистытæ ис, уæд балхæндзыстæм.

Уæд ус дзуры лæгæн:

– Цæй, нæ фат æмæ не 'рдын ауæй кæнæм, цы ми сæ кæнæм?

Лæппу сæ бафарста:

– Цæй фат æмæ æрдын сты, фенын ма мын сæ кæнут!

Æрхастой йæм фат æмæ æрдын, федта сæ æмæ сæ балхæдта æмæ сæ йе 'фцæгыл æрæфтыдта.

Æддæмæ куы рацыд, уæд сæм фæстæмæ баздæхт æмæ сæм дзуры:

– Галы цæвон æви хъуджы.

Уæд ус ницы бамбæрста, фæлæ уæйыг дзуры:

– Гал та цы ракодта, ай æппæт хъуджы аххос куы уыдис.

Лæппу бахста фат къуыммæ æмæ уæйыджы къубал ахауын кодта. Усмæ бацыд æмæ йын йæ дзыккутыл ныххæцыд, раласбалас æй кодта, æмæ цалынмæ не сыскъуыдысты, уæдмæ йæ не суагъта. Стæй уый фæстæ лæппу бандзæрста арт дзыккутыл дæр æмæ агъуыстытыл дæр. Йæхæдæг афардæг мæличчы хæдзармæ æмæ ма абон дæр хорз цæры йæхицæн.

Уый æрцыдмæ хорзæй цæрут.

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Америкаг нывгæнæг* ***Кристофер Уайт*** *ацы диссаджы скульптурæтæ аразы ныгуылæн техасаг æхсæлыйæ. Уыцы бæласæн ис æнахуыр диссаджы къалиутæ æмæ уидæгтæ. Уайт йæ куысты пайда кæны, чи бахуыскъ, æрмæст ахæм бæлæстæй.*













































# ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

## ИРЫСТОНЫ ИСТОРИЙЫ УАВÆРЫ ÆМÆ ЙÆ НЫФФЫССЫНЫ ХÆСТЫ ТЫХХÆЙ[1]

*(Цыбыртæгондæй)*

Советон историон наукæйы рæзындзинады тыххæй æмбал Сталины ахуырадмæ гæсгæ Цæгат Ирыстоны историкты размæ æвæрд ис ахсджиаг хæстæ.

Цæгат Ирыстоны историктæ фæстаг азты дæргъы иу цасдæр бакуыстой ирон адæмы истори ныффыссыны тыххæй æрмæг æмбырд кæныныл æмæ бæлвырд кæныныл.

Хæсты размæйы азты ахуырадон кусджыты бригад систа æмæ сбæлвырд кодта архивы стыр æрмæг. Æрæмбырдгонд æрмæджы иу хай мыхуыргонд æрцыд. Æрмæг æмбырд кæныны æмæ уый мыхуыр кæныны æмрæнхъ куыст цыдис Ирыстоны историйы хицæн проблемæтыл. Ирыстоны историйы незаманон рæстæг сахуыр кæнынимæ баст сты Уанеты З. куыст «Мыккагон цардарæзт Ирыстоны», Хъулаты Хъ. куыст «Матриархат Ирыстоны» æмæ æндæртæ. Ирыстоны феодализмы проблемæйы тыххæй фыст сты Б. Скитскийы куыстытæ «Дыгуры феодализмы тыххæй фарстайы фæдыл» æмæ йæ очерктæ «Ирон адæмы истори незаманон рæстæгæй 1867 азмæ». Ирыстоны историйы капитализмы рæстæджы фарстаты фæдыл куыстой Дзоккаты К., В. Гальцев, Г. Григоров, Хъулаты С., Тедтойты А. æмæ æндæр автортæ. Ирон адæмы культурæйы æмæ иннæ адæмтимæ ахастдзинады фарстатæ æвдыстой Б. Скитский æмæ Тотойты М. Советон рæстæджы истори сахуыр кæныныл кусынц Дзоккаты К., Цуциты Б., Хъазбегты Г., Тедтойты А. æмæ æндæртæ.

Ирыстоны историйы незаманон рæстæг равдисынæн стыр ахсджиаг сты Цæгат Ирыстоны материалон культурæйы историйы фæдыл куыстытæ, советон археологтæ кæй сæххæст кодтой, уыдон.

Ирыстоны историктæ цы куыст бакодтой, уымæн йæ хорз-

---

[1] Уацы стиль æмæ растфыссынадмæ æвнæлд не 'рцыд.

дзинад уый мидæг ис, æмæ уыдон практикон æгъдауæй бавнæлдтой ирон адæмы истори ныффыссынмæ незаманон рæстæгæй мах бонты онг. Фæлæ Ирыстоны истори сахуыр кæныныл куысты ирон историктæ æруагътой гуымиры рæдыдтæ æмæ националистон зыгъуыммæдзинæдтæ.

Ирыстоны историкты фæллæйтты мидæг рæдыдтæ æмæ зыгъуыммæдзинæдтæ сбæрæг сты, æвзагзонынады фарстаты фæдыл æмбал Сталины генион уацмыстæ мыхуырæй куы рацыдысты, уый фæстæ. ÆК(б)П-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фæндзæм пленум, «Республикæйы идеологион куысты уавæры æмæ уый фæхуыздæр кæныны мадзæлтты тыххæй» фарстайыл чи ныхас кодта, уый куыд сбæрæг кодта æмæ сæргом кодта, афтæмæй уыцы рæдыдтæ æмæ зыгъуыммæдзинæдтæ афтæ стыр сты, æмæ, уыдон бынтон нæ аиуварс кæнгæйæ, Ирыстоны историйы фæдыл куыстытæ бындуронæй ногæй нæ рацаразгæйæ, ныхас кæнæн дæр нæй ирон адæмы æцæг ахуырадон истори ныффыссыны тыххæй.

«Ирæтты равзæрд æмæ культурон ивгъуыд заман æвзаджы бæрæггæнæнтæм гæсгæ (лингвистон раздзырд ирон адæмы историмæ)», зæгъгæ, Абайты В.-йы уыцы фæллойы, æмæ «Ирон адæмы историйы фæдыл очерктæ», зæгъгæ, Б. Скитскийы уыцы уацмысты, Тотойты М., В. Гальцевы æмæ æндæрты куыстыты ирон адæмы истори æвдыст цæуы буржуазон-националистон хуызы.

Историкты стыр рæдыд уый у, æмæ ирон адæмы истори уыдон æвдыстой цытджын уырыссаг адæмы æмæ Кавказаг адæмты историйæ хицæнгондæй. Цæгат Ирыстоны историктæ бындурон цæстæнгас здæхтой ивгъуыд заманы проблемæтæм, ногдæр рæстæг лæмæгъ бæлвырд кæнгæйæ. Раст æвдыст нæ цыд ирон адæмы ахастдзинæдты фарста иннæ адæмтимæ, раззагдæр ран æвæрд цыдысты, ирæтты сæ сыхæгтæм хæстæг чи нæ кæны, фæлæ сæ дард чи кæны, ахæм æууæлтæ. Уыцы хуызы æвдыст æрцыдысты ирæтты-кæсгæтты ахастдзинæдтæ XVII–XIX æнусты рæстæджы. Уыцы фарста æвдисыны хъуыддаджы фæстаг рæстæджы фаг зындис буржуазон националист Кокиты Г.-йы тæваг, кæцы Ирыстоны æмæ Кæсæджы æхсæн ахастдзинæдты æппæт фарста здæхта феодалон бастдзинæдтæм. Ирыстоны историктæ бæлвырд не скритикæ кодтой æмæ не сæргом кодтой Ирыстоны революцийы агъоммæйы историкты мæнæ ахæм куыстыты буржуазон-националистон зыгъуыммæдзинæдтæ: Хъодза-

йы-фырты «Незаманон ирæттæ æмæ Ирыстон», кæцы мыхуырæй рацыд 1903 азы, Темырханы-фырты «Ирыстоны истори», кæцы ирон æвзагыл рацыд 1913 азы, стæй Байаты Гаппойы æмæ æндæрты буржуазон-националистон цæстæнгастæ. Афтæ, Темырханты В. йæ «Историйы» дзуры ирæтты æппæтдунеон-историон ахадындзинады тыххæй рагон заманты, зæгъгæ, дам, уыдон сæ културæ парахат кодтой Азийы æмæ Европæйы. Уый фыста, зæгъгæ, «Ирæттæ уыдысты уыцы адæм, кæцытæ фыццаг хатт æрхъуыды кодтой арт æмæ уымæ гæсгæ æлдариуæггæнæг уавæр бацахстой адæмты æхсæн». Кæнæ: «ирæттæ сæ културæ Индийыл кæй рапарахат кодтой, уымæ гæсгæ уыдон уый рапарахат кодтой Европæйыл дæр». Зын фенæн нæу, уыцы ныхæстæ кæй æвдисынц хъыхъаг национализм. Национ хæрамдзинад æмæ кæсгон адæмы ныхмæ ирон адæмы хæрамдзинад цырен кæнынмæ арæзт уыдысты Хъодзайы-фырты мысæккаг ныхæстæ.

Революцийы агъоммæйы Ирыстоны буржуазон-националистон историктæ, æцæгдзинад зыгъуыммæ кæнгæйæ, дзырдтой, Ирыстоны нæй класстæ æмæ классон тох, зæгъгæ. «Ирæттæ ныртæккæйы рæстæджы æвзарынц, – фыста Хъодзаты А. 1903 азы, – æмдзæрæнады мыккагон фазæ». Ахæм позицæтыл лæууд уыди Байаты Гаппо дæр, кæцы дзырдта, зæгъгæ, Ирыстоны нæй феодалон сословитæ. Буржуазон националисты ахæм ныхæстæ, æмбал Сталин куыд дзуры, афтæ уыдысты «сæ нацийы классон ныхмæвæрддзинæдтæ бамынæг кæныны тырнындзинад» (И. Сталин. «Марксизм æмæ национ-колонион фарста», 196 фарс).

Нæ историкты куысты стыр хъуагдзинад у, Ирыстоны советон рæстæджы истори бакусыны хъуыддаг æвзæр уавæры кæй ис, уый. Цы куыстытæ ис, уым тынгдæр æвдыст цæуы Цæгат Ирыстоны социалистон арæзтады историйы экономикон фарс. Лæмæгъ æвдыст сты ахсджиаг фарстатæ, зæгъæм, большевикон партийы ахадындзинад ирон адæмы национ æмæ социалон æфхæрындзинадæй ссæрибар кæныны хъуыддаджы, цытджын уырыссаг адæмы æххуыс Цæгат Ирыстоны хæдзарадон æмæ културон рæзындзинадæн, ирон адæмы фервæзт æндæр бæстаг лæбурджыты цагъарадæй.

Æппын фæстаг, Ирыстоны историктæ националистон стыр рæдыдтæ æруагътой, цы фарстатыл куыстой, уыдоны фæдыл.

Бындурон рæдыдтæ баст сты ирæтты равзæрды æмæ незама-

нон рæстæджы Цæгат Кавказы иннæ адæмты æхсæн ирæтты бынаты фарстатимæ, XVIII–XIX æнусы райдианы уырыссагирæтты ахастдзинæдтимæ, мюридизмы æмæ Шамилы реакцион змæлд ныддæрæн кæныны фæстæ хæххон адæмы иу хай Туркмæ аивыны, Цæгат Ирыстоны советон хицаудзинадыл тох æвдисыны хъуыддæгтимæ æмæ афтæ дарддæр.

Æвзаджы тыххæй Н.Я. Марры мæнг «ног ахуырады» бындурыл Абайты В. сарæзта антимарксистон «теори» ирон æвзаджы «дыууææрдзон» миниуæджы тыххæй, кæцы амоны, зæгъгæ, дам, ирон æвзаг сæвзæрдис иранаг æвзаг бынæттон кавказаг цæрджыты æвзагимæ баиу кæныны фæрцы.

Æвзагзонынады фарстаты фæдыл æмбал Сталины генинон уацмыстæ мыхуырæй куы рацыдысты, уый фæстæ сбæлвырд Абайы-фырты антимарксистон маррон теорийы æнæбындурдзинад ирон æвзаджы дыууææрдзон миниуæджы тыххæй. «Хæццæкæныдзинад, – амоны æмбал Сталин, – исты хуызон ног, æртыккаг æвзаг нæ дæтты, фæлæ ныууадзы æвзæгтæй иуы, ныууадзы уый грамматикон арæзт æмæ бындурон дзырдуатон фонд æмæ йын дæтты йæхи рæзындзинады химидæг закъонтæм гæсгæ рæзыны фадат. Раст зæгъын хъæуы, уыимæ иу цасдæр хъæздыгдæр кæны фæуæлахизуæвæг æвзаджы дзырдуатон сконд састæрцæуæг æвзаджы хардзæй, æмæ йæ уый лæмæгъ нæ, фæлæ йæ кæны тыхджындæр». Ирон æвзаджы фæуæлахиз иранаг хуыз æвзаг, фæлæ уый райста бынæттон кавказаг æвзæгты элементтæ дæр.

Ирон æвзаджы дыууææрдзон миниуæджы тыххæй Абайы-фырты марристон теоримæ Цæгат Ирыстоны историктæ, ирæтты равзæрды фарста æвдисгæйæ, аздæхтой æнæкритикон цæстæнгас, æмæ дзы комкоммæ спайда кодта Б. Скитский йæ «Очеркты».

Ирæтты этникон арæзты проблемæты хай у ахæм фарста, зæгъгæ, ирæттæн нымайæн ис æви нæ скифты, сарматты æмæ суанг аланты иунæг фæдонтыл этникон æгъдауæй дæр, стæй уыдоны культурæ райсыны хуызы дæр.

Абайты В., ныронг дæр марризмæй чи нæма рахицæн, уый ирæтты нымайы скифаг-сарматаг культурæйы иунæг фæдонтыл. Уымæй дарддæр, ивгъуыд заманы идеализаци кæнгæйæ, Абайыфырт мæнг уагæвæрд æвæры аланаг-ирон адæмы хаттыты историон рæзындзинады сæрмагонд фæндаджы тыххæй æмæ иннæ

адæмтæй уыдоны культурондæрдзинады тыххæй. «Сæ историон хъысмæтты миниуæгмæ гæсгæ, – фыссы уый, – ирæттæм-алантæм хъуамæ бирæ ног фембæлдтæ æмæ ахастдзинæдтæ уыдаид иннæ адæмтимæ. Сæ цæрæнуат ивыны æмæ хæстон стæрты вазыгджын даргъ фæндаг æххæссы егъау территорийыл Сабыр Океанæй Атлантикон Океаны онг».

Аланты æмæ ирæтты æмхуызоныл нымайыны мæнг тырнындзинадмæ критикон цæстæнгас здæхт кæй нæ цыди, уымæ гæсгæ Б. Скитский æппæлы, æппындæр чи нæ уыди, ахæм «ирон-аланаг бæстæйы» культурæйæ æмæ хæстон хъаруйæ.

Ирæттæ, дам, скифаг-сарматаг культурæйы иунæг фæдонтæ сты, зæгъгæ, ахæм мæнг хъуыдымæ гæсгæ фæлтæрæнтæ арæзт цыдис (Абайты В., Б. Скитский æмæ æндæртæ), нарты эпос æрмæстдæр ирæтты у, зæгъгæ, афтæ равдисыны тыххæй, уый Цæгат Кавказы æндæр адæмты æхсæн кæй рапарахат, уыцы хъуыддаг та æмбарын кодтой, ирæттæй йæ бафæзмыдтой, зæгъгæ. «Нарты эпос бындуронæй у ирон адæмы сæрмагонд национ сфæлдыстад, суанг йæ историйы скифаг-сарматаг рæстæгæй чи цæуы, ахæм» (Абайты В., Нарты эпос, статьяты æмбырдгонд, 1949 аз, 42 фарс). Ирыстоны историктæ нæ хыгътой, нарты эпос, мифологион эпос уæвгæйæ, историон бæлвырд хъуыддæгтæ æмæ цаутæ кæй не 'вдисы, уый, идеализаци кодтой «нарты æхсæнад», хуыдтой йæ ирон адæмы историйы хъæбатырдзинады рæстæг, æгæр стыр аргъ кодтой эпосы ахадындзинадæн, куыд историон гуырæнæн.

Скифаг-сарматаг æмæ суанг алайнаг культурæйæн дæр банымайæн нæй æрмæст ирон культурæйыл, кæд аланты æмæ ирæтты æхсæн этникон æмæ культурон æгъдауæй хæстæгдзинад ис, уæддæр. Ирайнаг элемент ирæтты æхсæн баззадис æрмæст куыд Хуссар-хурскæсæн Европæйы æмæ Цæгат Кавказы иранаг стыр дунейы хай, кæцы бацыд бирæ æндæр адæмты скондмæ. Ирæттæ иранаг элемент æрмæст аланаг хайы хуызы кæй райстой, ууыл дзурынц советон фæлварджытæ Е. Крупнов, П. Третьяков, А Иессен æмæ иннæтæ. А. Иессен фыссы: «термин (алан – *Дж. А.*), – терминтæ «скифы» æмæ «сарматы» хуызæн æндæр бæстаг фысджытæ арæх фыссынц бирæ адæмы хаттыты тыххæй дзургæйæ. Уымæ гæсгæ, аланты тыххæй æппæт бæрæггæнæнтæ, хатгай куыд фæкæнынц, афтæ, æнæуæлдай ныхас хæссæн нæй нырыккон ирæтты фыдæлтæм; растдæр уыдзæн афтæ ныма-

йын, зæгъгæ, ирæттæ сты аланты хайы цот, уыцы рæстæг се 'ннæ хæйттæ та баиу сты кæнæ атадысты этникон æндæр къордты мидæг» (ССР Цæдисы археологийы æрмæг æмæ фæлварæн куыстытæ, III рауагъд, 23 фарс).

Уымæ гæсгæ, ирæттæ не сты нæдæр скифты æмæ сарматты комкоммæ цот, нæдæр сæ материалон æмæ зондахасты культурæйы иунæг фæдонтæ. Алантæ, ома цæгат-кавказаг алантæ, сты æрмæст ирæтты бындурон фыдæлтæй иутæ. Ирæттæ Цæгат Кавказы иннæ адæмтæй сыгъдæгдæрæй бахъаггæдтой иранаг элементы миниуджытæ.

Ирыстоны историктæ стыр рæдыдтæ æруагътой XVIII æнусы кæроны – XIX æнусы райдианы Ирыстоны феодалон-реакцион змæлдтытæн аргъ кæныны хъуыддаджы. Ирыстоны историктæ ирон феодалты къорды сыстадтæ нымадтой национ-сæрибарадон, прогрессивон, антиколонион змæлдыл. В. Гальцев нымадта, зæгъгæ, 1830 азы сыстад уыди «ирон адæмы антифеодалон, сæрибарадон тох», «ирон адæмы сæрибарадон тохы» уæлдæр сырæзт («Ирыстоны историйы æрмæг», II том, 31 фарс). Тагаураг æлдарты уыцы реакцион сыстад сæ сæргъы феодалтæ Санаты Беслæнимæ æмæ Алыгкаты Хазбиимæ Тотойты М. нымадта «тæккæ стырдæр цауыл æппæт XIX æнусы дæргъы ирон адæмы æхсæнадон-политикон царды мидæг, хæдхæцæгады ныхмæ сæ тохы мидæг» («Цæгат Ирыстоны ахуырадон-иртасæг институты хабæрттæ», XIII том, I рауагъд, 9 фарс). Тагаураг феодалтæ Уæрæсейы ныхмæ кæй тох кодтой, уымæн рæдыд аргъгонд æрцыд Б. Скитскийы «Очеркты» дæр.

Басæттын хъæуы, мах кæй не сбæрæг кодтам, Ирыстоны историйы фарстаты фæдыл Б. Скитскийы «Очеркты» бирæ гуымиры зыгъуыммæдзинæдтæ кæй ис, уый, не скритикæ кодтам уыдоны, уый нæ фæлæ ма мах, æппæты разæй та æз, «Очерктæн» хорз аргъ скодтам мыхуыры мидæг.

Уыцы фарста сахъат, буржуазон-националистон позициты бындурыл æвдыстой буржуазон националист Кокиты Г., стæй Джанайты Алыксандр дæр.

Цæгат Ирыстоны феодалон-реакцион змæлдæн аргъ кæныны рæдыдтимæ æмæ зыгъуыммæдзинæдтимæ баст сты, Ирыстон Уæрæсеимæ кæй баиу, уыцы фарста æвдисыны рæдыдтæ æмæ зыгъуыммæдзинæдтæ дæр. Зæгъæм, Тотойты М. разы нæу, Ирыстон Уæрæсеимæ бархийæ кæй баиу, ууыл, уыцы хъуыддаг хоны

революцийы агъоммæйы буржуазон историкты-националистты мысæккаг ныхас. Рæдыд у Тотойы-фырты æндæр ныхас дæр, зæгъгæ, дам, ирон адæм Уæрæсеимæ куы баиу сты, уый агъоммæ сын уыди сæрибардзинад æмæ хæдбардзинад...

Ирыстон Уæрæсеимæ кæй фæдыл баиу, уый цыдис, Турчы агрессивон политикæйы фæдыл Кавказы цы политикон уавæр сæвзæрдис, уый æууæлты.

Турк суанг XVI æнусæй фæстæмæ хæстон бабырстытæ арæзта Цæгат Кавказмæ, кодта халыны куыст, йæ лæбурыны нысантæн пайда кодта хæххон адæмты феодалон раздзæуджытæй, Цæгат Кавказы æвæрдта пысылмон дин æмæ мюридизм, цырен кодта уырыссæгты ныхмæ хæст. Мюридизмы æххуысæй туркаг лæбурджытæ тырныдтой Цæгат Кавказы адæмты Уæрæсейы ныхмæ сыстын кæнынмæ, Цæгат Кавказ Туркимæ цæдисмæ æрбакæнынмæ.

Уæрæсемæ ирæтты тырнындзинады бындур уыдысты экономикон, социалон æмæ политикон æууæлтæ...

Централизацигонд уæрæсейаг паддзахады хицаудзинады бæрны бацæуынмæ тырнындзинад æвзæрдис Ирыстоны мидфеодалон тохы æууæлтæм гæсгæ дæр, стæй сыхаг феодалтæ Ирыстонмæ арæх бабырстытæ кæй арæзтой, уымæ гæсгæ дæр.

Уæрæсеимæ экономикон æмæ политикон æгъдауæй бахæстæг уæвынмæ ирон адæмы тырнындзинады ахъаззаг бынат ахстой социалон мотивтæ. Адæмон дзыллæтæн ахсджиаг уыди Уæрæсеимæ бахæстæг уæвын, уыдон сæ зæрдæ дардтой сæ феодалты æмæ уыдонимæ æмцæдисон кæсгон æлдæртты тыхкæныны мадзæлтты ныхмæ æххуыс райсыныл...

***ДЖАНАЙТЫ Аким***
*«Æрыгон большевик»,*
*1952 азы 15 август.*

# СЫГЪДÆГЗÆРДÆЙÆ ФÆЛÆГГАД КОДТА ИРОН ТЕАТРÆН

*Номдзыд артист Саламты Къолайы кадæн*



Ирыстоны театралон аивады æмæ культурæйы артдзæст схонæн ис горæт Æрыдон. Ардыгæй царды уæрæх фæндагмæ цы адæм рацыд, уыдонæй бирæтæ сæ курдиатæй, сæ зондæй, сæ зæрдæйы рæсугъддзинадæй кад скодтой Ирыстонæн æмæ суанг Уæрæсейæн.

Тæбæхсæуты Бало, Саламты Къола, Мерденты Юри, Лекъты Юри, Лекъты Мурат, Хъуылаты Елхъан, Реуазты Симæ, Мыстулаты Иринæ, Къуымæлæгкаты Бибо æмæ Мурат… Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран, Советон Цæдисы адæмон артист, драматург Саламты Къола фæндзай азæй фылдæр сыгъдæгзæрдæйæ фæллæггад кодта Ирон театрæн. Йæ сценæйы цы аив фæлгонцтæ сарæзта, уыдонæй сæ алкæцыдæр уыд хæдхуыз æмæ зæрдæмæхъаргæ, йæ хъайтарты сурæттæй сæ алкæцы дæр лæууы аивадуарзджыты зæрдыл, спектакльтæй йæ репликæтæ адæм дæттынц фæлтæрæй-фæлтæрмæ, цы зонды, цы та ахудыны хосæн.

Ацы аз Саламты Къолайы райгуырдыл æххæст кæны 95 азы. Уый кадæн къуырисæры, Æрыдоны кæм цард, уыцы хæдзары (Кировы уынджы 117-æм хæдзары) байгом мемориалон музей. Йæ саразынæл зæрдиагæй бацархайдтой Æрыдоны районы бынæттон хиуынаффæйады администраци æмæ РЦИ-Аланийы Парламенты депутат Саламты Анатоли. Музей гом кæныны кадджын мадзæлтты архайдтой Культурæйы министрады, Æрыдоны районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы

бæрнон кусджытæ, Ирон театры артисттæ, æхсæнадон организациты минæвæрттæ, Саламты мыггаг, Æрыдоны цæрджытæ, хиуæттæ æмæ хæстæджытæ.

Кадджын æмбырд уыд музейы кæрты. Йæ райдайæны йæ архайджытæн зæрдиаг арфæ ракодта Æрыдоны районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг Тотраты Владислав. Уый фæстæ раныхас кодтой РЦИ-Аланийы культурæйы министры хæдивæг Дудайты Чермен, Ветеранты республикон советы сæрдары хæдивæг Петр Созыкин, Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры аивадон разамонæг, УФ-йы сгуыхт артист Гуыбиаты Хъазыбег, РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг, зындгонд режиссер Бекъойты Розæ. Уый бахаста фæндон: Дзæуджыхъæуы, Саламты Къола кæм цард (*Ватутины уынджы 53-æм хæдзары*), уый къулыл дæр йæ бинойнаг УФ-йы адæмон артисткæ Беккуызарты Уарзетæимæ сын цæмæй иумæ æвæрд æрцæуа номарæн къæй. Розæйы уыцы фæндоныл æмбырдыуæвджытæ се ‘ппæт дæр сразы сты.

Фембæлды ма Саламы-фырты бирæвæрсыг курдиаты тыххæй сæ мысинæгтæ æмæ хъуыдытæ дзырдтой УФ-йы адæмон артист Вячеслав Вершинин, РЦИ-Аланийы адæмон артист Гæлæуты Анатоли, УФ-йы сгуыхт нывгæнæг Дзбойты Михал, зындгонд кинорежиссер, сценарист, РЦИ-Аланийы æмæ Уæрæсейы Федерацийы культурæйы сгуыхт кусæг Бырнацты Измаил, Саламты Къолайы чызджы чызг Дарчиты Юля. Раныхасгæнджытæн сæ хъуыдытæ Саламты Къолайы цард æмæ бирæвæрсыг сфæлдыстадон æмæ литературон архайды тыххæй гуырыдысты зæрдæйы æмæ уды æрфыты. Уый фæрцы та курдиатджын артисты, хъæбатыр хæстоны, дæсны драматурджы, зæрдæхæлар æмæ цæстуарзон хистæры сурæт цæстытыл ауад ирдæй æмæ уырнинагæй.

Саламты Къолайы номарæн бæрæгбоны сæ курдиат равдыстой Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры артисттæ Заойты Эльбрус, Тыбылты Анжелæ, Гæбуты Жаннæ æмæ фæсивæдон театр «Амыран»-ы артисттæ. Саламты мыггаджы зарæг фембæлды архайджыты размæ рахаста курдиатджын зарæггæнæг Саламты Эльвирæ.

Уый фæстæ уазджытæ бахызтысты мемориалон музейы уæрæх æмæ райдзаст уæттæм. Ам фенæн уыд Саламты Къолайы цард, хæстон фæндæгтыл æмæ сфæлдыстадон архайдыл дзурæг æрмæджытæ: къамтæ, портреттæ, къухфыстытæ, арти-

сты сценикон уæлæдарæс, документтæ æмæ æндæр цымыдисаг æрмæджытæ. Чи сæ федта, уыдон æмхуызонæй загътой, ацы мемориалон музей хъуамæ суа канд Æрыдоны цæрджыты нæ, фæлæ Ирыстоны ирон театралон аивады артдзæст. Сæрмагондæй музейæн Æрыдоны районы культурæйы управлени балæвар кодта хуызджын телевизор.

Уыцы бон ма Саламты Къолайы райгуырæн хæдзары къулыл кадджын уавæры байгом кодтой номарæн къæй. Йæ автор Уæрæсейы Федерацийы Нывгæнджыты цæдисы уæнг, зындгонд скульптор Цæргæсты Олег. Байгом æй кодтой номдзыд артисты чызг Саламты Галинæ æмæ Æрыдоны адæмон театры ветеран Хъуыдаккаты Ахарбег.

Номдзыд ирон актер, Советон Цæдисы адæмон артист, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг Саламты Къолайы райгуырды 95 азы кадæн арæзт номарæн фембæлд цæмæй æмбæлгæ уагыл ацæуа, ууыл зæрдиагæй бацархайдтой Æрыдоны районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы культурæйы управленийы сæргълæуууæг Биазырты Таймураз, РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг, зындгонд режиссер Мерденты Марат, мадзал амонджытæ РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг, газет «Рæстдзинад»-ы сæрмагонд уацхæссæг Баскаты Уырызмæг æмæ Мамсыраты Иринæ.

**_Анвараты В._**
*Газет «Рæстдзинад», 2017.29.03*



*Цъары фæрстыл:*

*2. Хуыцауы арм.*
*3. Мойсей.*
*2. Сау хъæрццыгъа.*

* * *

| | |
|---|---|
| Гл. редактор | *А. М. КОДЗАТИ* |
| Зам. гл. редактора, проза | *Б. М. ГУСАЛОВ* |
| Ред. отдела поэзии и драматургии | *К. Г. МАМУКАЕВ* |
| Шеф-редактор | *И. А. КОДЗАТИ* |
| Корректор | *З. З. КАРАЦЕВА* |
| Дизайн | *З. Р. ГУРИЕВА* |
| Компьютерный набор | *М. К. КИРГУЕВА* |

* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00107 от 10 декабря 2014 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны,
стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредитель:
Комитет по делам печати
и средств массовых коммуникаций РСО-Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Гагарина, 30.

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; зам. гл. редактора, отдел прозы – 25-20-52;
шеф-редактор, отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

Подписано к печати 18.05.17. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27.
Тираж 1100 экз. Заказ № 217. Цена свободная.
Выход из печати 28 мая 2017 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.





Индекс 73247